ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№103-104 (23.012) ● 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Тырныауз комбинатым и кІэрыхубжьэрыхухэр щызэтрихьа гуэлыр къыдэуэхмэ, щІыналъэ зыбжанэм зэраныгъэшхуэ яритынущ

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ апхуэдэ шынагъуэ къэмыгъэхъуным теухуа зэІущІэ

Куэдрэ ущытепсэлъыхьын щыІэкъым мы Іуэхум егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм, зэІущІэр къыщыдзэІуихым мыхьэнэшхуэ зэрыІэщ къыщыдзэІуихым кІуэкІуэ Юрий. КІэрыхубжьэрыхухэр (рудам щелэжьым къыщІилъэсыкІахэр) щахъумэ гуэлым хиубыдэ гидротехникэ ухуэныгъэхэр щащІауэ щытар 1966 гъэрщ икІи жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкІыу экологием шынагъуэшхуэ ират. Гуэлыр къыдэуэхмэ, ди республикэм имызакъуэу, абы Кавказым и щыналъэу нэгъуэщІитхуми зэраныгъэшхуэ яритынущ.

Химическэ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 30 зыхэлъ кІэрыхубжьэрыхуу мы щІыпІэм щызэтрихьар тонн мелуан 25-рэ мэхъу икІи иклэщыпІэкІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирамыгъэкІуэкІмэ, ахэр ди жылагъуэхэм ямызакъуэу, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм, Шэщэн Республикэм, Къалмыкъ Республикэм, Дагъыстэн Республикэм щраф псыхэм хэлъэдэнкІэ хъунущ. Мыр нобэ зэуэ къыкъуэкІа гугъуехькъым, къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий, ауэ абы иджыпсту елэжьын хуейщ. КъБР-м и Правительствэм хуэдгъэуващ зэраныгъэ зыгъэутынкІэ хъунущ щІыналъэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэхэм властымкІэ и органхэм яущІыгъуу мы Іуэхум и лъэныкъуэкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м нэсыху зэхалъхьэну, зыхуэфащэ федеральнэ Іэнатіэхэм яущІыгъуу ахэр гъэзэщІэныжкІэ хэкІыпІэхэр яубзыхуну.

ЗэІущІэм къыщІэта Іуэхум зэреплъыр зэхуаІуэтащ «Севкавгипроводхоз» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам псы хозяйствэмрэ мелиорацэмкІэ ухуэныгъэхэм я проектхэр зэхэлъхьэнымкІэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ Носов Константин, КъБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Газаев Мухътар, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Надежин Михаил, КъБР-м и Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІ Уянаев Казым, «Ай Би Си Промстрой» трест акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ Поповичь Виктор, абы и къуэдзэ Блай Борис сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Юрий хэтащ Налшык къалэм мэжджытыщІэ къыззырыщрагъажьэм теухуа дауэдапщэм

Дыгъуасэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Налшык къалэм дащІыхьыну мэжджытыщІэ къыззырыщрагъажьэм теухуа зэхьхьэм.

Дауэдапщэм кърагъэблэгъащ Пятигорск, Черкесск щІыналъэхэм я христиан жэмыкьэтым хьихьэ Налшык округым и Іэтащхьэ Валентин, Налшык къалэм и бгырыс журтхэм я дин зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и раввин нэхъыщхьэ Шабаев Леви, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр хуэунэтІащ республикэм зэпІэзэрытыныгъэр щыгъэбыдэным, дин зэмылІэужьыгъуэхэм итхэр зэгурыгъэІуэным, щІалэгъуалэр мэсхьэб егъэлеяхэм ящыхьымэным, жиІащ КІуэкІуэ Юрий. Республикэм и властыр дяпэкІи зэрыхуэзфІэкІкІэ ядэІэпыкъунущ дин зыІыгъхэм. КъБР-м и унафэщІым къыхигъэщхьэхукІащ мэжджытыщІэр хуэунэм абы къеГъэщІыпІа жэмыхьэтым и мызакъуэу республикэм ис псори жыджэру хэтыну зэрыщыгугъыр.

МэжджытыщІэм фІащынущ Кавказ Ищхъэрэм нэхъ пщІэшхуэ зиІэ и дин лэжьакІуэхэм ящыщу щыта Пщыхьэщ1э Анас хьжьым и цІэр. Абы и гъащІэ псор хуиГъэпсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэ щыІэным икІи щІалэгъуалэм ящыщ куэд гъузэгу тэмэмым тригъэувэжащ. Ар 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м щІэпхъаджащІэхэм яуклащ. Диныр тегъэщІапІэ ящІурэ, а лъэхъэнэм бандитхэр ещанкІуэрт зи республикэр нэгъэсауэ фІыуэ зыльагъуэхэм, абы гурэ псэкІэ хуэлажьэхэм. Апхуэдэ щІыкуэхэм ящыщт Пщыхьэщ1э Анас.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталий республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ дин зыІыгъхэм зэпымыууэ зэрызыщІагъакъуэм папщІэ. Абы хэхуэу къигъэльэгъуащ щІалэгъуалэм емызэщыжу ядэлэжьэн, абы-хэм я зэхэщІыкІымрэ щІэныгъэмрэ къэІэтын зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэр хуэзащ Пятигорск, Черкесск щІыналъэхэм я христенхэм я Іэтащхьэм

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Пятигорск, Черкесск щІыналъэхэм я христенхэм я Іэтащхьэ архиепископ Феофилакт хуэзащ. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ КъБР-м зэгурыІуэныгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щыгъэбыдэным пыщІа Іуэхуэхэм.

Дин зэмылІэужьыгъуэхэм я зэпыщІэныгъэхэм КъБР-м зыщагъэжьи икІи абы ди жылагъуэм я зэкъуэтыныгъэр егъэбыдэ, къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий. Абы хуэгъэзэ лъэбакъуэщІэу увынущ Налшык къалэм Марие Магдалинэ и члисэр къыззырыщызэІуахар.

- Нэхъ япэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъыщыкІуэкІэ, «дунейр къыззщІиуфІыцІэу» къытщыхъуу, гущтэгулэу дыщытт. Нобэ щытыкІэм зихъуэжащ. Иджы диным пыщІа щІыпІэхэм тхьэ щелъэІуну республикэм цІыху куэд къокІуэ, сыту жыпІэмэ, ефІэкІуэныгъэмрэ шынагъэншагъэмрэ зэтеувэжащ.

КъБР-м щыщыІам Феофилакт тхьэлъэІу щригъэкІуэкІащ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Совхознэ жылэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэвдз

2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кърагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІрагъэдз «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал ІуэхущІапІэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и пощт ІуэхущІапІэ псоми.

Республикэм и пощт лэжьакІуэхэм цІыхухэм Іэ зыщІадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым къриубыдэу унагъуэхэм хуахьынущ е ахэр пощтым и ІуэхущІапІэхэм къыщеІызыхьыну хуейхэм апхуэдэ Іэмал иратынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыным пыщІа Іуэхуэхэм фэ нэхъ зэпкърыхуэ щыгъуазэ зыщифщІ хъунущ пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэмэ.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал ІуэхущІапІэм и къудамэу КъБР-м щыІэ.

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ апхуэдэ шынагъуэ къэмыгъэхъуным теухуа зэІущІэ

ЗэІущІэм къыщІэта Іуэхум зэреплъыр зэхуаІуэтащ «Севкавгипроводхоз» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам псы хозяйствэмрэ мелиорацэмкІэ ухуэныгъэхэм я проектхэр зэхэлъхьэнымкІэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ Носов Константин, КъБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Газаев Мухътар, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Надежин Михаил, КъБР-м и Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІ Уянаев Казым, «Ай Би Си Промстрой» трест акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ Попович Виктор, абы и къуэдзэ Блай Борис сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

Зытедухуам тету йокІуэкІ

Социальнэ Іэнатіэм теухуауэ дубзыхуа пСори 2014 гъэм кьанэ щымыІэу зэдгъэхьулІащ. Республикэм мазэ улахуэр ику иту сом мин 20-м щынэсащ, ар ипэ ита илъэсым елъытауэ процентэ 7,5-кІэ нэхъыбэщ. ЕгъэджакІуэхэм, дохутырхэм, адрей медицинэ лэжьакІуэхэм, социальнэ лэжьакІуэхэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм ягъуэва пщалъэхэм ткІийуэ тету хыдогъахъуэ. Объекти 155-рэ духащ. Апхуэдэщ сабий гъэсапІэщІэхэр, еджапІэхэр, узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1апІэхэр, спорт комплексхэр, щэнхабзэмкІэ центрхэр, гъуэгухэр.

«Российская газета», 2015 гъэ, №117

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 28-м
№268-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2015 гъэм и гъатхэ сессиер щиухынымрэ бжьыхьэ сессием щищІидзэнымрэ ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и 1 Іыхьэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2015 гъэм и гъатхэ сессиер щиухыну, бжьыхьэ сессием щищІидзэну пІалъэхэр гъэувын къызэрызэхІэлъыкІуэм хуэдэу 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-мрэ фокІадэм и 8-мрэ.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта мазэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 28-м
№268-П-П

Зэхыхьэм фрагъэблагъэ

● Гу зытытапхъэ

2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щІыхубэ усакІуэ, СССР-м-рэ РСФСР-мрэ я къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын Налшык дэт и фэеплъым удэ гъэгъахэр сыхьэт 11-м тралъхьэнущ, усакІуэр дунейм щехьажа махуэм ирихьэлІэу. УсакІуэр щыпсэуа Шэджэм къалэм дэт унэ-музейм сыхьэт 12-м кІэуэнущ.

Зэхыхьэхэм фыхэтыну фрагъэблагъэ.

Сыт хуэдэ Іэщэри щигъэувыну хуитщ

Кърымыр УФ-м къыззрыхьыхьэжар бдзэжьей къупщхьэу я бгъэм телъщ Украиинэм и унафэщІхэм икІи а щІыналъэр езыхэм зэрамеижым евэлІэн мурад яІэу фэ еплъыркъым.

Абы щІыхьэт техъуэ щапхъэхэр куэду къыпхуэхьынущ. Псалъэм папщІэ, абы-хэм яхьуфбжэ хъунущ НАТО-м хэт къэралхэм я МИД-хэм я Іэтащхьэхэр хэту Анталье щекІуэкІа зэІущІэм Украиинэм и лІыкІуэм къыщипсэльар.

«Кърымым ядернэ Іэщэхэр иригъэувэмэ, Урысейм дуней псом и пащхьэ щиІэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэр къызэпиудауэ къэлъытапхъэщ, абыхэм ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуным техуэу къыдэуэнынгъэхэри хэту», - жиІащ Украиинэм нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министр Климкин Павел. И къэпсэльэныгъэм и кІэухми абы дунейпсо жылагъуэр къыхуриджащ апхуэдэ лъэбакъуэхэр Урысейм ичыну хуежьэмэ, ар къыхуямыдэу Іэмалу щыІэмкІэ къыпэувынну.

«Урысейр, шэч хэмылъу, хуитщ и ядернэ Іэщэхэр езым и дэтхэнэ щІыналъэми, абы Кърым хытІыгунькъуэри хэту, иригъэувэну, апхуэдэу щІищІэн щхьэусыгъуэ къыкъуэкІмэ», - Климкиным апхуэдэ жэуап иритыжащ УФ-м Нэгъуэщ1 къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм Іэщэхэм земыгъэубгъуным-рэ абыхэм якІэлъыплъымкІэ и департаментым и унафэщІ Ульянов Михаил.

Мысакъыныгъэм къиша хэщІыныгъэшхуэ

Сыбырым и мэзхэм зэраныгъэшхуэ къыщахьащ мафІэсхэм. Мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу а щІыналъэм мафІэс 39-рэ щыІэу ятхащ.

Псори зэхэту абыхэм яубыдащ гектар мин 48-м щІигъу. МафІэсхэм зэраныгъэшхуэ къыщахьахэм ящыщщ Забайкальскэ, Красноярскэ крайхэр, Буряти ер, Иркутск областыр. Пэжщ, ахэр тІэкІу нэхъ кІащхъэ хъуащ иджыпсту - мэлыжьыхьым и 30-м я щІыналъэм мафІэс 64-рэ щыІащ, гектар мин 205-м нэблагъэ къызэщІиубыдэу. Сыбыр федеральнэ округым мафІэсхэм щапэщІэтщ щыІуэ миным щІигъуэ технико зэмылІэужьыгъуэу 160-м нэблагъэрэ.

МафІэсхэр нэхъыбэу къызыхэкІауэ къальытэр гъавэ щІапІэхэм и удзыжьхэр щагъэсым хабзэхэм зэрытемытащ. Итырыгъуэхэр щагъэсым жьышхуэ кьепщэри, мафІэр мэзхэми яридзащ - аращ къахутар а Іуэхур зэхэзыгъэкІыну пщэрылъ зыщащІахэм. Сом мелард бжьыгъэхэр хэщІыныгъэ хъашащ апхуэдэ мысакъыныгъэхэм.

♦Черногориием егъэльапІэ къэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр. Абы и парламентым а Іуэхум теухуа унафэ 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м къищта нэужь, Черногориер зыми и унафэ щІэмыт къэрал щхьэхуэу зэрыщытыр дунейм и къэрал псоми къанэу щымыІэу къальытауэ щытащ. А гъэ дыдэм мэкъуауэгъуэм и 28-м ар хагъэхьауэ щытащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм.

♦1864 гъэм Урысейм япэ зоосадыр къыщызэІуахащ.

♦1907 гъэм ЕтІуанэ Къэрал Думэр зэбграуТІыпщыкІыжащ.

♦1930 гъэм къэралым Іэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныкІэ и советым унафэ къыщитащ Беломор-Балтие кІэнауэр щІыным теухуауэ. Абы хы Хужьымрэ Онегэ гуэлымрэ зэпищІэнут.

♦1943 гъэм Налшык лы комбинатыр зэфІэгъэувэжьын яухащ.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, сайтым папщІэ тхьылъ куэд къыдэзыІуа тхакІуэ **Тамбий Александр** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шал Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист, Урысей артиадэм и лауреат **Багъэтыр Нинэ** къыщалъхуа махуэщ

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ **Ещтрэч Сультан** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Кубаным и къэрал, политикэ лжьакІуэ, Успенскэ куейм рэ Армавир къалэмрэ я Іэтащхьэу щыта, Краснодар крайм и губернаторым и япэ къуэдзэ **Хьэту Жамболэт** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ псынщІэм щиІэ зэфІэкІкІамкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа, Олимп Джэгуэм тІэунэйрэ щытекІуа **Исинбаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр щІыпІэм и градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъыгъэкІуэным хуэунэтІа и лъэныкъуищ комиссэм и зэщІэгъэуІуэкІуэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэм социальнэ зэдзейуэ щызэхущытынымрэ Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №50-РЗ-м, 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащтам, и 16-нэ статьям и 1 Іыхьэм ипкъ иткІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъыгъэкІуэным хуэунэтІа и лъэныкъуищ комиссэм и зэщІэгъэуІуэкІуэм и Іуэхукіэ.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъыгъэкІуэным хуэунэтІа и лъэныкъуищ комиссэм и зэщІэгъэуІуэкІуэм и Іуэхукіэ» къыдигъэкІа Указ №184-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм къыщыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 29-м
№73-УГ

● Хъыбар гуапэ

Къэралым и Президентым и гулытэ

Сабийхэр гъэсэным, унагъуэ хабзэхэр гъэбдэкІыным щаІэ фІыщІэхэм папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым 2015 гъэм накъыгъэм 22-м Іэ зытридза Указ №258-м ипкъ иткІэ «Адэ-анэм я щІыхь» орденыр къыхуагъэфэщащ **Гайворонский** Николай Александр и къуэмрэ **Гайворонская** Людмилэ Алексей и пхъумрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, и 4-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, и 4-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм деж егъэхьын Іэ щІидзэ хэІущІыІу ищын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№214-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, и 4-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщитащ 2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м

Статья 1

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимным и Іуэхукіэ» 1994 гъэм щыщхьэуІум и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №13-РЗ-м (хъыбархэр хабзэкІэ щызэхІэлъахь официальнэ интернет портал (www.pravo.gov.ru) мыпхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Статья 2-м:

2) япэ абзацым «Къэрал» псалъэр «1. Къэрал» псалъэмкІэ щызэхъуэкІын;

2) 2-нэ Іыхьэм мыпхуэдэу дэщІыгъун:

«2. Къэрал, муниципальнэ органхэм, апхуэдэу къэрал, мыкъэрал организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм гуфІэгъуэ, нэгъуэщІ официальнэ Іуэхугъуэхэр къыщыхалъхьэ зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимныр ягъэзащІэ хуэнущ».

2. Статья 4-м «ягъуэ» псалъэр «мы Законым и 2-нэ статьям къыщыгъэльэгъуахэм нэмыщІкІэ ягъуэ» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

Статья 2

Мы Унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м
№13-РЗ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи адэ и щІапІэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ

Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр хэту КъБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкіэ, Социальнэ политикэмкіэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкіэ и комитетхэм зэщыгъуу ирагъэкІуэкІа зэІущІэр зытеухуауэ щытар гъуэгухэм къыщыхъу щІэщхъуэхэр гъэмэщІэнымрэ апхуэдэ щІэщхъуэхэм фэбжь щызыгъуэтахэм ират медицинэ дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэнымрэщ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къуэдзэ **Бозий Натбий** къыщыпсалъэм къыхиГъэщхьэхуКІащ республикэм и гъуэгухэм шынагъэншэу щызекІуэн папщІэ зыхуэфащэ Іуэху псори зэрызэфІамыгъэкІыр, автомобилхэм я бжыгъэм кьызэрыхэхъуэ псынщІагьым Гъуэгу инфраструктурэм зэрызиужьыр къызэрыкІэрыхур, транспортыр зезыгъакІуэхэри яГъуэва хабзэхэм тэмэму зэрытемытыр. «Гъуэгухэм шынагъэншагъэ къыщызэгъэпэщыныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ», - жиІащ абы.

КъБР-м щыІэ МВД-м гъуэгухэм шынагъэншэу щызекІуэнымкІэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщІ **Мэремщауэ М**. зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхум егъэщІылІа Іэнатіэ псори я къарур зэгъэуІуауэ зэдэлажьэу зэрыхуежьам и фІыщІэкІэ, гъуэгухэм къыщыхъу щІэщхъуэхэм я бжыгъэм кІэрыхуащ. Зэрыщыту къэралым ельытауэ КъБР-м къыщыхъу апхуэдэ гъэзэвэгъуэжьм хэКІуадэхэр нэхъ мащІэщ. Ауэ, ипэжьыпІэкІэ кьапщтэмэ, узыщыгуфІыкІыну щыІэр иджыри куэд хуЯрхъым.

2015 гъэм и япэ мазищым КъБР-м и гъуэгухэм транспортым пыщІа щІэщхъуу 163-рэ къыщыхъуауэ ятхащ. Абыхэм щыхуи 189-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэтащ, щыху 41-рэ хэКІуадащ. Нэгъабэ ельытауэ кьапщтэмэ, хэКІуэдахэр процентри 10,9-кІэ нэхъ мащІэщ, ауэ къэхъуа щІэщхъуэхэр процент 17,3-кІэ, абыхэм фэбжь хэзыхахэр процентри 5,6-кІэ нэхъибэщ. Мыпхуэдэ зы бжыгъи къэпхъ хъунущ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу щыхуэхэм ящыщу мини 100 къэскІэ хуэзэу щыхуи 8 гъуэгухэм щыхэкІуэдащ.

Мэремщауэ М. зэрыжиІамкІэ, гъуэгухэм я щытыкІэмрэ абыхэм щызекІуэныр къызэрызэгъэпэщымрэ 2014 гъэм нэрылъагъуу ефІэкІуащ. Кьапщтэмэ, иджыри технологиехэр кьагъэсэбэпу зэрыхуежьам и фІыщІэкІэ, гъуэгухэм зэрыщызекІуэ хабзэхэр къызэпызыдхэм ящыщу къыщІагъэщхэр процент 17,2-кІэ нэхъыбэ хуЯщ. Абыхэм папщІэ хабзэр къызэпызыудахэм тралъхьэ автомобилитІ тезырхэм я бжыгъэр хэхъуащ, ауэ зэреткъэкъуа ахъшэр арэзы укъищІу нэгъэсауэ къахуэхэкІркъым.

Дызэрыт илъэсми республикэм лэжьыгъэшхэу щІагъэкІуэкІ гъуэгухэм щызекІуэхэм хабзэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ автоматикэ системэхэм зегъэуІужьыным хуэгъэзащІ. Абы мотоциклкІэ кьыщыгъэдзэжэхэм куэдрэ ущрохьэлІэ, щыху лъэсырызекІуэхэр шынагъуэ хадзэу, Іэуэлъауэшхуэ ящІу.

Зэ1ущІэм щыжаІащ гъуэгухэм къыщыхъу щІэщхъуэхэм хэхуахэр и зэманым къарагъэлын папщІэ здэпсэлъэн хуей телефонхэр зытет дамыгъэхэр гъуэгу нэхъыщхьэхэм дэкІуэу гъэуфыпхъэгъэ къызэрыльтэр. Апхуэдэу хэхуэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Тамбукъан гуэлым къыпэзыкІухь гъуэгущІэ яукъуэдиин зэрыхуейр. Абазэ А. къигъэлъэгъуащ а лэжьыгъэм зэрыщІадзар икІи федеральнэ автомобиль гъуэгум а и Іыхьэр 2017 гъэм хьэзыр ящІыну зэрымурадыр.

КъБР-м и Парламентым и комитетхэм зэщІыгъуу къызэрагъэпэща зэІущІэм къыщащІащ ди гъуэгухэм щыщІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ Іэнатіэ пыухыкІахэм ират чэнджэщхэр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

«Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Налшык щригъэкІуэкІащ «Зэныбжьэгъуэхэр-2015» проектым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и республикэхэм щиІэ къызэгъэпэщакІуэхэм я зэІущІэ.

● «Зэныбжьэгъуэхэр-2015»

Зэрырагъэкіуэкіыну щіыкіэр яубзыху

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, «Хэкупсэ» зэгухьэныгъэм мы Іуэхур 2009 гъэм республикэм зэрыщригъажьэ абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щІалэгъуалэу 300-м щигъу, ахэр къуэш зэрыгъэхъуащ, я унагъуэхэри илъэс бжыгъэ хъуауэ зэкІэлъокІуэ.

Зэхыхьэр къызэрегъэпэщ «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Лъэпкъ псапащІэ фонд» урысейпсо жылагъуэ фондыр, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр и дэІэпыкъуэгъуу.

Іуэхур зыунэтІ **Кьубей Мадинэ** жиІащ УФ-м и Президентым и щІэкІэ ирагъэкІуэкІ зэпеуэм къыщахьа грантымкІэ, «Институт проблем гражданского общества» зэгухьэныгъэм абы хилъхьа ахъшэмкІэ «Зэныбжьэгъугъэ» проектым Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэр къызэщІегъэубыда зэрыхуар.

Зэ1ущІэм зыкъэрагъэхьэлІащ Къэрэшей-Шэрджес, Ингуш, Дагъыстэн, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Осетие Ипщэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь краймрэ я лЫкІуэхэм.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Балэ Олег** жиІащ мыхьэнэ зиІэ мы Іуэху гъэщІэгъуэным зэрыпащэр, нэгъуэщІ щыпІэхэм щыщ щІалэхэр абы къызэрыхьэр, зэрызиубгъур, Кавказым ис лъэпкъхэр зэрызэкъуигъэувэр гуапэ зэрыщІыхъур.

Илъэс 14 - 16 зи ныбжьу мы Іуэхум хэтыну щІалэхэм ялъэщІыкІэ гъэмахуэ лагерым махуиплІкІэ зыщІагъэгъэпсэхунущ, иужькІэ унагъуэхэм тхьэмахуэкІэ хьэщІапІэ ягъэкІуэнущ. ЗэраубзыхуамкІэ, «Зэныбжьэгъугъэ-2015» Іуэхум унагъуэ 65-рэ хэтынущ. Абы къыхащэ Сириему, Тыркуем, Украинэм къыкІауэ республикэм щыпсэуэхэри.

Щ1алэхэм бысым къахуэхъунухэм щыпІэ дахэхэм, школхэм, музейхэм, спорт Іуэхущ1апІэхэм зыщ1агъэпл1ыхьынущ, гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэ, хабзэ, дин Іуэхухэм хагъэгъуэзэнущ.

КИФЩІ-м и щІыналъэхэм къикІыу зэхьыкъэм зыкъэрезыгъэхьэлІа къызэгъэпэщащІкІуэхэм фІыщІэ хуащІри, Іуэхум теухуа пщэрылъхэр хуагъэбелджылащ: я щІыналъэм щыщу хьэщІапІэ кІуэну щІалэхэмрэ нэгъуэщІ щыпІэм щыщхэр езыгъэблэгъуну гупыж зыщІ унагъуэхэмрэ кьыхэхыныр, щІалэхэр зэрагъэхьэщІэм, я нэгу зэрызрагъэужьыным кІэлъыплъыныр, абыхэмкІэ ядэІэпыкъуныр, Іуэхур зэрекІуэкІым теухуа тхыгъэхэр хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм яІэрыгъэхьэныр, нэгъуэщІхэри.

Ту зыльытапхъэ: Іуэхум хьихьэну гупыж зыщІ щІалэхэр мы телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ: 77-19-06.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Тэрч щІыналъэ

Гуапагъэ къапкърокІ

Тэрч щІыналъэм ЦІыхухэм ядэІэпыкъунымкІэ и Іуэхущ1апІэм хабзэ дахэ хуэхъуауэ илъэс къэс Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр кьахуэзэрегъэпэщ зи уэзнышгъэм кьимыхь, унагъуэ хуэмыщІахэм кьыхэкІа сабийхэм. Тэрч кьалэм и курыт школ №4-м щеджэхэм. Апхуэдэу иджыблагъэ я нэгу зрагъэужьащ сабий 30-м щІигъум.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и пщІантІэр яГъуэджэхэмкІэ сабий школым и гъэсэн цІыкІухэмрэ «Лицей» къэфакІуэ гупымрэ зыкъызэрагъэлъэгъуар.

ЖыджэРу, нэжэгжэу зэхьыхьэм хэтахэм саугъэтхэр ирата, я мурадхэр яГу ираубда нэужь, цІыкІухэм хуагуэша шар зэмыфэгъуэхэр яутІыпщащ. Сабийхэр щыгуфыкІащ Іэфыкіэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, Цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствам и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Джатэжьейм и щапхъэ

Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапІэм и пщІантІэм цІыху куэд щызэхуэсат иджыблагъэ, Афган зауэм хэкІуэда Джатэжьей Алик Хьэсэнбий и къуэм и фэеплъ зэрагъэувам теухуауэ къызэрагъэпэща зэІущІэм хэтыну. Дунейри уфауэ, уэшх къешхыу нэху кьекІат а махуэм. Джатэжьейхэ я гуаузр кьадиІыгъ хуэдэ.

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлІахэт КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхьэгъэлэдж Тимур, Тэрч щІыналъэм Егъэджэныгъэмкіэ и управленэм и унафэщІ Вэрий Маринэ, щІыпІэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и къудамэм и унафэщІ Хамэ Аслъэн, Инарыкъуей къуажэм и администрацэм и унафэщІ КІуащ Владимир, Афганистаным кьулыкъу щызыщІа ди къуажэгъу щІалэхэр, Джатэжьей Алик и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Алик 1968 гъэм мазаем и 23-м Инарыкъуей къуажэм кьыщалъхуащ. 1985 гъэм къуажэ школыр кьиухри, кьыкІэлыкІуэ илъэсым къэралым кьулыкъу хуищІэну дзэм ираджащ, Афганистаным кьыщыхутащ. Я пщэ кьыдалъхьа кьалэныр яГъэзащІэу, Афганистаным и щІыхубэм щхьи, хущхъуэ, хьэпшыпхэр хуащэу, Алик зыхэт гупыр яубдат. Машинэхэр я пІэм ижьыхьауэ здэщытым, бгыр кьыгъуэри, мывэхэр къещэщхьу щІидзащ. Махуэ къэскІэ зыльагъур есэжауэ кьыпщыхъунущ апхуэдэ Іуэхухэм, ауэ зи щыпэльагъум дежкІэ шынагъуэщ ар. Абы хэзэрыхьахэр кьригъэлу сержант Джатэжьей Алик и псэр итащ. Хэкум кьулыкъу хуищІэу зэрихьа лІыгъэм папщІэ Джатэжьей Алик зауэм хэкІуэда иужь кьыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ «Хахуагъэм папщІэ» медалымрэ.

Зэ1ущІэм лІыхъужьым и гъащІэм щытепсэлъыхьащ еджакІуэ цІыкІухэр, и сурэтхэр зыхэт, зэрихьа лІыгъэм теуху теплъэгъуэ кьагъэлъэгъуащ.

Тхьэгъэлэдж Тимур и псалъэм кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Афганистаным кьулыкъу щищІэу хэкІуэда псоми фэеплъ зэрыхуагъэувар, мы къуажэм щагъэувар иужь дыдэу зэрыщытыр.

Республикэм кьыщаІэт Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтым, я пщэрылъхэр хьэлэлу зэрагъэзащІэм папщІэ, курыт еджапІэми абы и унафэщІ Тумэ Валентини щІыхь тхыпхэр хуагъэфэщащ. ЕджапІэ блным фІалъхьа фэеплъыр кьыззІуахри, сабийхэм удз гъэгъахэр абдеж щагъэтІылъащ. ИтІанэ псоми зэгъусэу сурэт зытраГъахащ.

Си адэмрэ Аликрэ зэныбжьэгъу пэжу школым зэдыщІэсат. А тІур фІы дыдэу зэрызэрыльэгъуам и щыхьэт наІуэщ махуэ щІагъуэ дэмыкІыу ди адэр абы зэрытепсэлъыхьыр, и гугъу кьызэрытхуищІыр, и сурэтхэр зэрыдиГъэлъэгъур. Ар кьыщалъхуа махуэм, мазаем и 23-м, си адэр макІуэ абы и унагъуэм, и адэм, и къуэшхэм я деж. Сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ зытепх хьуну щІалэт ди къуажэгъу Джатэжьей Алик.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.
Сурэтыр **Махъсидэ Хъызыр** *трихащ.*

Балигъ хъуауэ пІэрэ?

Урысей Федерацэм Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и Управленэу КъБР-м щыІэм щытыкІэ гугъум къихутахэр дэІыгъныр, адэанэм я нэІэм щІэмыту кьэна сабийхэм зыщІагъэкъуэныр и лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

● Гъуэгу къежьапІэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ республикэ УФМС-м и унафэщІ Льеиншэ МуІэдрэ «КъБР-м кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэкэр щызэфІах центр» (МФЦ) къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ АфІэунэ Аслъэнрэ Зеикъуэ къуажэм дэт коррекционнэ школ-интернат №1-м щеджэхэу илъэс 14 ныбжьым нэсахэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортхэр иратащ. Балигъ гъащІэм хэзышэ дэфтэрым щІыгъуу абыхэм иратащ ФМС-м и дамыгъэр кьызытещ саугъэтхэмрэ Іэфыкіэхэмрэ.

Псалъэ гуапэхэмкІэ, ущие-чэнджэщхэмкІэ ныбжьыщІэхэм зыхуагъэзащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм хуэныкъуэхэм защІэгъэкъуэнымрэ коррекционнэ лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ-эксперт нэхъыщхьэ Хучинаевэ Мадинэрэ интернатым и унафэщІ Къалмыкъ Аллэрэ.

КъБР-м щыІэ УФМС-м жыджэру зэрыдэлажьэм, Урысей Федерацэм и Іэпхъуэшапхъуэ политикэм и къэрал концепцэр пхыгъэкІынымкІэ зэрызыкъыщІагъакъуэм папщІэ школ-интернатым и унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ щыхъ, фІыщІэ тхыпхъэр иратащ.

Зэ1ущІэр иухащ школ-интернатым и гъэсэнхэм ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум трауха концерткІэ. Ныбжьыщ1эхэм ягъэззэщІащ гум дыхьэ, гупсысэхэм ухэзышэ зауэ илъэсхэм я усэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ХэкIыпIэхэр хэIуцIыIу щIыным дыхущIокъу

2014 гъэм екIуекIа лэжьыгъэм и Iуэхукlэ Щlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жиIар

ЦIЫХУМ и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм гъэ хэс игъэхьэзыр докладыр зэхигъэуващ «Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхукlэ» 2006 гъэм щэкIуагъэуэм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №82-Рз-м и 25-нэ статьям тетыр или мы къыкIэлъыкIуэхэр къигъэзэбэлъэр:

республикэм и муниципальнэ щIынальэхэри хэту, иригъэкIуекIа зэIущIэхэм цIыхухэм къыщIахьэхэр;

республикэм Урысей Федерацым и нэгъуэщI субъектхэмрэ щыпсэу цIыхухэм, гражданствэ зимиIэ цIыхухэм, нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэм зэрызыкъухьагъэза тхыгъэхэр;

Уполномоченнэр зыщIэупщIахэм теухуауэ бъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIынальэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм къратыжа жъугъэхэр;

цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным щытепсэлъыхьа конференцхэм, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщIэтэ Iуэхухэмрэ бжыгъэхэмрэ;

цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм, абыхэм Интернетри яхэту, къытрадза тхыгъэхэр.

«Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 25-нэ статьям и Iыхьэ I-м тету мы докладыр хуагъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорымрэ.

Докладым цIыхухэм Уполномоченнэм зэрыкъыхуагъэза Iуэху нэхъыщIэхэр, абыхэм я бжыгъэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэм ящыщу нэхъыбэрэ къызэпадэкIэ, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къызэпаудыныр къызыхэкIыр, апхуэдэу цIыхухэм я хуитыныгъэхэм ящыщу къызэпаудакIэр зэтетъуэвэжьыныкIэ Уполномоченнэм, къэрал, муниципальнэ органхэм зэфIагъэкIахэм къыщыгъэлъэгъуащ.

Хэзыгъэгуазэ

Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэм и Iуэхущ1ап1эр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм илъэс еянэ хъуауэ щолажь. А зэманым кърибудэу абы зэфIэкI пыухыкIа игъуэтащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къащхьащхьыным и лъэныкъуэкIэ. Жьыпlэ хъунущ иджы ар республикэм къыщалъэтауэ, абы къыхэкIыу дз эыхэтщIэну икIи дадэIэпыкъуну къыпщыгугъыу гъэ къэс цIыху 1000-м щигъуэм зыкъыхуагъаз. Цlыхухэм шэч къытрахьэрыкъым езыхэм я хуитыныгъэхэр зэтетъуэвэжьыныкIэ Уполномоченнэр зэрадэIэпыкъунym.

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м Урысей Федерацым и Президент Путин В.В. Кремлым щаухэзащ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм, сабиим и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм, хьэрычэтщIэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьащхьынымкIэ уполномоченнэхэм, Урысей Федерацым и Президентым и дежь. Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ щыIэ советым хэтхэм, цlыхум и хуитыныгъэхэм къащхьжьныныкIэ организациу сатум пIымыщIахэм я лIыкIуэхэм. А зэIущIэм къэралым и Iэтащхьэм Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Урысей Федерацым щыIэм и Iуэхущ1ап1эм лжьыгъэшхэ зэрызэфIигъэкIыр щыжиIащ икIи аргуэру зэ къигъэлъэгъуащ цlыхухэм я хуитыныгъэхэм къэралым къащIыхьэщIыжэм жьыджэру защIигъэкъуэну икIи ядэIэпыкъуну зэримурадыр. Абы и щыхьэтщ цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ Урысей Федерацым и субъектхэм щыIэ уполномоченнэхэм я мыхьэнэр, увыпIэр, я статусыр зыубзыху законопроект Президентым Федеральнэ Зэхэсым и Къэрал Думэм къызэрыщыкIыхьар. Къэпщтэжа, абы жиIащ: «Владивосток къыщIагъэжьауэ Калининград нэс, Мурманск щегъэжьауэ Севастополь нэс Урысейм и цlыхур дэнэ щымыпсэуми, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми Iэмал иIэн хуэщI уполномоченнэхэм я Iуэхущ1ап1эхэр щIэгъэкъуэн къищIурэ езым и хуитыныгъэхэр хъумэжьныныкIэ. Ар властым и органхэм я Iуэхущ1ап1эхэм уполномоченнэхэм захуэзыгъаз цlыхухэр нэхъыбэ щIыщIэхьэ. Абыхэм ящыщу 309-р тхыгъэхэр (ахэр абы апэ ита илъэсым 223-рэ хъуауэ щIащ), тхыгъэ 20-р цlыху гупхэм къабгъэдэкIащ, 3-р электрон поцIткIэ къагъэхьащ. Уполномоченнэр езыр и щхьэкIэ цlыху 258-м (2013 гъэм цlыхуи 175-м) яхуэзащ. Зыкъытхузэзыгъэзахэм я нэхъыбапIэм юридическэ чэнджещIэр, апхуэдэу адэкIэ я Iуэху зэрыхъунym теуха чэнджещIэр ираташ, судхэм, хабзэхъуэм органхэм, къэрал властым и органхэм зэрызыхуагъаз документхэр ягъэхьэзырынымкIэ ядэIэпыкъуащ. Тхьэусыхафэхэм ящыщ куэд дэ къэтщтащ, зыхуэфащэ органхэм ахэр зэрызэхагъэхьым дыкIэлъыплъынымкIэ.

Зэрынэрылъагъущи, Уполномоченнэм кьIэрыхьэ тхыгъэхэмрэ абы зыкъыхуэзыгъазэ цlыхухэмрэ я бжыгъэм нэгъабэ хэхъуащ. Апхуэдизу хуэдэ зыбжанэкIэ хэхъуащ Iуащхьэмахуэ, Майэ, Шэрдэж, Лэскэн муниципальнэ районхэм кьиKI тхьэусыхафэхэм. Нэхъ мащIэ къурыкым Налшык къалэ округым щыпсэуахэм я тхьэусыхафэхэр. А щыкъомкIи ельытащ нэгъабэ Уполномоченнэр кьалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ цlыхухэм зэращIыIущIам, абы теуха хъыбарегъащIэхэр нэхъ пасэу газетхэм къызэрытрадзам. Апхуэдэ зэIущIэхэм кърихьэлIащ КЪР-м и Жылагъуэ, Адвокат, Нотариальнэ палатэхэм хэтхэр, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КЪР-м щыIэм, хабзэхъуэм органэм, муниципальнэ районэм я администрацэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэ зэIущIэхэм нэхъ мыкъэнэшхуэ зиIэу къыщIащIэта Iуэхуэхэр егупсыс эксперт советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

2014 гъэм къытIэрыхьа тхьэусыхафэхэр нэгъэсауэ зытеухуар псэупIэ и лъэныкъуэкIэ цlыхухэр зыхэт гугъуэхьэрщ. Абыхэм я бжыгъэр зы илъэсым елытауэ 2014 гъэм лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм зы проценткIэ кIэрыхуащ, а Iуэхум иджыри гугъуэхьышхуэхэр хэлъщ, псом хуэмыдэу зыхуэфащэ Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэта щIалэгъуаIэм я дежкIэ лэжьапIэ Iэнатlэ къэгъуэтыгъуафIэжьым, зэман благъэм къиубыдэу апхуэдэ щытыкIэм зихуэзыкну ущыгугъу хъунукъым.

Лэжьапlэншэхэр нэрылъагъуу мащIэ яхуэщIынут, япэрей зэманым щIэупщIашхуэ зиIэ продукцэ къыщIэзыгъэкIыу щыта промышленнэ предприятэхэр зэтрагъэувэжамэ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунущ 80 гъэхэм республикэм и промышленнэ предприятэхэм я продукцэр къэралым и дзэ-промышленнэ комплексым зыубгъуауэ къызэригъэсэбэпым къыдэкIуэу хамэ къэрал 50-м щIигъум, абыхэм США-р, Япониер, нэгъуэщI къэрал лъэщхэр яхэту, ящхэуу зэрыщытар. Сэбэп хъунт бгы лъапэхэм жыг хадзэр щыгъэкIыным, хадзэкIыр нэхъыбэ щIыным, щIыубэ Iэщ1агъэхэм щрилажь Iэнатlэхэр зэтегъэувэжным егупсын зэрыхуейм ди унафэщIхэм гу лъатамэ.

Уполномоченнэм апхуэдэу къыIорохьэ лэжьыгъэмкIэ я хуитыныгъэхэр Iэнатlэ зытхэм къызэрызэпаудым теухуауэ цlыхухэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэри. Ахэр щIэтхъэусыхэхэм ящыщщ:

лэжьапIщIэр и зэманым зэрамытыр;

лэжьапIэм укIыжхэм я ахъшэр зэрагъэгъуэр;

нэхъ мащIэ дыдэу цlыхум кьиIэжьын хуейм теуха законыр зэрамытызащIэр;

лэжьапIэ Iэнатlэхэр тэмэму къызэрызэмыгъэпэщащ, цlыхубзхэр щызыдзэпIыхьыжьын пэшхэр, зыгъэпсэхупIэ пэшхэр зэрыщымыIэр;

лэжьыгъэр хуэмэнымрэ Iэнатlэхэм шынагъэушагъэ къыщIэзгъэпэщынымкIэ законодательствэр зэрамытыр;

лэжьыгъэмкIэ згъэгуныэныгъэхэр щIэзэрыщIыпIэкIэ цlыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудыр.

Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм ятеухуауэ 2014 гъэм къыриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ къэрал инспекцэм цlыху 617-м зыхуагъэзащ. Инспекцэм къита хъыбарым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, тхьэусыхафэхэм ящыщу 468-м хэплъэри, зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ, адрейхэр къэзытхахэм жэуап зэхэзыхэр иратыжащ.

ЦIыхухэм псэупIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныр

БлэкIа илъэсхэми хуэдэу, Уполномоченнэм гъэ кIуам кьыIэрыхьа тхьэусыхафэхэм ящыщ куэд теухуащ псэупIэмрэ коммуналнэ Iэнатlэмрэ яхуэзэауэ щыIэ гугъуэхьэм, социальнэ псэупIэхэр зэрамыхуэум, унэхэм ящыщ куэд кхъахэ зэрыхъуам, ахэр капитальнэу зэрагъэпэщыжьын папщIэ ахъшэ зэрамыIэм. КЪР-м и жылагъуэ палатэм, Урысей Федерацым Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КЪР-м щыIэм, КЪР-м и Уэчылхэм я палатэм, Нотариальнэ палатэм щыщхэр, Уполномоченнэм и лIыкIуэу муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щыIэхэр, Эксперт советым щыщхэр щIыгъуу Уполномоченнэр 2014 гъэм мэкъуаэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ бадзэзэгъуэм и 1-м нэсыху цlыхухэм муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щахуэзащ. А зэIущIэхэм цlыху 56-рэ кьекIуэлIащ, псори зэхэту цlыху 200-м я цlэкIэ тхыгъэу 9 ятащ. ЗэIущIэхэм кьрихьэлIащ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъуэм органхэм я лIыкIуэхэр. Хабзэхъуэм органхэр я кьалэнхэм зэремыгугъум, судхэм захуагъэ зыхэмылъ унафэхэр кьызэращтэм, щIым, мылъкум, лжьыгъэм хуэгъэза Iуэхухэр зэрыдзэгъэкIыгъуэйм кьыдэкIуэу, куэдым трагъэчьныхьу жаIащ псэупIэмрэ коммуналнэ Iэнатlэмрэ екъэлIауэ езыхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудыр. Къэпщтэжа, Тыркыауэ кьалэм Мизиевым и уэрамым тет унэ №46-м щыпсэуэхэр иритхьэусыхащ коммуналнэ Iэнатlэхэм ар зэрызэрамыхьэм. Илъэс куэд хъуауэ унащхьэм псыр кьыпхэж, ауэ фэтэрхэм я зэхуэдитIыр зэрынэщIым кьыхэкIыу цlыхухэм ахъшэ зэхадзэу унэр зэрагъэпэщыжьыфыркъым. Молодежнэ уэрамым тет обращжит унэхэу №№1-7-хэм щIэсхэм къатхащ а унэхэр кхъахэ дыдэ зэрыхъуар, ахэр илъэс куэд лъандэрэ зэрызэрамыгъэпэщыжьр. Ахэр тэмэму ягъэплъырыкъым, псы хуэдэ екIуалIэркъым, лифтхэр лажьэркъым, щIащIэмрэ унэ щIыхьэпIэкIэмрэ зэпыIуэрыхьым. Эльбрусскэ уэрамым фэтэр 80 хьэрэ тет унэм псори зэхэту щыпсэуу унагъуэ 30-щ. Адрей фэтэрхэр нэщIщ, ахэр зейхэм коммуналнэ Iэхэхутхьэбзэхэм я уасэхэр ятыркъым. Унащхьэм псыр кьыпхэж, подвалхэм псыр ишэ, унэ щIыхьэпIэхэм уэздыгъэ фIэлъхьым, лифт яIэкъым. А унэр зэрагъэпэщыжьын хуейуэ судым кьищта унафэр муниципальнэ органхэм ягъэзащIэркъым.

Районым исхэм ящыщу щыпсэун зымыIэхэм, хэхауэ кьапщтэмэ, сабий зеиншэхэм я цlэкIэ дэ зыкъытхуигъэзащ. Прохладнэ кьалэм щыщ Олейниковэ Н. Н, Абы къызэригъэзэгъамкIэ, Iэпхъэщащхьэхэм я Iуэхукlэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КЪР-м щыIэм и лжьакIуэхэм 2014 гъэм щIышылэм и 1-м лъандэрэ цlыхур езыр щыпсэу щIыпIэм щатхьн ядэркъым, абы езым и мылъкуу унэ (фэтэр) имыIэмэ е фэтэр къызэрыратам теухуа зэгурыIуэныгъэ ямытхамэ. Абы гугъуэхьышхуэхэр кьоркIуу, сыту жьпIэмэ, регистрацэ зимыIэр лэжьапIэ увыфыркъым, еджэну щIэтIысхьэфыркъым, медицинэ е кьинэмыщI социальнэ дэIэпыкъуныгъэ кьратырыкъым.

Прохладнэ кьалэм щыщ нэгъуэщI зы гупыр иротхьэусыхэ полупроводник заводым фэтэр куэд хъу и унэм мазэрэ ныкъуэрэ лъандэрэ псы хуабэ зэрыщымыIэм теухуауэ. Унэр кьалэм и мылъкум хагъахьэн ядэркъым. Коммуналнэ Iэхутхьэбзэхэм я уасэу кьыхахар зэхадзыгъэжащ икIи абы теухуа уголовнэ Iэхуэ кьызэIуахауэ зэхагъэкI. А щхьэусыгъуэ дыдэм кьыхэкIыу унэр гъэплъынымрэ, псы щыIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ щызэблэу куэдрэ кьэхъуащ.

Прохладнэ районым щыIэ «Дружба», «Победа», «Луч» жыгъэкIэ згъуэхьэнымкIэ екIуалIэ электрокъарур энергетикхэм паупщIащ икIи а щыкIэм тету антимонопольнэ законодательствэр кьызэпаудащ. Цlыхухэр кьагъэсэбэп электрокъарум и уасэр ятыну хьэзырщ, ауэ энергетикхэмрэ Прохладнэ кьалэ округым и администрацэмрэ лжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкIэр зэрахъуэкIыну хуэжьащи, абы Iуэхур кIыхьлIыхь зиIащ.

Жьызум зыгъэкI хозяйствэм и поселкэу Прохладнэ кьалэм и гъунэм щыIэм щыпсэу цlыху гупым къатхащ а хьэблэм дзт медлунктыр, сабий паркыр, сабий садыр зэрызэхуащIыжар. Щlэнхабзэмкlэ унэр кхъахэ дыдэ хъуащ. Курыт еджапIэр къэхухьакъым. Мы хьэблэм дэсхэм коммуналнэ Iэхутхьэбзэхэр кьыхуащIэркъым. Жьы дыдэ хъуа унэхэр ирамыхыу кьэнащи, абы цlыхухэм я дежкIэ шынагъуэшхуэ къешэ.

Майскэ кьалэм Лениным и цlэр зезыхъэ и уэрамым тет унэ 15-м щыпсэу цlыху гупми тхьэусыхафэ кьаухьащ. Илъэс куэд ялэкIа а унэр нэмыщIысауэ итауэ щытащ республикэм Укуэнигъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм, ауэ зэрыхуагъэуэвам тету ныкъусанигъэхэр игъэзэжкIуэжын папщIэ иужькIэ зыри илэжьакъым. Унэр иджы кхъахэ дыдэ хъуауэ щытщ. Майскэ кьалэм и администрацэм ар зэригъэпэщыжьын идэркъым икIи абыкIэ кьегъуэн фэтэрхэм я нэхъыбапIэр щIэсхэм зэращхэужам кьыхэкIыу а унэр езым зэрихьэхэм зэрызмытыжьыр, кьалэ мылъкуми зэрыхагъэкIар.

Абы ещхь тхьэусыхафэ кьагъэхьащ Энгельс и цlэр зезыхъэ уэрамым тет унэ №61/4-м щыпсэухэми. Ари зыхуэй хуэзэу зэрахьэркъым, и унащхьэм псы кьыпхэкI, коммуналнэ Iэхутхьэбзэхэр тэмэму къызэрагъэпэщыркъым. Фэтэр 24-м щыщу приватизацэ ямыщIауэ къэнар фэтэри 2-щ. ПсэупIэр зи мылъкуэм я зэгухэнныгъэ къызэрагъэпэщыну хуежьа щхьэхэ-кIэ, зыри кьиKIакъым, муниципальнэ властхэри абы щыпсэухэм ядэIэпыкъуркъым. Кьалэ администрацэм псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и департаментым и унафэщIыр абы теухуа тхьэусыхафэхэм хэплъэркъым, уеблэмэ псэупIэр зи мылъкуэм я зэгухэнныгъэ къызэрагъэпэщыну щыхуежьам зэран хъуар аращ.

Шэрэдж районым и административнэ центру щыт Къэщкъэтау поселкэм и уэрамхэр зэIузэпэщ щыIэркъым, абы къыхэкIыу транспортыр зрикIуэ гъэзэгуэрэри зэкIэлъыкIыгъэ, згъэгъэкIыжьыгъэри, уэшхыпс ижьпIэкэр егеиж. Псыр пщIантIэхэм, хадзэм щIопъадэ.

ГъэззащIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIынальэ органхэм, властым и муниципальнэ органхэм, хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм я унафэм хиубыдэ Iуэхухэм теухуауэ цlыхухэм кьагъэхьа тхьэусыхафэхэр зыхуэфащэ Iэнатlэхэм яIэрыдгъэхьащ, абыхэм хэплъэу зэхагъэкIын папщIэ.

Дэтхэнэ зы цlыхуми тэмэму псэуну хуитыныгъэ зэриIэр Урысей Федерацым и Конституцэм щIегъэбыдэ икIи псэупIэмкIэ хуитыныгъэм и шэсапIэу зэхэзыхьа. Урысей Федерацэм Псэупlэмкlэ и кодексым къызэрыщыгъэльэгъуам тету, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэмрэ къэрал властым и органхэмрэ цlыхухэм псэупIэмкIэ я хуитыныгъэхэр кьагъэсэбэпыныкIэ Iэмалхэр кьызэрагъэпэщ. Ауэ апхуэдэ хуитыныгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я дежкIэ тыншкъым икIи абы статистикэр щыхьэт тохъуэ. Мы Iуэхум теухуауэ Уполномоченнэм зыкъыхуэзыгъаз зэхэзыхьа я бжыгъэр нэгъабэ и закъуэ хуэдиплIкIэ нэхъыбэ хуауащ.

Абы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, цlыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэпаудыр:

псэупIэ-коммуналнэ Iэхутхьэбзэхэр щыхуащIэкIэ;

хуэныкъуэхэм папщIэ социальнэ псэупIэ щахуэхэкIэ е къыщащхьэкIэ;

кхъахэ хуэдиз икIи къутэн е зэгъэпэщыжьын хуейуэ кьалъытэ унэу фэтэр куэд хъухэм щIэсхэр щагъэлэпхъэкIэ, общежитхэм щIепсэухэр кьыщыщIагъэкIкIэ;

зи псэупIэр згъэфIэкIуэн хуейхэм хагъахьэу учетым щагъэувкIэ.

Гъэ хъэс Прохладнэ районым кьеIэт социальнэ псэупIэ хуэныкъуэу ятха цlыхухэм зэрахэмыщIыр. Иджыпсту я псэупIэр иригъэфIэкIуэн папщIэ чэзум щыт унагъуэ мин 13-м щигъум ящыщу мини 3-р уэ кьащыытысынум илъэси 10-м щигъуауэ поплъэ. Абыхэм ящыщу цlыху мини 2-р льготэ зиIэхэм хеубыдэ икIи абыхэм псэупIэхэр псом япэ хухахьи хуеящ.

Иужьрей илъэс 15-20-м кьриубыдэу цlыхухэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным теухуа республикэ, муниципальнэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьащтащ «Псэупlэ» республикэ программэ хэхам и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету. Программэр ягъэзащIэркъым, лжьыгъэхэр ягъэIэпхъуэ зэпытщ. Мы зэманым ди деж щагъэзащIэ «2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхухэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 24-м кьыдигъэкIа Унафэ №2254-ПП-мкIэ кьищтар, апхуэдэу «2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхухэр псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэмкlэ кьызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 17-м кьыдигъэкIа Унафэ №2252-ПП-мкIэ кьищтар. А программэмэм хагъахьэжащ зи псэупIэр згъэфIэкIуэн хуей цlыху республикэм исхэр псэупIэрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэмкlэ кьызэгъэпэщыным теухуа программэ кьуэдзэ зыбжанэ.

(КIэлъыкIуэр 4-нап.)

2014 гъэм цlыхухэм къатхахэр зытеухуамрэ бжыгъэхэмрэ

2014 гъэм Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм цlыху 1100-рэ хуэдизым зыкъыхуэзыгъазащ. Ар абы апэ ита илъэсым зыкъыхуэзыгъэзахэм я бжыгъэм къыщIэщхьащIыкI щыIэхьэм. Абыхэм ящыщу 309-р тхыгъэхэр (ахэр абы апэ ита илъэсым 223-рэ хъуауэ щIащ), тхыгъэ 20-р цlыху гупхэм кьабгъэдэкIащ, 3-р электрон поцIткIэ кьагъэхьащ. Уполномоченнэр езыр и щхьэкIэ цlыху 258-м (2013 гъэм цlыхуи 175-м) яхуэзащ. Зыкъытхузэзыгъэзахэм я нэхъыбапIэм юридическэ чэнджещIэр, апхуэдэу адэкIэ я Iуэху зэрыхъунym теуха чэнджещIэр ираташ, судхэм, хабзэхъуэм органхэм, къэрал властым и органхэм зэрызыхуагъаз документхэр ягъэхьэзырынымкIэ ядэIэпыкъуащ. Тхьэусыхафэхэм ящыщ куэд дэ къэтщтащ, зыхуэфащэ органхэм ахэр зэрызэхагъэхьым дыкIэлъыплъынымкIэ папщIэ.

Зэрынэрылъагъущи, Уполномоченнэм кьIэрыхьэ тхыгъэхэмрэ абы зыкъыхуэзыгъазэ цlыхухэмрэ я бжыгъэм нэгъабэ хэхъуащ. Апхуэдизу хуэдэ зыбжанэкIэ хэхъуащ Iуащхьэмахуэ, Майэ, Шэрдэж, Лэскэн муниципальнэ районхэм кьиKI тхьэусыхафэхэм. Нэхъ мащIэ къурыкым Налшык къалэ округым щыпсэуахэм я тхьэусыхафэхэр. А щыкъомкIи ельытащ нэгъабэ Уполномоченнэр кьалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ цlыхухэм зэращIыIущIам, абы теуха хъыбарегъащIэхэр нэхъ пасэу газетхэм къызэрытрадзам. Апхуэдэ зэIущIэхэм кьрихьэлIащ КЪР-м и Жылагъуэ, Адвокат, Нотариальнэ палатэхэм хэтхэр, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КЪР-м щыIэм, хабзэхъуэм органэм, муниципальнэ районэм я администрацэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэ зэIущIэхэм нэхъ мыкъэнэшхуэ зиIэу кьащIэта Iуэхуэхэр егупсыс эксперт советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

2014 гъэм къытIэрыхьа тхьэусыхафэхэр нэгъэсауэ зытеухуар псэупIэ и лъэныкъуэкIэ цlыхухэр зыхэт гугъуэхьэрщ. Абыхэм я бжыгъэр зы илъэсым елытауэ 2014 гъэм лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм зы проценткIэ кIэрыхуащ, а Iуэхум иджыри гугъуэхьышхуэхэр хэлъщ, псом хуэмыдэу зыхуэфащэ Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэта щIалэгъуаIэм я дежкIэ лэжьапIэ Iэнатlэ къэгъуэтыгъуафIэжьым, зэман благъэм къиубыдэу апхуэдэ щытыкIэм зихуэзыкну ущыгугъу хъунукъым.

Лэжьапlэншэхэр нэрылъагъуу мащIэ яхуэщIынут, япэрей зэманым щIэупщIашхуэ зиIэ продукцэ кьыщIэзыгъэкIыу щыта промышленнэ предприятэхэр зэтрагъэувэжамэ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунущ 80 гъэхэм республикэм и промышленнэ предприятэхэм я продукцэр къэралым и дзэ-промышленнэ комплексым зыубгъуауэ къызэригъэсэбэпым къыдэкIуэу хамэ къэрал 50-м щIигъум, абыхэм США-р, Япониер, нэгъуэщI къэрал лъэщхэр яхэту, ящхэуу зэрыщытар. Сэбэп хъунт бгы лъапэхэм жыг хадзэр щыгъэкIыным, хадзэкIыр нэхъыбэ щIыным, щIыубэ Iэщ1агъэхэм щрилажь Iэнатlэхэр зэтегъэувэжным егупсын зэрыхуейм ди унафэщIхэм гу лъатамэ.

Уполномоченнэм апхуэдэу къыIорохьэ лэжьыгъэмкIэ я хуитыныгъэхэр Iэнатlэ зытхэм къызэрызэпаудым теухуауэ цlыхухэм кьабгъэдэкI тхьэусыхафэхэри. Ахэр щIэтхъэусыхэхэм ящыщщ:

лэжьапIщIэр и зэманым зэрамытыр;

лэжьапIэм укIыжхэм я ахъшэр зэрагъэгъуэр;

нэхъ мащIэ дыдэу цlыхум кьиIэжьын хуейм теуха законыр зэрамытызащIэр;

лэжьапIэ Iэнатlэхэр тэмэму къызэрызэмыгъэпэщащ, цlыхубзхэр щызыдзэпIыхьыжьын пэшхэр, зыгъэпсэхупIэ пэшхэр зэрыщымыIэр;

лэжьыгъэр хуэмэнымрэ Iэнатlэхэм шынагъэушагъэ къыщIэзгъэпэщыныкIэ законодательствэр зэрамытыр;

лэжьыгъэмкIэ згъэгуныэныгъэхэр щIэзэрыщIыпIэкIэ цlыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудыр.

Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм ятеухуауэ 2014 гъэм къыриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ къэрал инспекцэм цlыху 617-м зыхуагъэзащ. Инспекцэм къита хъыбарым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, тхьэусыхафэхэм ящыщу 468-м хэплъэри, зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ, адрейхэр къэзытхахэм жэуап зэхэзыхэр иратыжащ.

ЦIыхухэм псэупIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныр

БлэкIа илъэсхэми хуэдэу, Уполномоченнэм гъэ кIуам кьыIэрыхьа тхьэусыхафэхэм ящыщ куэд теухуащ псэупIэмрэ коммуналнэ Iэнатlэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ цlыхухэм я гугъуэхьэм, социальнэ псэупIэхэр зэрамыхуэум, унэхэм ящыщ куэд кхъахэ зэрыхъуам, ахэр капитальнэу зэрагъэпэщыжьын папщIэ ахъшэ зэрамыIэм. КЪР-м и жылагъуэ палатэм, Урысей Федерацым Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КЪР-м щыIэм, КЪР-м и Уэчылхэм я палатэм, Нотариальнэ палатэм щыщхэр, Уполномоченнэм и лIыкIуэу муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щыIэхэр, Эксперт советым щыщхэр щIыгъуу Уполномоченнэр 2014 гъэм мэкъуаэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ бадзэзэгъуэм и 1-м нэсыху цlыхухэм муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щахуэзащ. А зэIущIэхэм цlыху 56-рэ кьекIуэлIащ, псори зэхэту цlыху 200-м я цlэкIэ тхыгъэу 9 ятащ. ЗэIущIэхэм кьрихьэлIащ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъуэм органхэм я лIыкIуэхэр. Хабзэхъуэм органхэр я кьалэнхэм зэремыгугъум, судхэм захуагъэ зыхэмылъ унафэхэр кьызэращтэм, щIым, мылъкум, лжьыгъэм хуэгъэза Iуэхухэр зэрыдзэгъэкIыгъуэйм кьыдэкIуэу, куэдым трагъэчьныхьу жаIащ псэупIэмрэ коммуналнэ Iэнатlэмрэ екъэлIауэ езыхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудыр. Къэпщтэжа, Тыркыауэ кьалэм Мизиевым и уэрамым тет унэ №46-м щыпсэуэхэр иритхьэусыхащ коммуналнэ Iэнатlэхэм ар зэрызэрамыхьэм. Илъэс куэд хъуауэ унащхьэм псыр кьыпхэж, ауэ фэтэрхэм я зэхуэдитIыр зэрынэщIым кьыхэкIыу цlыхухэм ахъшэ зэхадзэу унэр зэрагъэпэщыжьыфыркъым. Молодежнэ уэрамым тет обращжит унэхэр ящыщ куэд кхъахэ зэрыхъуар, ахэр илъэс куэд лъандэрэ зэрызэрамыгъэпэщыжьр. Ахэр тэмэму ягъэплъырыкъым, псы хуэдэ екIуалIэркъым, лифтхэр лажьэркъым, щIащIэмрэ унэ щIыхьэпIэкIэмрэ зэпыIуэрыхьым. Эльбрусскэ уэрамым фэтэр 80 хьэрэ тет унэм псори зэхэту цlыхухэр унагъуэ 30-щ. Адрей фэтэрхэр нэщIщ, ахэр зейхэм коммуналнэ Iэхутхьэбзэхэм я уасэхэр ятыркъым. Унащхьэм псыр кьыпхэж, подвалхэм псыр ишэ, унэ щIыхьэпIэхэм уэздыгъэ фIэлъхьым, лифт яIэкъым. А унэр зэрагъэпэщыжьын хуейуэ судым кьищта унафэр муниципальнэ органхэм ягъэзащIэркъым.

Районым исхэм ящыщу щыпсэун зымыIэхэм, хэхауэ кьапщтэмэ, сабий зеиншэхэм я цlэкIэ дэ зыкъытхуигъэзащ. Прохладнэ кьалэм щыщ Олейниковэ Н. Н, Абы къызэригъэзэгъамкIэ, Iэпхъэщащхьэхэм я Iуэхукlэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КЪР-м щыIэм и лжьакIуэхэм 2014 гъэм щIышылэм и 1-м лъандэрэ цlыхур езыр щыпсэу щIыпIэм щатхьн ядэркъым, абы езым и мылъкуу унэ (фэтэр) имыIэмэ е фэтэр къызэрыратам теухуа зэгурыIуэныгъэ ямытхамэ. Абы гугъуэхьышхуэхэр кьоркIуу, сыту жьпIэмэ, регистрацэ зимыIэр лэжьапIэ увыфыркъым, еджэну щIэтIысхьэфыркъым, медицинэ е кьинэмыщI социальнэ дэIэпыкъуныгъэ кьратырыкъым.

Прохладнэ районым щыIэ «Дружба», «Победа», «Луч» жыгъэкIэ згъуэхьэнымкIэ екIуал

ХэкIыпIэхэр хэIущIыIу щIыным дыхущIокъу

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)

2014 гъэм организацэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ цIыхухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псори зэхэту псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 328-рэ хьэзыр щащIащ, ар 2013 гъэм елъытауэ процент 12,8-кIэ нэхъыбэщ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ апхуэдиз псэупIэм щыщу процент 90-м щIигъур цIыхухэм езыхэм я ахъшэкIэ зэраухуар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къита бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 30 къызэрыкI фэтэр куэд хъу унэ 12 хьэзыр ящIащ. Абыхэм ящыщу уни 4-р – фэтэри 10 хъууэ Къэщкъэтау поселкэм дащIыхьар, фэтэр 14 хъууэ Бабугент къуажэм дащIыхьар, фэтэр 12 хъууэ Терекскэ къуажэм дащIыхьа унэр, фэтэр 24-рэ хъууэ Тырныауз къалэм щаухуар хухахащ унэ кхъахэхэм къыщIагъэIэпхъукI унагъуэхэм. Ауэ ар икъукIэ мащIэщ дэтхэнэ унагъуэми ику иту исыр цIыхуи 3-4 хуэдиз зэрыхъур къэплъытэмэ (ищхьэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуащи, я чэзум поплъэ унагъуэ мин 13 хуэдиз), дэтхэнэ зы цIыхуми хуэзэу зэкIэ яухуар метр зэбгъузэнатIэ 0,5-м щIигъуркъым. Лэжьыгъэхэр апхуэдэу фIэкIа емыкIуэкIмэ, дэ тхузэфIэкIынукъым Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым, «Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къыщызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу нэхъ хуэмыщIахэр яхуэфэщэн псэупIэкIэ къызэдгъэпэщын.

ХуэмыщIауэ псэууэ къалъытахэм ящыщу зи псэупIэр егъэфIэкIуэн хуейхэм я нэхъыбапIэм папщIэ зэкIэ социальнэ ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыркъым.

Уполномоченнэм тхьэусыхафэ куэд къыхуокIуэ унагъащIэхэми къабгъэдэкIыуи. Социальнэ ахъшэ къыIахыну хуит зэращIым теухуа тхылъхэр 2014 гъэм зратар унагъащIэхэм ящыщу 206-щ. Абыхэм ящыщу зи псэупIэр езыгъэфIэкIуэфар унагъуэ 44-щ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ сабий зеиншэхэр, адэанэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным иужьрей зэманым гулъытэ нэхъыбэ хуащIу зэрыхуежьар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэрыщабжамкIэ, я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ зи гугъу тщIа сабийхэм хуэдэу 1344-рэ 2014 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ятхауэ щыIащ. Гъэ къэс мы Iуэхум трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ, республикэ, муниципальнэ бюджетхэм къыхэкI ахъшэр нэхъыбэ ящI. 2014 гъэм апхуэдэ ахъшэу сом мелуани 100,1-рэ къаутIыпщащ. Абы щыщу сом мелуан 41,7-р федеральнэ бюджетым, сом мелуан 58,4-р республикэ бюджетым я ахъшэщ. Псори зэхэту псэупIэу 113-рэ къащэхуащ. Ахэр зратахэм уахэплъэжмэ, къызэрыщIэкIымкIэ, нэхъыбэм псэупIэхэр хухахащ суд унафэхэм япкъ иткIэ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ, суд унафэм емылъытауэ, зэдыщIэкIыу унэ иратын зэрыхуейр. Языныкъуэхэр судым щытхьэусыхамэ, адрейхэр къекIуэкI хабзэхэм зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу зыщIыпIи мыкIуамэ, абы къикIыркъым сабийхэр зэхэгъэж ящI хъуну. Ауэ мыбдеж къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейщ, зэрыхабзэу, судхэр сабий зеиншэхэм я телъхьэу къызэрыувыр. Мыбдеж чэзур зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ мардэу щыIэр зы закъуэщ - илъэс 14 ирикъуа сабийхэр учетым щыува зэманырщ. А щхьэусыгъуэрщ унэхэр зэрагуэшым захуагъэ зэрыхэмылъым теухуауэ тхьэусыхафэ куэд щыIэ щIэхъуар.

А псоми къадэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ 2012 гъэм мазаем и 29-м къыдагъэкIа Федеральнэ закон №15-ФЗ-м ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм псэупIэмкIэ и кодексым и 57-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-м къару имыIэжу къызэралъытар. Абы къыхэкIыу сабий зеиншэхэм социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ псэупIэ унэхэр я чэзур къэмысауэ 2013 гъэм щIышылэм и 1-м лъандэрэ иратыну хуит ящIыжыркъым. Абы къикIыр мыращ. Япэхэм сабий зеиншэхэмрэ абыхэм палъыт сабийхэмрэ псэупIэ щыхухахкIэ занщIэу социальнэ зэгурыIуэныгъэр ятхырти, ахэр унэм щIагъэтIысхьэрт. ПсэупIэр зылъысахэм илъэси 5 дэкIа нэужь, ар приватизацэ ящIыну е зэрыхуейуэ нэгъуэщI унафэ тращIыхьыну хуитт. Иджы зи гугъу тщIы сабийхэм папщIэ къащэху е яухуэ псэупIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ фонд хэхам хагъэхьэ. Апхуэдэ псэупIэ зратам фонд хэхам щыщ псэупIэ зэрыратамкIэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ, абыхэм социальнэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну хуит щащIыр илъэси 5 дэкIа нэужьщ. Языныкъуэхэр къэралым щызекIуэ хабзэхэм щIагъуэу зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу Уполномоченнэм и дежи нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми щытхьэусыхэрт езыхэр зыбгъэдыхьэ ведомствэхэм документ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэпэщыну, абыхэм копиехэр трагъэхыну къызэрыхуагъэувым икIи кърата псэупIэр егъэтхыныр абы гугъусыгъу къызэрищIым теухуауэ. «Сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэр, апхуэдэу сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ япэлъыта адрей цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэху щхьэхуэхэм ятеухуауэ» 2013 гъэм фокIадэм и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №257-ПП-м къызэригъэувымкIэ, сабий зеиншэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупIэ фонд хэхам щыщ зэгурыIуэныгъэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм ирет псэупIэ фонд хэхам и Реестрым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэмкIэ къищтам тету. Иджыри тхьэусыхафэ куэд къызэрытIэрыхьэм къыхэкIыу аргуэру зэ цIыхухэм ягурызгъэIуэну сыхуейщ мы къыкIэлъыкIуэр: сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, абыхэм япэлъыта адрей цIыхухэм ящыщу унэ зратыпхъэхэм я республикэ спискэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм егъэхьэзыр, чэзум ягъэувахэр зэрызэкIэлъыкIуэм тету а министерствэ дыдэм зэхегъэувэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм гъэ къэс ирет псэупIэ зыхухахынухэм я Реестрыр. Мыбы ехьэлIауэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ икIи псоми къагурыIуапхъэщ сабий зеиншэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, узыфэ хьэлъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм, льготэ зиIэ нэгъуэщI цIыху щхьэхуэхэм икIэщIыпIэкIэ псэупIэ иратыну яхуэзыгъэув суд унафэу щэ бжыгъэхэр иджыпсту КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэми, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэми зэрыщIэлъыр. А псори зэуэ игъэзэщIэн папщIэ республикэм мылъкуи ахъши бгъэдэлъкъым. Суд унафэ къыщIащта цIыхухэм я спискэхэр иджы щхьэхуэу ягъэхьэзыру хуежьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм сабий зеиншэхэм псэупIэхэр яхухэхыным теухуауэ къащтэ суд унафэхэм я бжыгъэр итхыркъым, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ цIыхухэм псэупIэ зэрыратыну реестрыр зэхилъхьэркъым.

Лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэфIагъэкI пэтми, мы Iуэхум пыщIа гугъуехьхэр нэхъ мащIэ хъуркъым. Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм ящыщу псэупIэ зыхухахын хуейхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хохъуэ икIи ар социальнэ гугъуехьышхуэм хуокIуэ. Мыбдеж властым и къэрал, муниципальнэ органхэм яхь жэуапыр ящхьэщыпхыфынукъым, ауэ къэлъытапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр федеральнэ центрым къыхуиутIыпщ дотацэхэм куэдкIэ зэрелъытар. Апхуэдэу щыщыткIэ, тэмэм хъуну къыщIэкIынт сабий зеиншэхэм псэупIэкIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ къэралым программэ щхьэхуэ щызэхалъхьамэ, зыхуэфащэ ахъшэ бжыгъэкIэ щIэгъэбыдауэ. ЗэрыжаIэщи, сабий зеиншэхэр щIыналъэ хэхахэм, республикэ щхьэхуэхэм ейкъым, зеиншэ псори къэралым ейщ икIи абыхэм я гугъуехьыр дэгъэкIыным щегупсыскIэ дэтхэнэ щIыналъэми иIэ зэфIэкIхэр къалъытэн хуейщ.

Республикэм иджыри щагъэзащIэ фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ, кхъахэ хъуа унэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным теухуа республикэ программэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №137-ПП-мкIэ къищта республикэ программэм иратхауэ щытащ метр зэбгъузэнатIэ 14498-м нэблагъэ къызэрыкI унэ кхъахэу 102-м хиубыдэ фэтэру 359-м щыпсэу цIыхуу 825-рэ ягъэIэпхъуэн хуейуэ. Апхуэдэ лэжьыгъэр гъэзэщIэным текIуэдэну сом мелуан 391-рэ мин 585-м щыщу зыхуэфащэ фондым сом мелуани 161-рэ мин 63-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 230-рэ мин 500-рэ къыхэкIын хуейт. Республикэм и языныкъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм щыIэ унэ кхъахэхэм щIэс цIыхухэр къыщIагъэIэпхъукIащ, къат куэду зэтемыту ящI унэхэм щыщ фэтэрхэр къыхуащэхуурэ. Шэч лъэпкъ къытедмыхьэжу жытIэ хъунущ псэупIэ зимыIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным, цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, унэхэр зэгъэпэщыжынымрэ реконструкцэ щIынымрэ я лъэныкъуэкIэ иужьрей зэманым республикэм и къэрал, муниципальнэ органхэм куэд зэралэжьыр. Абы и фIыщIэкIэ общежитхэр кIуэтэху нэхъ мащIэ мэхъу, къуажэхэри къалэхэри зэIузэпэщ ящI. Ауэ, бжыгъэхэм захуэбгъазэмэ, нэрылъагъу къыпщохъу я псэупIэхэр зэрызэкIэлъымыкIуэм, зыщIэсын зэрамыIэм къыхэкIыу цIыху куэд гугъу зэрехьыр. КъаутIыпщ ахъшэр зыхурикъур льготэ зиIэ цIыхухэм ящыщ Iыхьэ мащIэрщ, хуэмыщIауэ псэухэм, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм я спискэхэм итхэм я чэзур зикI кIуатэркъым. ПсэупIэ къратыну зыхуэфащэхэр я чэзум илъэс куэдкIэ пэплъэн зэрыхуейр къэлъытауэ социальнэ ухуэныгъэм зегъэубгъун хуейщ, абы щхьэкIэ нэгъуэщI проектхэмрэ программэхэмрэ къызэтрагъэувыIэн хуей хъуми. Тхьэусыхафэхэм ящыщ куэд республикэм и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органхэм зэрахуэгъэзам къыхэкIыу дэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым худогъэхь республикэм и псэупIэ фондыр щIапщытыкIыну зыхуэфащэ IэнатIэхэм пщэрылъ ящищIын икIи псэупIэ унэхэр коммунальнэ IэнатIэхэм тэмэму зэрахьэныр къызэрагъэпэщын, приватизацэ ящIа псэупIэхэр зыIэщIэлъхэм методикэ, къинэмыщI дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ.

ЩIым и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ цIыхухэм къагъэхь тхьэусыхафэхэр

ЩIыр къэгъэсэбэпынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ къуажэдэсхэм Уполномоченнэм къыхуагъэхь тхьэусыхафэхэр 2014 гъэм нэрылъагъуу нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэ тхыгъэхэр къагъэхьащ Прохладнэ, Шэджэм, Лэскэн, Бахъсэн, Тэрч, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районхэм щыпсэухэм. ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ, ахэр нэхъыбэу зытеухуар къуажэдэсхэм щIы Iыхьэхэр зэрырамытырщ, ауэ гектарипщIхэр, уеблэмэ гектар мин бжыгъэхэр а щIыхэм зыкIи пымыщIа икIи Iуэху хузимыIэ цIыхухэм зэраIыгъырщ.

Апхуэдэ тхыгъэхэр, лэжьакIуэ гупхэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэри яхэту, зэрызэхэдгъэкIам нэрылъагъу къищIащ щIыр къызэрагъэсэбэпыр иджыри зэрамыгъэтэмэмар икIи абы зэныкъуэкъу ткIийхэр къызэришэр.

ЯпэщIыкIэ Iуэхум и къекIуэкIыкIам дытепсэлъыхьынщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м щыгъэуват муниципальнэ щIыналъэхэм яIыгъ щIыхэм езыхэм унафэ тращIыхьыжын хуейуэ. Ар икIи тэмэмт. Ауэ законым щаубзыхуакъым апхуэдэ хуитыныгъэр къэгъэсэбэпынымкIэ Iэмалхэр. Абы къыхэкIыу УФ-м и субъектхэм муниципальнэ щIыналъэхэм я статусыр щаубзыхум яхузэфIэкIакъым зэтеува хабзэхэм (языныкъуэ къуажэхэр зэман кIыхькIэ къалэшхуэхэм я гъунапкъэм хиубыдауэ къызэрекIуэкIыр, ауэ абыхэм муниципальнэ щIыналъэм и статусыр зэрахъумар, лъэпкъ хабзэхэр, дэтхэнэ щIыпIэми щыIэ псэукIэр, къинэмыщIхэри) къезэгъыу щIым и статусым унафэ тэмэм тращIыхьын.

Апхуэдэу а законым къару щигъуэтын хуей пIалъэр икъукIэ зэрыкIэщIым къыхэкIыу властми цIыхухэми яхузэфIэкIакъым ар къэгъэсэбэпыным пыщIауэ къыкъуэкI зэмыуIуныгъэхэр зэхагъэкIын.

Шэч хэмылъу, законыр щызэхалъхьэм ягъэува мурадыр тэмэмт. Къуажэхэм налог зытеплъхьэ хъуну щыIэр щIым и закъуэщ икIи муниципалитетхэм я бюджетым и хэхъуэхэр къызэгъэпэщынымкIэ мыр Iуэху щхьэпэт.

«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къыщащтэм ягъэуващ жылагъуэ зэхуаку щIыналъэу яубзыхуахэр муниципалитетхэм я унафэм щIэтын хуэмейуэ. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ езы къуажэдэсхэм я еплъыкIэр къалъытакъым. Ар Федеральнэ законым къигъэувхэм езэгъыртэкъым. Абы цIыхухэр игъэпIейтеящ. Псом хуэмыдэу республикэ законым къигъэувхэм тегузэвыхьырт игъащIэ лъандэрэ щIыр къызэмэщIэкI бгырыс къуажэхэм щыпсэухэр.

Законым ныкъусаныгъэхэр зэрыхэлъыр икIи абы зэгурымыIуэныгъэхэр къызэришэр къалъытэри, республикэм и унафэщIхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэжьат муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр езы къуажэдэсхэм я зэгурыIуэныгъэкIэ гъэувыным, абы и лъэныкъуэкIэ зэман кIыхь лъандэрэ къекIуэкI хабзэхэри, щIыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэри, езы жылагъуэхэм я зэхущытыкIэхэри къэлъытэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэ лэжьыгъэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэм тэмэму къагурыIуащ икIи адэкIи зэныбжьэгъуу, зэгурыIуэу псэуным и телъхьэу къэуващ. Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэр зыхалъхьа законым Парламентыр хэплъэну щыхуежьэм, абы къыхыхьащ лъэпкъ щхьэхуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр икIи абы Iуэхур къилъэхъащ.

Властым и IэнатIэхэр къикIуэтыжри, апхуэдэхэм деж тегъэщIапIэ ящIыр къыдахыжащ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къызэригъэпэщащ республикэм и лъэпкъ нэхъыщхьищым я лIыкIуэхэр я бжыгъэкIэ зэхуэдизу зыхэт комиссэ щхьэхуэ. Ар елэжьыжу законыр 2011 гъэм кърибубыдэу къащтэну ягугъащ, ауэ апхуэдэ мурадыр ямыгъэзащIэу къэнащ. Нобэм къэс Iуэхур а зэрызэфIэлъу къонэ икIи абы къыхэкIыу цIыху щхьэхуещэ щхьэхуэхэм ар къагъэсэбэп, уеблэмэ къуажэдэсхэр зэныкъуэкъухэм къыхашэурэ зэщIагъаплъэ.

Иужьрей зэманым губзыгъэ куэд къэунэхуащи, хэт щIыр къуажэдэс псоми зэхуэдэу ятегуэшэн хуейуэ къыхелъхьэ, хэти къегъэув бэджэнд Iуэхум адэкIи пащэну, ауэ бэджэндырылажьэхэр къыхэхынымкIэ конкурсхэр ирамыгъэкIуэкIыу щIыр къэзыгъэсэбэпхэм ар зэраIыгъыну пIалъэм хупащэну. Иджы нэхъ тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьу щIадзащ щIыр псоми зэщIыгъуу къагъэсэбэп мылъку щIыжыным. Гупу зэдэлэжьэным и телъхьэхэм быдэу жаIэ, колхозхэм ещхь хозяйствэхэр къызэрагъэпэщыжмэ, мэкъумэшхэкIхэр пэрыхьэт хъужыну, щIы бгынэжахэр щымыIэжыну, къуажэми псынщIэу зыкъиIэтыжыну.

ЦIыхухэм я лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ хэплъэу зыхуэфащэ жэуапхэр яритыжын папщIэ дэ зыхуэдгъэзащ КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министр Бышэн А.А. Абы къызэрыджиIамкIэ, щIым теухуа реформэр егъэкIуэкIынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр игъэхьэзырын папщIэ 2014 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэ къызэрагъэпэщащ икIи абы и япэ зэIущIэм щыхэплъэнущ муниципальнэ районхэм щыпсэухэм къаIэт Iуэхухэм. Абы къыдэкIуэу министрым къытхуитхыжащ: «2015 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ къару егъуэт «Урысей Федерацэм ЩIымкIэ и кодексымрэ Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къащта Федеральнэ закон №171-ФЗ-м. Абы ипкъ иткIэ къэрал мылъкум щыщ щIыуэ жылагъуэм и щIыналъэм хиубыдэхэм унафэр тезыщIыхьынур щIыпIэ органырщ, ауэ щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ, абы ухуэныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ хабзэхэр къащтауэ щытын хуейщ. КъызэрытлъытэмкIэ, апхуэдэ законым цIыху щхьэхуэхэми IуэхущIапIэхэми я дежкIэ нэхъ тынш ищIынущ щIы къеIыхынымрэ ар егъэтхынымрэ. Ауэ щIы Iуэхухэр зэблэзыгъэкI законыр къащтэху адэкIи къагъэсэбэпынущ къэралым е муниципалитетым и мылъкуу щыт щIы Iыхьэу мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэпхэр цIыхухэм е IуэхущIапIэхэм ящыщу зезыхьэнухэр конкурсхэм, аукционхэм къызэрыщыхах хабзэр. Апхуэдэм деж Федеральнэ законым къигъэувхэм ткIийуэ тетынущ».

Министрым зэрыжиIэм хуэдэу псори гъащIэм щекIуэкIыу щытамэ, къуажэдэсхэр апхуэдизрэ тхьэусыхэнутэкъым щIыр щагуэшкIэ хьэгъэщагъэ зэрыхалъхьэм, ар къулыкъущIэ щхьэхуэхэм фейдэ хэкIыпIэ зэращIам теухуауэ. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, дэри иджыпсту дыхьэзыркъым щIы Iуэхухэр зэблэгъэкIынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыфIу къэплъытэ хъунухэр къыхэтлъхьэну, атIэми а Iуэхур зэныкъуэкъушхуэ хэмылъу щыдагъэкIыфыну щыта зэманыр зыри ямылэжьу благъэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю.А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыжиIащ «мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп щIыхэр зыIэщIэлъыпхъэр яубзыхуну, апхуэдэ щIыхэр бэджэнду зэрат щIыкIэр ирагъэфIэкIуэну икIи а псори захуагъэ хэлъу къызэрагъэпэщыну» и чэзу зэрыхъуар. Абы ущегъэгугъ щIыр яхуэмыфащэу зратахэм къыIахыжыну икIи ар тэмэму къэзыгъэсэбэпыфынухэм хухахыну.

ЦIыху зырызхэм фIэкIа емыуалIэ (орфан) узыфэ хьэлъэхэр зыпкърытхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным хэлъ гугъуехьхэр

ЯпэкIэ дэ зыбжанэрэ къэтIэтащ цIыху зырызхэм фIэкI емыуалIэ узыфэ хьэлъэхэр зыпкърытхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным хэлъ гугъуехьхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр щыIэ хъуа щхьэкIэ, Уполномоченнэм иджыри къыIэрохьэ апхуэдэ сымаджэхэр зыхуей хущхъуэхэмкIэ тэмэму къызэрызэрамыгъэпэщым теухуа тхьэусыхафэхэр. Абы и щапхъэщ 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м къытIэрыхьа мыпхуэдэ тхыгъэр:

«Сэ, 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м къалъхуам, куэдым емыуалIэ гемолитико-уремие синдром (ГУС) узыфэ хьэлъэ сиIэщ. Сыпсэун папщIэ сэ сэбэп къысхуэхъуну къалъытар «Экулизумаб» хущхъуэрщ (абы теухуауэ федеральнэ эксперт профессор Козловский Н.Л. и заключенэмрэ дохутыр комиссэм и заключенэмрэ я копиехэр ныщIызогъу). КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хуэстхалъэIум и жэуапыр къысIэрыхьэжащ, ауэ нобэм къэс хущхъуэр зэсхьэлIэу щIэздзэну Iэмал згъуэтыркъым, си узыншагъэр кIуэтэху нэхъ зэIохьэ. И зэманым а хущхъуэр къызахьэлIэу щIамыдзэмэ, узыфэр къызэтрагъэувыIэжыфынукъым. Мыбдеж къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ и зэманым зыхуэфащэ хущхъуэхэмкIэ къызэIэзэн хуейуэ зэрыщытыр законми зэрыщыубзыхуар.

ПщIэ зыхуэсщI Борис Мустэфа и къуэ! СынолъэIу мы Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зэхэбгъэкIыну, сыту жыпIэмэ адэкIэ иджыри къызэмыIэзэу зэман гуэр дэкIмэ, ныкъуэдыкъуагъэшхуэ згъуэтынущ»

Мы сымаджэм и гузэвэгъуэр дигъэкIын папщIэ занщIэу къыкIэлъыкIуэ махуэм (2014 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м) Уполномоченнэм тхыгъэхэр яхуигъэхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым, КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщIым, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым. Абыхэм я фIыщIэр дгъэкIуэдыну дыхуейкъым, республикэм и унафэщIхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм сымаджэм зэрыдэIэпыкъун хэкIыпIэ къигъуэтащ - ар зыхуей хущхъуэр къыхуащэхуауэ стационарым щрахьэлIэ. Апхуэдэу щыт пэтми, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт И.М. къызэрытхуитхамкIэ, «...сымаджэм сыт хуэдэу ди гур щIэмыузми, хущхъуэр къызэрытщэхун ахъшэр адэкIэ тхузэгъэпэщынукъым». Ар къилъытэри, Уполномоченнэм тхыгъэкIэ зыхуигъэзащ Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Скворцовэ В.И. А тхыгъэм къыщыхэгъэщащ цIыху зырызхэм фIэкI емыуалIэ узыфэ хьэлъэхэр зыпкърытхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныр 2013 гъэм щегъэжьауэ езы щIыналъэхэм я пщэ зэрыралъхьэжар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм апхуэдэ сымаджэу 58-рэ щыIэщ, абыхэм ящыщу цIыхуи 4-м «Солирис» хущхъуэр ирахьэлIэн хуейщ. Сымаджэу щым 2014 гъэр иухыху къэнэжа зэманымрэ 2015 гъэм и щIышылэ мазэмрэ хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ сом мелуан 31,4-рэ яхуейщ. ЕплIанэ сымаджэм 2015 гъэм мазаем и 12-м нэсыху зрикъун хущхъуэ къыхуащэхуащ. Мы цIыхуиплIым илъэсым яхурикъун хущхъуэ къэщэхуным сом мелуани 123,2-рэ токIуадэ (нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ: КъБР-м и цIыхуу льготэ зиIэхэр 2015 гъэм хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 509,4-рэ ихьу къабжащ, абы щыщу орфан узыфэхэр зыпкърытхэм сом мелуани 169,8-рэ хухахын хуейщ. «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и «Узыншагъэр хъумэныр» Iыхьэм КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ сом мелуани 142,3-рэ щыхухах, ар псори зэхэту зыхуеййм и процент 28-рэ хъууэ аращ).

Мис а псоми япкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр дотацэхэм куэдкIэ зэрелъытам къыхэкIыу Уполномоченнэр Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым елъэIуащ республикэм льготэ зиIэ цIыхуу исхэр хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ сом мелуан 509,4-рэ, абы щыщу сом мелуани 169,8-р орфан узыфэ зиIэхэм папщIэ къиутIыпщыну. Абы къыдэкIуэу ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэми тхыгъэ щхьэхуэ хуедгъэхьащ, зи гугъу тщIы гугъуехьыр дотацэ зрат адрей щIыналъэхэми зэрателъым къыхэкIыу ар Урысей Федерацэм и Уполномоченнэм гъэ къэс игъэхьэзыр докладым къыщыхигъэщыну делъэIуу.

Псори къыщIедгъэжьа сымаджэм и дежкIэ зыдгъэзэжынщи, дохутырхэм къызэрыджаIамкIэ, абы и узыншагъэр нэхъ зэтеувэжащ. Ауэ и адэ-анэр къызэрылъэIуам къыхэкIыу Уполномоченнэм и мурадщ Москва и клиникэхэм ящыщ зым къыщеIэзэн папщIэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм аргуэру лъэIукIэ зыхуигъэзэну.

Зи IэпкълъэпкъыIр тэмэму къызыдэмыбз ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Урысей Федерацэр социальнэ къэралщ икIи абы и политикэр хуэгъэзащ цIыхур зыхуей хуэзэу икIи щхьэхуиту зиужьынымкIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыным.

(Урысей Федерацэм и Конституцэ, 7-нэ статья, пункт 1-нэ)

Зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз цIыхухэм жылагъуэр зэрыхущытым къегъэлъагъуэ къэралым и зыужьыкIэри абы исхэм я зэхэщIыкIри зыхуэдэр.

Иджыпсту цIыху ныкъуэдыкъуэр гугъуехь куэдым хэтщ. Ахэр жылагъуэ транспортыр къэгъэсэбэпынми, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуегъэщIэнми, еджэнми, шхэнми, лэжьэнми, нэгъуэщI Iэджэми япыщIащ. А псоми я зэранкIэ ныкъуэдыкъуэр гъащIэм пыгъэщхьэхукIа мэхъу, дохуэх. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ныкъуэдыкъуэхэм я Iуэхур дэгъэкIыным зэрыщыту Урысей Федерацэми абы и щIыналъэ щхьэхуэхэми иужь илъэсхэм нэхъ щегугъуу зэрыхуежьар. Зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбзхэр гъащIэм нэхъ нэсу къыхашэн папщIэ дэнэ щIыпIи щогупсыс ахэр гугъу езыгъэхь щхьэусыгъуэхэр гъэкIуэдыным, социальнэ, жылагъуэ, транспорт, къинэмыщI инфраструктурэхэм щыIэ лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыным.

Республикэм мы зэманым щагъэзащIэ ныкъуэдыкъуэхэм зэран яхуэхъу лъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIэ 2013 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа программэ хэхар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ IэнатIэм и социальнэ инфраструктурэм хиубыдэ IуэхущIапIэу 577-рэ зыхуей хуагъэзапхъэщ ныкъуэдыкъуэхэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр тэмэму хуащIэфын папщIэ. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтынымкIэ зыри зэран къахуэмыхъуным хуэгъэзауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр щыубзыхуащ «2014-2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» КъБР-м и къэрал программэм.

Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ сабий ныкъуэдыкъуэхэр щеджэну IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу субсидиехэр къратынущ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ, транспорт, инженер инфраструктурэр, информацэм и Iэмалхэр нэхъ тэмэму къагъэсэбэпыфын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ жыджэру зэрыбгъэдыхьэр.

Ауэ дэ зи гугъу тщIы Iуэхум иджыпсту ди гупэр хуэдгъэза къудейуэ аращ. Ар нэрылъагъу къыпщохъу, ди уэрамхэм урикIуэмэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ IуэхущIапIэхэм, сату IуэхущIапIэхэм ущIыхьэмэ, цIыху куэдым я зэхуэсыпIэу щыт щIыпIэхэм ущызэхэзекIуэмэ. Языныкъуэхэм а псори къафIэмыIуэхункIэ хъунщ. Ауэ сэ япэрей докладхэми къыщыхэзгъэщащ, иджыри аргуэру тегъэчыныхьауэ жызоIэ зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз цIыхум зымащIэкIи зэран хуэхъу щхьэусыгъуэ щыIэн зэрыхуэмейр, сыту жыпIэмэ зыхузэфIэмыкIым и гукъыдэжыр зэ еплъыгъуэкIэ мыхьэнэншэу къыпщыхъун дэтхэнэ гугъуехьми къызэпиудыфынущ.

Мыдрей лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иIэщ дэтхэнэ зы ныкъуэдыкъуэми и зэфIэкIхэр къигъэбэпынымкIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыным. Ауэ социальнэ инфраструктурэм хиубыдэ IэнатIэхэм я нэхъыбэр зыхуэфащэ техническэ IэмалхэмкIэ къызэгъэпэщакъым е ахэр зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбзхэм зыкIи яхуэмыщIауэ къонэ.

Зи лъэм зэримыхьэхэм я Iуэхухэр зыхуэфащэ IэнатIэхэм щызэфIагъэкIын папщIэ щIыхьэпIэхэм пандусхэр щыгъэувын къудеймкIэ зэфIэкIынукъым. Ныкъуэдыкъуэхэр - зи лъэм зэримыхьэхэм я мызакъуэу, сымаджагъэм лъэрымыхь ищIахэри яхэту - къэрал IуэхущIапIэхэм щIекIуалIэр зыхуэфащэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэн папщIэщ. Ауэ ахэр гугъуехь хохуэ организацэхэм я унэхэм щIыхьа нэужьи, зыдэтIысын, псы щеIубын, щызыдэплъыхыжын зэрыщымыIэм къыхэкIыу.

Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, Налшык дэт «Вестер-Гипер» сату IуэхущIапIэ иныр. Ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ цIыхур абы и етIуанэ, ещанэ къатхэм дэкIуеифынукъым, лифт е нэгъуэщI Iэмэпсымэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу.

Илъэс тIощI хуэдиз лъандэрэ Германием щыпсэу, зэрыныкъуэдыкъуэм къыхэкIыу гу цIыкIукIэ къэзыкIухь цIыхухъур и Iыхьлыхэм псэупIэкIэ ядэIэпыкъун папщIэ 2014 гъэм Налшык къэкIуэну триухуауэ щытащ. Ауэ къалэм и хьэщIэщхэм запищIа нэужь, абы зы пэши игъуэтакъым зи лъэм зэримыхьэ цIыхухэм папщIэ зэгъэпэщауэ.

Пандусхэм я Iуэхум къытедгъэзэжынщи, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Эксперт советым и IэщIагъэлIхэмрэ хэту ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ зи гугъу тщIы пандусхэм ящыщ куэдыр ягъэува мардэхэм зэремызэгъыр, ахэр зэзымыгъэпэщахэри мымащIэу зэрыщыIэр. Псалъэм папщIэ, пандусхэр тэмэму яIэщ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым, Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм, ХъумапIэ банкым и IуэхущIапIэ куэдым, геронтологие центрым, медицинэ-социальнэ экспертизэмкIэ бюром я унэхэм, ауэ пандусхэр хуащIакъым КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унэм, къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм, «Восток» кинотеатрым. Поликлиникэхэми абы и лъэныкъуэкIэ я лэжьэкIэр зэтехуэркъым. Апхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ Налшык къалэм дэт аптекэхэм ящыщ куэдым зи лъэм зэримыхьэ цIыхухэр щIыхьэфыну зэрыщымытыр.

Ар Iуэхум и зы лъэныкъуэу аращ. ЕтIуанэр - гу цIыкIукIэ къэзыкIухьхэр зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм нэсын папщIэ гугъу зэрехьырщ. Жылагъуэ транспортым и къэувыIэпIэхэм екIуэлIэгъуейщ, апхуэдэ ныкъуэдыкъуэхэр къезышэкI автобусхэри мащIэ дыдэщ, абыхэм яхуэщIа таксихэр щыIэххэкъым.

ЦIыху ныкъуэдыкъуэхэр къекIуэкI гъащIэм хэзагъэу псэун, абыхэм гукъыдэж нэс яIэн папщIэ куэд елъытащ ахэр зыхуэфащэ техническэ IэмэпсымэхэмкIэ, протез-ортопедие хьэпшыпхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым. ФIыкIэ къыхэгъэщыпхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ республикэр япэкIэ лъэщу зэрыкIуэтар. КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлIэу ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа техническэ Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ хуэдэу 16283-рэ къащэхури ныкъуэдыкъуэхэм иратащ. Ар республикэм ныкъуэдыкъуэу исыр зыхуей псоми я процент 90-м щIегъу. Апхуэдэ лэжьыгъэр нэхъыбэу зи фIыщIэр Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и къудамэу КъБР-м щыIэрщ.

Гугъуехь пыухыкIахэр къажьэхоуэ набгъэхэмрэ нэфхэмрэ. Абыхэм я гъащIэр ящыгъэпсынщIэным хуэгъэзауэ программэ хэха зэхэлъхьэпхъэу къыщIэкIынущ. Нэфхэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Черкесовэ Л. И. къызэрилъытэмкIэ, набгъэхэмрэ нэфхэмрэ хуэныкъуэщ къагъэлъагъуэхэр псалъэхэмкIэ зыгъэIу ноутбукхэм, лъым хэт фошыгъур зыхуэдизыр къызэрапщ Iэмэпсымэм (глюкометру) къигъэлъагъуэр псалъэкIэ зыгъэIухэм. Апхуэдэу нэфхэм папщIэ хэхауэ къэхухьыпхъэщ транспорт къэувыIэпIэхэм, гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм я Iыхьэ пыухыкIахэр, транспорт зекIуапIэмрэ лъэсхэм я зекIуапIэмрэ зэпызыгъэщхьэхукI щIыпIэхэр.

Дин зыIыгъхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ Уполномоченнэр дин зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэр

«- зыми диным зэрыхущытыр хэIущIыIу ищIыну и къалэнкъым икIи ар зыми хигъэзыхь хъунукъым диным зэрыхущытыр иубзыхун папщIэ;

- зыри дин пыухыкIа иIыгъыну е диныр хыфIидзэну хагъэзыхь хъунукъым;

- зыми хуитыныгъэ иIэкъым цIыхур дин хуэIухуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм хэтыну е хэмытыну, диным хуеджэну цIыхур хигъэзыхьыну;

- зи ныбжьыр нэмыса сабийхэр дин зэгухьэныгъэхэм хашэну, апхуэдэу ахэр езыхэр, я адэ-анэхэр е зэзышэлIэжауэ зыпIыжхэр мыарэзыуэ диным хурагъэджэну хуит ящIыркъым;

- цIыхум лей ирахыурэ, абы дин зэриIыгъым папщIэ пудыныгъэ кIэлъызэрахьэурэ диным и лъэныкъуэкIэ иIэ хуитыныгъэхэр дигъэкIыным зэран хуэхъухэм тезыр тралъхьэ».

(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.)

ХэкIыпIэхэр хэIущIыIу щIыным дыхущIокъу

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3 - 4-нэ нап.)

(«ДинымкIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым щыщщ)

Псори дызэрыщыгъуазэщи, иджырей зэманым жылагъуэ зыужьыныгъэм и лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхум и хуитыныгъэхэр. Дэтхэнэ зыми и пщIэр хъумэнымрэ ар щхьэхуиту псэунымрэ къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ пэжыгъэмрэ псапэмрэ. А фIыгъуэхэр ди цIыхухэм къадекIуэкI дин нэхъыщхьэхэм зыхуаущий мурадхэм хеубыдэ. Дин IуэхущIапIэхэр сытым дежи къащхьэщож лей зытехьэхэм, зылъэмыкIхэм, къулейсызхэм, ныкъуэдыкъуэхэм. Апхуэдэ хабзэхэр хеубыдэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм.

Совет лъэхъэнэр иуха нэужь Кавказым диныр нэрылъагъуу къыщызэщIэрыуэжащ икIи ар къэплъытэ хъунущ ислъамым и къэщIэрэщIэжыныгъэу. Апхуэдэ Iуэхухэр къэрал властми диIыгъырт. Къэралыр дин зэгухьэныгъэхэм IуэхукIи, псалъэкIи, мылъкукIи ядэIэпыкъурт. Ди деж мэжджытхэр щаухуэрт, дин лэжьакIуэхэр щрагъаджэрт. Къапщтэмэ, куэд лъандэрэ республикэм щыIэ ислъам институтыр хъарзынэу мэлажьэ. Республикэм и унафэщIхэм я фIыщIэкIэ хьэжыщI ягъакIуэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту екIуэкIащ икIи нэхъ хуэмыщIауэ къалъытэхэм хьэжы ящIын папщIэ ахъшэкIэ дэIэпыкъуу къекIуэкIащ.

А псоми къадэкIуэу ислъамым и къэщIэрэщIэжыныгъэм дызыпэмыплъа Iуэхухэри къишащ. «Ислъам нэсым» и телъхьэхэр еныкъуэкъуу хуежьащ илъэс Iэджэ лъандэрэ ди лъэпкъхэм къадекIуэкI диным итхэм. А зэныкъуэкъуныгъэм къыхэIэбзу щIадзащ зы лъэныкъуэкIэ - хабзэхъумэ органхэр, адрей лъэныкъуэкIэ - Кавказ Ищхъэрэм щыIэ щытыкIэр зэIагъэхьэну хущIэкъу ислъам центру къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэхэм зэщIагъаплъэ радикальнэ гупхэр. Апхуэдэ зэныкъуэкъуныгъэхэр къызэтрагъэувыIэн папщIэ дин лэжьакIуэхэр цIыхухэм арэзы укъищIу яхэпсэлъыхьыртэкъым. АтIэми куэдым я зэхэщIыкIыр лъахъшэт. Республикэр ехуэхати, щIалэгъуалэм я нэхъыбапIэр лэжьапIэншэт, зрагъэгъуэта IэщIагъэр къззыгъэсэбэпыфхэр мащIэ дыдэт.

Социалогхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, КъБР-м и щIалэгъуалэм лэжьапIэншэу куэд щIахэтым и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ вузхэмрэ нэгъуэщI профессиональнэ еджапIэхэмрэ щIэсхэм ирагъэгъуэт IэщIагъэхэр рынокым къигъэувхэм, апхуэдэу республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэ егъэгъуэтынымкIэ къалэнхэм зэремызэгъыр. ЛэжьапIэ зымыгъуэт щIалэгъуалэм я нэхъыбапIэр юриспруденцэм, экономикэм, социальнэ IэнатIэм ехьэлIа щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлIхэрщ. А IэщIагъэхэм щыхурагъаджэкIэ къалъытэркъым кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ заказхэр зэрыщымыIэр, къэкIуэну зэманым а IэщIагъэхэм яIэну щIэупщIэр зыхуэдэр. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэрщ зи акъылыр зэтемыува щIалэхэм дин экстремизмэм, терроризмэм я идеологиехэр къащтэнымкIэ къежьапIэ хъуар.

Мис а псоми къыхэкIыу Уполномоченнэм и IуэхущIапIэр нэхъ жыджэру ядэлажьэу хуежьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэ Валентин, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Дзасэжь Хьэзрэталий сымэ. Дэ зэщIыгъуу зэфIэдгъэкIынухэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэтщIылIащ икIи а зэгурыIуэныгъэхэм тету зэфIэдгъэкIынухэр дубзыхуащ. Апхуэдэ лэжьэкIэр дэ сыт и лъэныкъуэкIи къыддиIыгъащ Пятигорск, Черкесск щIыналъэхэм я архиепископ Феофилакт. Православнэ чристэнхэми, муслъымэнхэми, нэгъуэщI динхэр зыIыгъхэми я хуитыныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ дызэрызэдэлажьэр сэбэп хъунущ дэтхэнэ динми и фIыгъуэхэр хъумэнымкIэ, унагъуэ хабзэхэр гъэбыдэнымкIэ, диныр зыIыгъ дэтхэнэ зыми пщIэ хуащIу цIыхухэр гъэсэнымкIэ, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ хъумэнымкIэ, дин, лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэхэр зи лъабжьэ экстремизмэр гъэкIуэдыным хуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ, шынагъуэншагъэр зэтегъэувэнымкIэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьынымкIэ.

Щхьэхуиту, щIыхь иIэу, и Iуэхухэм зыри къыхэмыIэбзу щытынымкIэ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныр

«ЦIыхум и щIыхьыр къэралым ехъумэ. Ар гъэмэщIэнымкIэ тегъэщIапIэ лъэпкъ щыIэкъым».

«Зыми залымыгъэ, лей, цIыхум и щIыхьыр зыгъэлъахъшэ нэгъуэщI мыхъумыщIагъэ кIэлъызэрахьэ хъунукъым».

(Урысей Федерацэм и Конституцэм и 21-нэ статья)

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Конституцэм къигъэув а Iуэхугъуэхэр властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я язынкъуэ лэжьакIуэхэм я дежкIэ нэхъыщхьэхэм ящыщкъым, уеблэмэ, ахэр къыщызэпауд къохъу.

Уполномоченнэм тхьэусыхафэ куэд къыIэрохьэ хабзэм и хъумакIуэхэм цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ. Абы дэ дыщытепсэлъыхьащ япэрей докладхэм. 2014 гъэми зэхъуэкIыныгъэшхуэ щыIакъым.

КъБР-м и прокуратурэм, КъБР-м щыIэ МВД-м къызэратамкIэ, республикэм и щIыналъэм щалэжьауэ нэгъабэ хабзэншагъэу 8668-рэ ятхащ, ар 2013 гъэм елъытауэ процент 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ. Суд департаментым и управленэу КъБР-м щыIэм къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Iуэху псори хэплъэ судхэм 2014 гъэм уголовнэ Iуэхуу 2385-рэ зэпкърахащ, абыхэм ящыщу Iуэху 2060-м ехьэлIауэ унафэ пыухыкIахэр къащтащ. Граждан Iуэхуу зыхэплъа 17751-м ящыщу Iуэху 13340-м ехьэлIауэ унафэхэр къащтащ. Апхуэдэ бжыгъэшхуэхэмрэ Iуэху пыухыкIахэмрэ ехьэлIауэ къапщтэмэ, Уполномоченнэм къыIэрыхьа тхьэусыхафэхэр куэд мыхъуу, абы и лъэныкъуэкIэ республикэм щыIэ щытыкIэр мыIейуэ къыпщыхъунущ. Ауэ дэтхэнэ зы тхьэусыхафэри цIыху къызэрыгуэкIым и гъащIэм, абы и гузэвэгъуэмрэ гурыгъухэмрэ ятеухуащ, апхуэдэу щыщыткIэ, ущIэгузэвэнури ущIызэгуэпынури егъэлеяуэ куэд мэхъу.

Уполномоченнэм и IуэхущIапIэм и дежкIэ гъэунэхуныгъэу щытащ зэрыжаIэу «58-м я Iуэхур».

Ар гурыIуэгъуэ хъун папщIэ:

2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм боевикхэр Налшык къалэм къыщытеуам хабзэхъумэ лэжьакIуэу 35-рэ, къызэрыгуэкI къалэдэсу 15 хэкIуэдащ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу 129-рэ, къызэрыгуэкI цIыхуу 66-рэ уIэгъэ хъуащ. Абы щыгъуэ бзаджащIэу 95-рэ яукIащ. Ар зыри пэмыплъауэ къызэрыкъуэха Iуэхут. Мамыру, къыхэмыщтыкIыжу къекIуэкI къалэр гущIэгъуншагъэм къыдэушат. Куэд щIэупщIэрт апхуэдэ щIэщхъушхуэм и щхьэусыгъуэм. АтIэми хэкIуэда къызэрыгуэкI цIыхухэри, хабзэм и хъумакIуэхэри, яукIа боевикхэри я нэхъыбапIэкIэ республикэм щыщт. Ахэр зэщIыгъуу школхэм щеджат, зы уэрамым къыщыхъуат, языныкъуэхэр зэунэцIэджэгъут, уеблэмэ, зэунэкъуэщт. Ауэ зы напIэзыпIэм языныкъуэхэр лIыукIыу къыщIидзри, адрейхэр абыхэм яIэщIэкIуэдат.

Iуэхур зэхагъэкIыу, къэхъуам и щхьэусыгъуэхэм егупсысу, къуаншэхэр жэуапым зэрырашэлIэным зыхуагъэхьэзыру хуежьащ. А Iуэхум и курыкупсэм Уполномоченнэри икIэщIыпIэкIэ хэмыхьэу хъуакъым. Зы лъэныкъуэкIэ къэтщтэнщи, дэ къытIэрыхьэу хуежьащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм зэрырагъэлейм, следствэр тэмэму зэрырамыгъэкIуэкIым, хабзэм къемызэгъ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпым, къуаншагъэ лъэпкъ зыбгъэдэмылъ цIыхухэр яубыдурэ зэрагъэтIысым теухуа тхьэусыхафэхэр. Конституцэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ конвенцэм къызэрагъэувым тету дэ а тхьэусыхафэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри зэпкърытхырт, щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ шэч зэрыхуащIым къыхэкIыу СИЗО-м щыIагъхэм я анэхэм, шыпхъухэм, щхьэгъусэхэм дахуэзэрт.

Мыдрей лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, зи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ хэкIуэдахэм щIэпхъаджагъэ зылэжьахэр жэуап тIкIийм икIэщIыпIэкIэ ирашэлIэну къагъэувырт икIи цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэр боевикхэм къадэщIу къащыхъурт. Мы Iуэхум илъэсибгъум нэблагъэкIэ хэплъащ икIи апхуэдиз зэманым къриубыдэу дэ къытIэрыхьа дэтхэнэ тхьэусыхафэри зэпкърытхыу, ягъэкъуаншэхэм я тхыгъэхэм япкъ иткIэ ахэр здэщыIэ щIыпIэхэм дыкIуэрэ Iуэхур зэхэдгъэкIыу декIуэкIащ. Апхуэдэхэм деж тутнакъэщым щаIыгъхэм я хуитыныгъэхэр дакъуэзу къыщIэдгъэщамэ, ахэр зэрызэтеувэжыным дыхущIэкъурт. ЗанщIэу жысIэнщи, зи Iуэхур судым зэпкърихкхэм ящыщу зыри тхьэусыхакъым Уполномоченнэм и къалэнхэр тэмэму зэримыгъэзащIэм теухуауэ. А лъэхъэнэм къриубыдэу Уполномоченнэр хэтащ Налшык къалэм къызэрытеуам папщIэ ягъэкъуаншэхэм я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъум хуэгъэза къэпщытэныгъэу дунейпсо зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэкIуэкIахэм. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм ящыщ зыр Европэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и Советым и Комиссар нэхъыщхьэ Хаммарберг Т. зи пашэ комиссэм иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымкIэ щыIэ советым и экспертхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр хэту. Щхьэщытхъугъэ хъункъым, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм лэжьыгъэ тэмэм иригъэкIуэкIыу абыхэм къызэралъытар жытIэмэ. Абы мыри дыщIызгъужынщ: Налшык къытеуауэ ягъэкъуаншэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и лъэныкъуэкIэ Уполномоченнэр хущIэкъурт ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ жылагъуэ центру КъБР-м щыIэмрэ республикэм и щIыналъэм щылажьэ адрей организацэхэмрэ я къару псори зэрызэщIигъэуIуэным. Псом хуэмыдэу къыхэгъэщыпхъэщ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэр жыджэру зэрылэжьар.

Иужьрей зэманым нэхъ мащIэ хъуащ терроризмэм пыщIауэ ди деж щалэжь щIэпхъаджагъэхэр, ауэ терроризмэм и шынагъуэр иджыри щыIэщ. Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, дзэ къулыкъущIэхэр зэраукIам, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэралэжьам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу цIыху 37-рэ дунейпсо, федеральнэ утыкухэм къыщалъыхъуэ. КъБР-м икIауэ цIыху 60-м щIигъу хэтщ хабзэкIэ Сирием и унафэщIу щытхэм я бийуэ ирагъэкIуэкI зауэм. Уполномоченнэм къилъытэркъым ахэр диным пыщIа щхьэусыгъуэхэм я зэранкIэ а Iуэхухэм хыхьауэ, ауэ итIани къэгъэлъэгъуапхъэщ щIэпхъаджагъэхэм ящыщ куэд диныр тегъэщIапIэ ящIурэ зэралэжьыр. Абы къегъэлъагъуэ цIыхухэм, къапщтэмэ, мэзым щIыхьэжахэм икIи щэхурылажьэ бандэхэм яхыхьахэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ тэмэму, гурыIуэгъуэу дазерымыпсалъэр, властым игъащIэ лъандэрэ къекIуэкI динхэм итхэр зэрыдиIыгъым и мызакъуэу, абыхэм зэрыт диныр зэрахьэнымкIэ зэран къахуэхъухэм зэребэныр наIуэ зэрыдмыщIыр.

ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ къэрал лэжьакIуэу зэрыщытым къыхэкIыу Уполномоченнэр хоплъэ зи бынхэр дин щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн ящIауэ икIи абыхэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къызэпауду къэзылъытэхэм я тхьэусыхафэхэм. Мыбдеж дэ псори зытетщIыхьыр зэхэгъэж щымыIэу дэтхэнэ зы цIыхуми къыщхьэщыжыным, къуаншагъэхэм япэщIэнытым и лъэныкъуэкIэ Урысей Федерацэм и Конституцэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэмрэ къагъэувхэрщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр къыддаIыгъщ республикэм и унафэщIхэми.

Нэхъ япэкIэ Уполномоченнэм къыIэрыхьауэ щытащ диным ехьэлIа щыгъыныгъуэхэр сабийхэм щатIэгъэну языныкъуэ школхэмрэ адрей еджапIэхэмрэ хуит зэрамыщIым теухуа тхьэусыхафэхэр. Ахэр зэхэдгъэкIри дэ къэтлъытащ зыми зыри паубыдын хуэмейуэ, абы къыдэкIуэу ди Iуэху еплъыкIэр гъэ къэс дгъэхьэзыр докладым къыщыдгъэлъэгъуащ. Адыгэ, балъкъэр хъыджэбз цIыкIухэм иджырей щхьэфIэпхыкIхэр (хиджабхэр ятелъын хуейуэ зэи ди лъэпкъхэм хабзэ яIакъым. Унагъуэ ихьа цIыхубзхэм IэлъэщI зытралъхьэрт, ауэ я нэкIум фIэкI къыщIэмыщу я щхьэр фIапхыкIын хуейуэ зэи щытакъым. Иджыпсту хъыджэбз цIыкIухэм апхуэдэ щхьэфIэпхыкIхэр щателъым деж ахэр игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI диным къигъэувхэм емызэгъыу къэзылъытэхэр щыIэщ.

Апхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ Грознэ къалэм террористхэм щIэпхъаджагъэхэр щызэрахьа икIи цIыху лъажьэншэхэр хэкIуэда нэужь апхуэдэ щIэпхъаджащIэхэм я Iыхьлыхэр къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэхун, я лъапсэхэр гъэсын хуейуэ къэзылъытэхэр къызэрыкъуэкIар. Илъэс зыбжанэ япэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми щызэщIэплъауэ щытащ абы ещхь Iуэхухэр. ЩIалэгъуалэ гуп щхьэхуэхэр къыкъуэкIащ террористхэм я Iыхьлыхэм тезыр тралъхьэну хьэзыру. Ахэр хэзыгъэлъэдар гурыIуэгъуэми, щIэпхъаджащIэхэм яукIахэм я унагъуэхэм я гуауэр зэхэтщIыкIми, дэ икIэщIыпIэкIэ жытIащ зыри законым текIыну зэрыхуимытыр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр дэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къэдгъэсэбэпурэ хэIущIыIу тщIащ. Псори дэ ди псалъэм къедаIуэу зыкъащIэжауэ жысIэфынукъым, ауэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр сэбэп зэрыхъуам шэч къытесхьэркъым, атIэми гъуэгу пхэнжым теува щIэпхъаджащIэр адэ-анэхэм, Iыхьлыхэм едэIуэгъуафIэу щыткъым.

КъБР-м щыIэ Уполномоченнэр къэрал властым и органхэм, муниципальнэ органхэм, хабзэхъумэ органхэм, федеральнэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, апхуэдэу ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэм, Урысей Федерацэм и субъект зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ уполномоченнэхэм быдэу япыщIащ икIи дэтхэнэ зыми и щхьэхуитыныгъэм, пщIэм къыщхьэщыжыным хуэгъэзауэ абыхэм адэкIи ядэлэжьэну и мурадщ.

Iэпхъуэнымкlэ, псэупIэ къыхэхынымкIэ, гражданствэ къыIахынымкIэ, гражданствэр зыщхьэщахынымкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныр

Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къызэритамкIэ, 2014 гъэм Iэпхъуэшапхъэхэм я лъэныкъуэкIэ республикэм щыIэ щытыкIэр зэпIэззрыту екIуэкIащ. Апхуэдэу щыт пэтми, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм тхыгъэ куэд къыIэрохьэ нэгъуэщI къэралхэм щыщ цIыхухэм, гражданствэ зимыIэ цIыхухэм, IэмалыншагъэкIэ ди деж къэIэпхъуахэм, нэгъуэщI къэралхэм къикIыу лэжьакIуэ къэкIуахэм къабгъэдэкIыу. Апхуэдэ тхыгъэхэр 2014 гъэм процент 55-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ЛъэIухэмкIэ зыкъытхуагъазэ езыхэм я жэрдэмкIэ е IэмалыншагъэкIэ нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIыу Урысейм къэIэпхъуахэми, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу я адэжь щIыналъэм иIэпхъукIа ди хэкуэгъухэми. Абыхэм ящыщ куэд гугъуехьхэм хуохуэ Урысейм къихьэну, абы пIалъэкIэ щыпсэуну, гражданствэ къыIахыну щыхуежьэм деж. Апхуэдэу щыщыткIэ, гугъуехьышхуэ хэлъщ лэжьапIэрэ псэупIэрэ къэгъуэтынми, социальнэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къэгъэсэбэпынми, еджапIэ щIэтIысхьэнми.

БлэкIа адрей илъэсхэми хуэдэу, Уполномоченнэм къыIэрохьэ ди лъэпкъэгъухэм - адыгэхэм, балъкъэрхэм ящыщу щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу нэгъуэщI къэралхэм къыщыхутахэм икIи зи адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжыну хуейхэм къабгъэдэкI лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ.

Сирие Хьэрып Республикэм и цIыху куэд республикэм къакIуэу хуежьащ а къэралым 2015 гъэм зауэ къыщыхьея нэужь. Иджыпсту Сирием и цIыхуу 286-м Урысейм пIалъэкIэ щыпсэуну, 470-м - зэман кIыхькIэ щыпсэуну тхылъхэр иратащ.

2013 гъэм Уполномоченнэм игъэхьэзыра докладым къыщигъэлъэгъуауэ щытащ Сирием и гражданствэ зиIэ адыгэхэмрэ Кавказым щыщ адрей лъэпкъхэм къахэкIахэмрэ республикэм щыпсэуным пыщIа гугъуехьхэр. Ахэр щIэмыарэзы щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыт я адэжь хэкум къэIэпхъуэжыпэну мурад зыщIахэм Урысейм и гражданствэ къыIахын папщIэ зэман кIыхькIэ къыкIэлъакIухьын хуей зэрыхъур. Абы щыгъуэ дэ зыхуэфащэ федеральнэ IэнатIэ зыбжанэм захуэдгъэзащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэкIэ зи гугъу тщIы гугъуехьхэр къызэнэкIынымкIэ унафэ пыухыкIа къащтауэ тлъагъуркъым.

ИщхьэкIэ зэрыщыжысIащи, псалъэмакъхэр илъэсищ хъуауэ екIуэкI пэтми, Iуэхум зыкIи зихъуэжакъым, Сирием къиIэпхъукIыжахэм гражданствэ къыIахын папщIэ ягъэхьэзыр лъэIу тхылъхэр Iахыркъым. Языныкъуэхэр КъБР-м илъэс зыбжанэкIэ щыпсэури, гражданствэ зэрырамытым къыхэкIыу ягъэзэжащ е нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуащ. Мы щапхъэхэм къагъэлъагъуэ «Урысей Федерацэм и гражданствэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы теухуауэ къыхэтлъхьэхэр дэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж щынэдгъэсауэ щытащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм я зэзыгъэуIу советым и зэIущIэу Москва къалэм щекIуэкIам.

Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэри ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэри лъыгъажэ зауэм и лыгъэм къыхэкIыу ди деж щетIысэха адыгэхэу Сирием къиIэпхъукIахэм зэрахузэфIэкIкIэ ядоIэпыкъу ахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, апхуэдэу абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр суд пащхьэм щыпхыгъэкIынымкIэ. Лъэныкъуэ псомкIи ди къарур зэщIэдгъэуIуэри, дэ ахэр щхьэусыгъуэ нэпцIхэр тегъэщIапIэ ящIу республикэм ирагъэкIыжыну зи мурадахэм къаIэщIэдгъэкIащ. Ауэ а псори къекIуэкI Iуэхуу аращ, ди хэкуэгъухэр зыхэт гугъуехьхэр дэгъэкIыныр федеральнэ IэнатIэр къыхэмыхьэу зэфIэкIынукъым.

Уполномоченнэр апхуэдэу хэтащ зауэ щекIуэкI Украинэм къиIэпхъукIа цIыхухэм ядэIэпыкъунми. Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэм къызэритамкIэ, 2014 гъэм Украинэм и цIыхуу республикэм 1300-рэ къэкIуащ, абыхэм ящыщу 309-р сабийуэ. Иджыпсту Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэм и учетым абыхэм ящыщу цIыху 991-рэ щытщ.

2014 гъэм Уполномоченнэр федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий А. И., Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хь. Хь. сымэ щIыгъуу Украинэм къикIа цIыхухэр щыпсэу щIыпIэхэр зыбжанэрэ къипщытащ икIи абыхэм я тхьэусыхафэхэм хэплъащ. А къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ къэрал органхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ тхыгъэ зыбжанэ едгъэхьащ IэмалыншагъэкIэ ди деж къэIэпхъуахэм ядэIэпыкъуным теухуауэ. Апхуэдэу абыхэм я сабийхэр школхэм, республикэм щыIэ вузхэм щIэгъэтIысхьэнымкIэ дадэIэпыкъуащ. Республикэм IэмалыншагъэкIэ къэIэпхъуахэм апхуэдэу защIэдгъэкъуащ санаторэхэм щыпсэун икIи пщIэншэу щышхэн папщIэ зыхуэфащэ къызэгъэпэщыныгъэ, юридическэ Iуэхухэр дэгъэкIынымкIэ. Абыхэм зыхуеину унагъуэ хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къыхуащэхуащ, Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэм зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзыру щIадзащ. Уполномоченнэр иджыпсту зэпымыууэ кIэлъоплъ зи гугъу тщIы цIыхухэм я Iуэху зыIутым.

Украинэм къикIахэм ящыщу куэдым КъБР-р псэупIэ ящIыну хуейт, ауэ нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукI цIыхухэм зэпымыууэ щыпсэуну къыхах хъуну щIыналъэхэм ди республикэр зэрыхамытхам къыхэкIыу абыхэм я нэхъыбапIэр къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iэпхъуащ. 2015 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу республикэм къыщынар унагъуэ 90 хуэдизщ. Абыхэм яхэткъым зи благъэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ зрашэлIахэр.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэр властым и гъэзэщIакIуэ, законхэр къыдэзыгъэкI органхэм, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм быдэу япыщIауэ зэрылажьэм фIы къызэрырикIуэр. Абы и щыхьэтщ нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIахэмрэ гражданствэ зимыIэ цIыхухэмрэ ящыщу хабзэншагъэхэр зылэжьхэр зэрымащIэ дыдэр. Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэм къэрал политикэр пхыгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ дэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къилъытэри, зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ абы 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ. Абы ипкъ иткIэ дэ зыхуэфащэ оперативнэ информацэмкIэ дызохъуажэ, зэщIыгъуу тхьэусыхафэхэмрэ адрей тхыгъэхэмрэ дыхоплъэ икIи дэтхэнэ зы лъэIури кIыхьлIыхь мыхъуу дэгъэкIынымкIэ зыр адрейм дыдоIэпыкъу.

2014 гъэм Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ щIэх-щIэхыурэ кIуащ КъБР-м къэIэпхъуа цIыхухэр пIалъэкIэ щыпсэу щыпIэхэм. А лэжьыгъэр дгъэувыIэнукъым дызытепсэлъыхь гугъуехьхэр нэгъэсауэ гъэзэкIуа хъуху. КъытIэрыхьа тхьэусыхафэхэм япкъ иткIэ дэ къэтпщытащ КъБР-м хуит ямыщIауэ къызэрихьам папщIэ е хабзэншагъэхэр зэралэжьам папщIэ яубыдауэ пIалъэкIэ яIыгъ нэгъуэщI къэрал цIыхухэмрэ гражданствэ зимыIэ цIыхухэмрэ я хуитыныгъэхэр, щхьэхуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым. НэгъуэщI къэралхэм ящыщ цIыхухэм я правовой статусым ипкъ иткIэ ахэр зи гугъу сщIы IуэхущIапIэу МВД-м и унафэм щIэтхэм щаIыгъын хуейкъым. Абы къыхэкIыу Уполномоченнэм зыхуэфащэ хъыбархэр и зэманым яригъэщIащ федеральнэ къэрал органхэм. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщызэIуахащ нэгъуэщI къэралхэм щыщ цIыхухэмрэ гражданствэ зимыIэ цIыхухэмрэ къэралым ирагъэкIыжыху пIалъэкIэ щаIыгъын папщIэ правовой статусым къезэгъ IуэхущIапIэ щхьэхуэ, цIыху 30-м ятещIыхьауэ. Иджы абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI къэралхэм щыщ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къыщызэпауд щыIэжкъым.

НэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIахэр зыхэхуэ гугъуехьхэм ящыщщ пенсэхэр егъэгъэувынымрэ ахэр къеIыхынымрэ. СНГ-м хэтхэм 1992 гъэм гъатхэпэм и 13-м зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, СНГ-м хиубыдэ къэралхэм иIэпхъукIахэм пенсэр къыIах хъунущ езыхэм зэпымыууэ щыпсэуну къыхаха къэралым и законодательствэм тету. 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ закон №115-ФЗ-м зэритымкIэ, цIыхур Урысейм зэпымыууэ зэрыщыпсэум щыхьэт техъуэ тхылъщ ар мы къэралым исыну хуит зэращIамкIэ тхылъыр. Ауэ зэрыхабзэщи, нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIахэм апхуэдэ документ щратыр зы илъэсым щIигъу дэкIа нэужьщ. Абы къыхэкIыу цIыхухэм пенсэр ирамыгъэгъэувыфу зэманышхуэ докI икIи ахъшэ куэд яфIокIуэд иужьрей мазихым техуэм фIэкI зэрырамытыжым къыхэкIыу.

Абыхэм къадэкIуэу КъБР-м нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщу щыпсэухэм (псалъэм папщIэ, Месхетие тыркухэм, куржыхэм, ермэлыхэм, нэмыцэхэм, нэгъуэщIхэми) ящыщу Урысейм и щIыналъэм химыубыдэ щIыпIэхэм политикэ щхьэусыгъуэкIэ лей щыхуэзахэм ахэр хей зэращIыжамкIэ тхылъхэр къыIахыфыркъым, сыту жыпIэмэ, Урысей Федерацэм щызекIуэ законым къыщыгъэлъэгъуакъым СССР-м хиубыдэу щыта республикэхэм я щIыналъэхэм ирагъэкIауэ щытахэр хей ящIыж хъуну. Къэдгъэлъэгъуэнщи, Куржым Месхетием ирагъэIэпхъукIа тыркухэр хей щIыжыным теухуа закон къызэримыщтам къыщымынэу, абыхэм я адэжь щIыналъэм яригъэгъэзэжыркъым.

Урысейм къэIэпхъуэхэр зыхэхуэ къыкIэлъыкIуэ гугъуехьхэм ящыщщ ахэр щыпсэу щIыпIэм щегъэтхыным пыщIахэр. КъэIэпхъуам езым псэупIэ къыхуэмыщэхуамэ е зи псэупIэм щезыгъэтхын цIыху имыгъуэтамэ, ар зыщIыпIи щамытхауэ къонэ. Абы къыхэкIыу апхуэдэ цIыхухэр лэжьапIэ увыфыркъым, пенсэ къыIахыфыркъым, медицинэ, къинэмыщI социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэркъым. Апхуэдэ гугъуехьхэм ятеухуауэ иужьрей илъэситIым Уполномоченнэм зыкъыхуэзыгъэзахэр цIыху 30-м щIегъу. КъызэрытлъытэмкIэ, нэхъ захуагъэ хъунт нэгъуэщI къэралхэм щыщ цIыхухэр зэпымыууэ щыпсэуну къыщызэтеувыIа щIыналъэм и гъэзэщIакIуэ властыр здэщыIэ щIыпIэм щатхамэ. Апхуэдэ хабзэр къагъэсэбэп Ищхъэрэ щIыналъэ пхыдзахэм Iэпхъуэшапхъуэу ис лъэпкъхэм ехьэлIауэ. Ауэ абы папщIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуейщ цIыхухэр щыпсэу щыпIэхэм зэрыщат щIыкIэм теухуа законхэмрэ адрей хабзэ мардэхэмрэ. ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ, зи гугъу тщIы цIыхухэр гуп нэхъ хуэмыщIахэм ящыщщ. Абы къыдэкIуэу ахэр гъэзэщIакIуэ властым и органым и деж зэрыщатхыр сэбэп хъунущ Iэпхъуэшапхъуэхэр учет нэхъ тэмэму щIынымкIэ.

«Урысей Федерацэм цIыхухэм щаIэ правовой щытыкIэм и IуэхукIэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №115-ФЗ-м халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм 2015 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ къару зэрагъуэтам къыхэкIыу гражданствэ кърatыну, пIалъэкIэ къэралым щыпсэуну хуит ящIыну, лэжьэну хуит ящIыну, патент къыIахыну щIэлъэIуу тхылъ щатым и деж ягъэлъэгъуэн хуейщ урысыбзэкIэ зэрыпсэлъэфыр, Урысейм и тхыдэм, Урысей Федерацэм и законодательствэм зэрыщыгъуазэр. Ауэ мыбдеж къэлъытэн хуейщ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ языныкъуэ цIыхухэр (дэгухэр, нэфхэр, бзагуэхэр) а Iуэхум зэрыпэмылъэщынур (Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэр апхуэдэ Iуэхухэм ирихьэлIакIэщ). ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа цIыху гупхэм яхуэгъэзауэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым.

Мис апхуэдэ Iуэхухэм, нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIахэр гугъу езыгъэхь нэгъуэщI Iуэхухэм блэкIа илъэсым Уполномоченнэр гулъытэ хэлъу хэплъащ, Уполномоченнэм и деж щыIэ эксперт советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ. Абыхэм япкъ иткIэ Уполномоченнэм и мурадщ законхэр къыдэгъэкIынымкIэ жэрдэм къиIэтыну иIэ хуитыныгъэр къигъэсэбэпу ди хэкуэгъухэу адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжахэм гражданствэ иратын папщIэ щыIэ пIалъэхэр гъэмэщIэным, СНГ-м и къэралхэм къиIэпхъукIахэм пенсэхэр зэрыхуагъэувыр гъэмэщIэным, Урысейм зэпымыууэ щыпсэуну лъэIу зытхахэр тхылъыр щата махуэм щегъэжьауэ къэралым зэпымыууэ щыпсэууэ къэлъытэным теухуауэ федеральнэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн папщIэ КъБР-м и Парламентым зыхуигъэзэну.

Урысей Федерацэм 2025 гъэм нэсыху Iэпхъуэшапхъуэхэм яхуэгъэза и къэрал политикэм и концепцэм тету ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэр дяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къэIэпхъуахэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым ткIийуэ кIэлъыплъынущ икIи ахэр къыщызэпауд къэхъумэ, цIыхум и хуитыныгъэхэр зэтегъэувэжыным хущIэкъунущ.

Урысейм и МВД-мрэ Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ хабзэншагъэ зылэжьахэр щаIыгъ я IуэхущIапIэхэм щыIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Уполномоченнэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэм щыщщ ягъэтIысахэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэща зэрыхъум зэпымыууэ кIэлъыплъыныр. Абы ипкъ иткIэ къаIэрыхьа тхыгъэхэм тету 2014 гъэм Уполномоченнэм и Аппаратым и лэжьакIуэхэр КъБР-м щыIэ МВД-м и IуэхущIапIэ псори къызэхакIухьащ, уеблэмэ, языныкъуэхэм къытрагъэзэжурэ кIуащ. Мэлыжьыхь мазэм ахэр хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и район къудамэхэм хабзэншагъэ ялэжьауэ шэч зыхуащIу е ягъэкъуаншэу щаIыгъхэм, апхуэдэу Урысейм и МВД-м и Налшык къалэ управленэм и IуэхущIапIэу административнэ къуаншагъэхэр зылэжьахэр щаIыгъхэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэр къэпщытэным. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и аппаратым и лэжьакIуэхэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым, КъБР-м щыIэ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм, КъБР-м и прокуратурэм, КъБР-м и суд приставхэм я IуэхущIапIэм я лIыкIуэхэр хэту. Абы щыгъуэ хэхауэ къапщытащ IуэхущIапIэхэм я медицинэ-санитар щытыкIэр, ахэр зыхуей мылъкумрэ Iэмэпсымэхэмрэ къызэрызэгъэпэщар, пIалъэкIэ ягъэтIысауэ щысхэмрэ административнэ хабзэм тету ягъэтIысахэмрэ я хуитыныгъэхэр зэрахъумэм. ГулъытэншэУ къагъэнакъым а IуэхущIапIэхэм зэрыщаIыгъын хуей пIалъэхэм зэрытетыр, МВД-м и лэжьакIуэхэм я къулыкъур зэрырахьэкIыр, зыхуэфащэ документацэр зэратхыр.

Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ комиссэм къилъытащ Урысейм и МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм къуаншагъэ зылэжьауэ шэч зыхуащIхэр пIалъэкIэ щаIыгъ и IуэхущIапIэмрэ Урысейм и МВД-м и Прохладнэ къудамэм апхуэдэ и IуэхущIапIэмрэ нэмыщI, къуаншагъэ ялэжьауэ шэч зыхуащIу е ягъэкъуаншэу ягъэтIысахэр пIалъэкIэ щаIыгъ IуэхущIапIэу республикэм щыIэ псоми техникэ и лъэныкъуэкIэ, зыхуэфащэну Iэмэпсымэхэмкlэ, ягъэтIысахэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ я щытыкIэр «Къуаншагъэ зылэжьауэ шэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ ягъэтIысу зэраIыгъ щIыкIэм и IуэхукIэ» 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къащта Федеральнэ закон №103-ФЗ-м, Урысейм и МВД-м 2006 гъэм гъатхэпэм и 7-м къыдигъэкIа унафэ №140-дсп-м, 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м къыдигъэкIа №950-м къагъэувхэм зэремызэгъыр, абы къыхэкIыу ягъэтIысахэм зыхуэфащэ Iэмалхэр къыхуззрагъэпэщыфыну зэрыщымытыр. Нкъусаныгъэ нэхъыщхьэ дыдэм ящыщщ ягъэтIысахэр пIалъэкIэ щаIыгъ IуэхущIапIэхэр а мурадым папщIэ яухуа унэхэм зэрыщымыIэр. Абы къыхэкIыу медицинэм папщIэ пэшхэр, ягъэтIысахэр я Iыхьлыхэм щахуэзэ пэшхэр, дезинфекцэм папщIэ пэшхэр къахузэгъэпэщыркъым. Апхуэдэу камерэхэр кIыфIщ, абыхэм жьы щIагъуэу щызэприхуркъым.

Апхуэдэ никъусаныгъэхэр зэрыщыIэм МВД-м и унафэщIхэри гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэри щыгъуазэщ, ауэ зэкIэ зэфIагъэкIышхуэ щыIэкъым.

Псори зэхэту ягъэтIысахэм ящыщу цIыху 2916-м ятещIыхьа колониеу плIымрэ зи Iуэхур зэхагъэкI цIыхухэр щаIыгъ IуэхущIапIэмрэ илъэс блэкIам къриубыдэу исар цIыху 2265-рэщ. Абыхэм къабгъэдэкIыу Уполномоченнэм тхьэусыхафэу 134-рэ, 2013 гъэм елъытауэ процент 18-кIэ нэхъыбэ, къаIэрыхьащ. Тхьэусыхафэхэм я бжыгъэм щIыхэхъуар 2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм екIуэкIа Iуэхухэм хэтахэм тхыгъэ куэд къызэрагъэхьарщ. Хэт сыт хуэдэу къыщымыхъуми, ахэр зэхэгъэкIын хуейти, Уполномоченнэм ягъэтIысахэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Хуей щыхъум деж дэ зэпкърытхащ Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэм и лэжьакIуэхэм я къулыкъур зэрырахьэкIыр, сыту жыпIэмэ, тхьэусыхафэхэр нэхъыбэу зытеухуар ахэрт. Апхуэдэу тхьэусыхафэ щхьэхуэхэр зытеухуар ягъэтIысахэр зыхуей зэрыхуэмызэрт, я Iыхьлыхэм ягъэува пIалъэхэм тету ялъагъуну Iэмал зэрырамытырт, зыхуеину гъуэмылэ къыIахыну хуит зэрамыщIырт. Тхьэусыхафэхэм я нэхъыбапIэр лъабжьэншэу къыщIэкIащ икIи ахэр къызыбгъэдэкIахэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр яIэрыдгъэхьэжащ, языныкъуэхэм дыхэплъакъым, сыту жыпIэмэ, законодательствэм къызэригъэувымкIэ, зыбжанэрэ къагъэхьурэ зэпкъраха тхьэусыхафэхэм къытрагъэзэжыркъым. Тхьэусыхафэхэр къызрикIуа щхьэусыгъуэхэм хохьэ ахэр къэзытххэм ящыщ куэдым законыр зэрамыщIэр, абы къыхэкIыу къемызэгъ Iуэхухэр хузэфIагъэкIыну къызэрагъэувыр.

(КIэухыр 6-нэ нап.)

ХэкIыпIэхэр хэIущIыIу щIыным дыхущIокъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-5-нэ нап.)

Апхуэдэ тхьэусыхафэхэр зэпкрахын папщIэ Уполномоченнэмрэ абы и Аппаратым и Лэжьакlуэхэмрэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и Iэхъущапlэхэм 78-рэ, апхуэдэу коммиссэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лжьыгъэм хэту 38-рэ кIуаг. А Iэхъущапlэхэм дыщыщыIам дэ хэхауэ щIыхьи 100-м щIигъуи дахуэзащ, ауэ IыпIэсахэм е эи Iуэхуэхэр зэхагъэхIэхэм я лъэIуу 818-м дыхэлъащ.

Уполномоченнэм и Аппаратым и лжьакlуэхэм къапщытащ ягъэтIысауэ щыхсэм я документхэр зыхуэдэр: абыхэм Урысейм и щIыхум и паспортхэр, фIэкIыпIэ зимыIэ страховани-кIэ щыхьэт тхьилъэр, лжьапIэ Iэнатlэхэм Iутхэм папщIэ къызэIуаха тхьилъэр хэлърэ хэмылърэ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIагъэкIуэкIым дэтхэнэ колониеми щыщу хэлпльхэ хэмыту щыхьэ 50-м я тхьилъэр къыщащтэри щаджыкIати, ныкъусаныгъэ куэд къагъуэтащ. Псальэм папщIэ, ИК-1-м щыщу кьыхаха щIэ ныкъуэм хихыдэу 15-м паспортхэр, щIыхь 43-м СНИЛС тхылъыр, 33-м фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани-кIэ полисхэр ямыIэу къыщIэкIащ. Абы нэхърэ нэхъыфIкъым ИК-3-м, ИК-4-м, ягъэтIысахэр щIалажьэ икIи щIыпсэу колоние №95-м щыIэ щытыкIэри. Лажьэхэм ящыщу Iыхьэ щIэн хуэдизым лажьапIэ зэрыIутым теухуа тхьилъэхэр къыхуэзIуаха-къым. Тезырыр япшыну тутнакъэщым къикIыжахэм а псори икъукIэ зэран къахуохъу, уеблэмэ, къытрагъэззэку абы и эранкIэ хабзэншагъэхэр зылэжьхэри къахокI. Аращ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и Iэхъущапlэхэм зэмылIэужьыгъуэ техуха мыхъумыщIагъэу 22-рэ къыщIагъэщати, абыхэм ябгъ иткIэ, мы Iэнатlэм и лжьакIуэу цIыхуиплI уголовнэ жэуапым ирагъэлIащ. Къулыкъур зэрырахьхI хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу дисциплинарнэ жэуапым ирашэлIащ цIыху 227-рэ. Апхуэдэ бжыгъэхэм къагъэлъагъэу УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лжьакIуэхэм ящыщу жэуапым ирашэлIахэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, ауэ, дауэ мыхъуми, ягъэува хабзэхэм темыт лжьакIуэхэр иджыри щыIэщ.

Тхьэусыхафэхэр къыщалъытэм ящыщ куэдыр къэхъущ, зи Iэхъуэхэр зэкагъэкIэмрэ ягъэтIысаэхэмрэ щхьэусыгъуэншэу тезыр тралъхьэу къыщалъытэ, ауэ колониехэм я лжьакIуэхэр абыкIэ акъылэгъу щымыхъу. Псом хуэмыдэу нэхъыбэрэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм ущрохьэлIэ СИЗО-1-м, ИК-3-м. Къэтхьэусыхахэм къагъэуэ Iуэхум и тэмэмыпIэ зэкагъэкIын папщIэ видеокамерэхэм елпIыжьну, ауэ зэныкъэкъу къызэрыкIа дэтхэнэ къэхъукъащIэми техуауэу ятхахэр щымыIэжу къыщIокI. Видеокамерэхэр ирикъуу Iуэхущапlэ псоми яIэ пэтми, ахэр тэмэму къагъэсэбэпыркъым. Уполномоченнэм УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм чэнджащ яритащ видеотехникэр Iуэхущапlэ псоми къызэрыщагъэсэбэпыр ирагъэфIэкIуэну. Ар дэлэпыкъуэгъу хъунущ ягъэтIысахэр щхьэусыгъуэншэу жэуапым ирамышэлIэнымкIэ, лжьакIуэхэм хабзэр къыщызэпаудкъэмыгъэхъунымкIэ.

2020 гъэм нэсыху уголовнэ-гъэззщIакIуэ системэм зегъэужьыныкIэ концепцэм тету, Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм лжьыгъэшхэ щокIуэкI ягъэтIысахэр тэмэму Iыгъыным, гъэсэныгъэ Iуэхуэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ. Абы жыджэру хэтщ Уполномоченнэм и Аппаратым и лжьакIуэхэри. Ягъэтlысахэм я Iуэхуэхэм хэпльэныкIэ комиссэ щхьэхуэм 2014 гъэм цIыху 90-м тезырхэр зэрапшын щIыкIэр ящыгъэпсынщIащ, цIыху 18 тутнакъэщхэм иригъэкIри, щылажьэ икIи щыпсэу колониеми игъэкIуащ. Нэхъ пасэу яутIыпщыжащ. Апхуэдэу цIыху 300-м щагъэпсынщIащ япшынын хуейуэ гъэкъэта тезырыр. ЯгъэтIысахэм я лъэIуэхэм зэрыхэплъам ипкъ иткIэ, 2013 гъэм елъытауэ суд унафэкIэ хъуэхэм пасэу яутIыпщыжахэр нэрылъагъуу нэхъ мащIэ хъуащ. Мыбдеж, дэ къызэрыщIыхьымкIэ, судхэм нэгъэсауэ къалъытэркъым зи тезырыр хьэлэлу зыгъэзащIэхэр нэхъ пасэу хуит щIыжьыным хуэгъэзауэ колониехэм я администрацэхэм къыхалъхьэхэр. АтIэми, ягъэтIысахэм ящыщ дэтхэнэ зыми ират характеристикэр махуэ къэс ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъынигъэхэм ябгъ иткIэ къащтэ, абы хэплъэ комиссэм Iуэхущапlэм и лжьакIуэхэри, психологхэри, дин зэгуэныгъэхэри, Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм я лIыкIуэхэри, цIыхухэм я хуитныгъэхэм къащхьэщыж зэгуэныгъэхэм щIыщхэри хэтщ. Зыхуэфащэхэр нэхъ пасэу хуит щIамыщIыжьым и щхьэусыгъуэу судхэм къудрэ къагъэлъагъуэ абыхэм япшынжьын хуей ахъшэм щыщ къазэрытенар. Ауэ мыбдеж щыжьIэпхъэщ УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

Илъэс куэд льандэрэ къаIэт ягъэтIысахэм медицинэ IуэхутхьэбзэкIэ яхуущIэнымкIэ КъБР-м щыIэ щытыкIэр зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIхэм зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

Илъэс куэд льандэрэ къаIэт ягъэтIысахэм медицинэ Iуэхутхьэбзэкlэ яхуущIэнымкIэ КъБР-м щыIэ щытыкIэр зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

Илъэс куэд льандэрэ къаIэт ягъэтIысахэм медицинэ IуэхутхьэбзэкIэ яхуущIэнымкIэ КъБР-м щыIэ щытыкIэр зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

Илъэс куэд льандэрэ къаIэт ягъэтIысахэм медицинэ IуэхутхьэбзэкIэ яхуущIэнымкIэ КъБР-м щыIэ щытыкIэр зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

Илъэс куэд льандэрэ къаIэт ягъэтIысахэм медицинэ IуэхутхьэбзэкIэ яхуущIэнымкIэ КъБР-м щыIэ щытыкIэр зэрызэкIэлъымыкIыр. Тутнакъэщхэм щыIэ медицинэ Iэнатlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм ягъэтIысахэр псори лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэригъэпэщын зэрыхуэзфIэмыкIыр, лжьапIэ Iутхэми езыхэм ятекIуэдэнум хуэдизу улахуэу къыщрамытыр зэрынэхъыбэр. Апхуэдэхэм быдэу жалэ ягъэтIыпщыжа нэужь, лжьапIэ къазэрыхуэгъэтынур икIи щIыхуэр нэхъ псынщIэу зэрапшынжьыфынур.

КъБР-м щыIэ МВД-м:

«Хабзэншагъэхэр ялжьауэ шэч зыхуащIэхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ ягъэтIысауэ зэрадIыгъ щыкIэм и Iэхъуэкlэ» 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къащта Федеральнэ закон №103-ФЗ-м къызэригъэувым хуэдэу, КъБР-м щыIэ МВД-м хабзэр къызэпызыудахэр пIалъэкIэ щаIыгъ и Iэхъущапlэхэм я техническэ щытыкIэр зэтригъэувэну;

КъБР-м щыIэ МВД-м и район Iэнатlэ псоми administративэ хабзэм тету щагъэтIысхэр пIалъэкIэ щаIыгъ Iэхъущапlэхэр ухуэнар зэман кIыхьым тещIыхьа къалэн нэхъыщхьэу къильытэну;

пIалъэкIэ яубыдахэмрэ ягъэтIысахэмрэ я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къызэгъэпэщыным КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэр зэпымыууэ кIэлъыплъыну.

Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм:

колониехэм, псом хуэмыдэу колоние №3-м, я медицинэ Iэнатlэхэр зыхуэфащэ Iэщlагъэхэр зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм зыхуэгъэзащIэ.

Лэжьакlуэхэр хабзэм ткIийуэ тетын, тхьэусыхафэхэр нэхъ мащIэ хъун папщIэ Iэхъущапlэхэр видеокамерэхэмкIэ ирикъуу къызэригъэпэщыну икIи апхуэдэ техникэр тэмэму къагъэсэбэпыну яхуиту;

ягъэтIысахэм паспортхэр, страховани-кIэ щыхьэт тхьилъэр, зэрылажьэмкIэ тхьилъэр, яхуримыкIу адрей документхэр яхуегъэтIыжынкIэ лэжьыгъэхэр щIигъэхуэбжьну;

ягъэтIысахэр къызэщIэгъэстыным хуэгъэзауэ языныкъуэхэм ялэжь хабзэншагъэхэм хэплъэну икIи ахэр кIэлъыплъакIуэ органхэмрэ следствиемкIэ органхэмрэ зэхагъэкIа нэужь, зыхуэфащэ хъыбархэр печатым къытрегъэдзэным егуГуну.

Уполномоченнэр къэрал властым и Iэнатlэхэмрэ граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэмрэ зэрадгъэлажьэр. ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ Уполномоченнэм и Iуэхущапlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр

ЦIыхум, гражданиным и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къэлъытэныр икIи ахэр хуэмэнымрэ къащхьэщыжыныбмрэ зи къалэныр къэралырщ. ЦIыхум, гражданиум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къызэгъэпэщынырщ законкэр щыщыIэр, зэрыщIагъэзащIэр, властым и гъэззщIакIуэ, законкэр кьыдэзыгъэкI органхэм, щыпIэ унафэр зэзыгъакIуэ органхэм я лжьыгъэр зыхуэунэтIар. ЦIыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ хеищIэ Iэнатlэм къызэрегъэпэщ. ЦIыхум, гражданиум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къащхьэщыжыным ехьэлIа къалэнхэр гъэззщIа щыхъунур къэрал властым и орган, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ орган псори, а Iэнатlэхэм къулыкъу щызыIыгъ щыхуэхъуну зэпыщIауэ лажьэмэщ. Абы кьыхэкIыу ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэр 2014 гъэми зэпIэзэрыту ядэлэжьащ къэрал властым и органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, республикэм и граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэм, апхуэдэу гъэззщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щыпIалъэ органхэм.

Уполномоченнэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щыгубыдащ законкэр зэрагъэхьэзырым, КъБР-м и Парламентыр хэплъэн папщIэ яратакIэ законпроектхэр дунейпсо конвенцэхэм, Урысеймрэ республикэмрэ я законхэм, цIыхухэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэнымкIэ декларацэм къагъэувэжхэм зэрезэгъыкIэлъыплъыным. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр зэлэжь законопроект псори Уполномоченнэм къыхуегъэхь, хэплъэу къызэрыщыхъуар итхьн папщIэ. Законопроектхэм Парламентым и комитетхэр пэублэу щыхэплъэжкIэ Уполномоченнэм и лIыкIуэхэри ирохьэлIэ. 2014 гъэм дз апхуэдэ законопроекту 78-м дыхэплъащ икIи абыхэм халъхьэжьпхъэу къэтлъытэ зэхъуэкIыныгъэу 20-м щIигъу дгъэхьэзыращ. Апхуэдэ зэдзлэжьэныгъэм къегъэлагъуэ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм Уполномоченнэм и Iуэхущапlэм пщIэ къызэрыхуищIыр, абы кьыдэкIуэу къащтэ законхэр цIыхухэм я хуитныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымрэ зэрезэгъым и лъэныкъуэкIэ Уполномоченнэм ихь жэуапым хегъахъуэ.

Нэхъ ялэжьам республикэм зэхуэсхэр, пэкIуэр егъэкIуэкIынымкIэ хуэгъэзэа зэныкъуэкъуэхэр щIэхщIэхыгъэ къыщыхъуу щытащ. Республикэ законыр щызэпкърытхым haIуэ къэхъуар «ЗэIущIэхэм, пэкIуэхэм, демонстрацэхэм, пикетхэм я Iуэхуэ» 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къащта Федеральнэ закон №54-ФЗ-м кьыгъуэ мардэ щхьэхуэхэм зэремызэгъыр. Апхуэдэ зэмыIуныгъэхэр зэрыщIэм зыхьэкIыу республикэм, муниципалитетхэм властымкIэ я орган хэм апхуэдэ зэхьэхьэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит щIыным е мыщIыным, зэхьэхьэхэр къыщIэзрагъэпэщыну щIыпIэхэр зэхъуэкIыным теуха унафэхэр зэрафIэфIу къащтэрт. ЗэрыгурыIуэгъуэщ, цIыхубз зэхуэсхэр къызэзыгъэпэщхэр абы кьыдэзыщIагъаплъэрт икIи зэныкъуэкъу инхэр къыщцIхьу щыIэт.

Уполномоченнэм къыхилхьэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ «ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр. Абыхэм япхъ иткIэ, Уполномоченнэм законкэр кьыдэгъэкIыжыныкIэ жэрдэм кьиIэтыну хуитныгъэ иратащ. Апхуэдэ хуитныгъэр кьигъэсэбэпри, Уполномоченнэм игъэхъэзыращ «ЗэIущIэхэм, пэкIуэхэм, демонстрацэхэм, пикетхэм я Iуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр. Ар сэбэп хъущ цIыхубз зэхьхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я къызэгъэпэщкIуэкIэмрэ щыIэм и щыхьэтщ Уполномоченнэм къыхуигъэхьа мыпхуэдэ хуэдэ фIыщIэ тхыгъэр:

«Уэ, апхуэдэу цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ уи лIыкIуэу Бахъсэн районым щыIэ Дзэгъащтокъуэ Людмилэ Хьэмзэт и пхъум фIыщIэ ин фхузощI си сабийхэр щалъхуа икIи щыпсэу унэр зыри дыщымыгъуазэу зыща си щхьэгъусэм и зэранкIэ уэрамым дыкъыщыдэнам къытхуэфащIа гулъытэм папщIэ. Дзэгъащтокъуэ Л. Хь. Iэнатlэ куэдым щылъэIуащ дз мылъкуКIэ кьыддэIэпыкъун папщIэ, апхуэдэу унэ зэрыщIыхьыкIи щIапIэ кьыдатыну чэзум дагъэуващ.

ИкъукIэ сынолъэIу Дзэгъащтокъуэ Людмилэ хьэлэну и кьалэнхэр зэрирагъэзащIэр гулъытэншэу къомыгъэнэну. Ар дэлэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ дэтхэнэ зыми зыщIигъэкъуэну сытым деж ихъэзырц».

Апхуэдэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэхэр Уполномоченнэм щIэх-щIэхыуэр къыIэрохьэ.

КIэухыр

2014 гъэм Уполномоченнэм зэфIэкIэхэм къагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм цIыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къыщызэгъэпэщыным хэзгъэзауэ ар властым и къэрал, муниципалнэ органхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм зэкIэлъыкIуэу зэрадгъэжьар. НэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм быдэу зэрапыщIам и фIыщIэкIэ, ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ Уполномоченнэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр ядэIэпыкъуащ республикэм и щыбкIэ щыпсэу ди лъахэгъуэху лъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэми. Уполномоченнэм щыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэр къигъэсэбэпурэ хабзэр, хуитныгъэхэм къащхьэщыжыныкIэ хэкIыпIэхэр хэIущIыIу зэрищIыным хущIэкъуащ. Илъэсыпlэкlэ езыр властымрэ жылагъэмрэ я дэлэну зэрыщытым къыхэкIыу Уполномоченнэр сытым дежи пэжымрэ зауагъэмрэ я телъхьэу щытащ икIи щхьэусыгъуэ пыухыкIахэм къыхэкIыу зи Iуэхур дзэнымгъэкIыжьфхэм къащхьэщыжащ.

ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Борис

Налыжь къалэ,
2015 гъэм гъатхэпэм и 18-м

Пащты-Хъан Алим и вагъуэр

Налыжь и «Акрополь» рестораным журналистхэр щыIущIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Пащты-Хъан Алим, 2015 гъэм гъатхэпэм и 20-м «Лойхтенбургские фарфоровые миры» Iуэхум хыхьэу, Германием и Лойхтенбург музейм япэу щагъэлъэгъуа фарфор вазэр и Iэдакъэ къыззыщIэкIам теухуауэ. Фигу къыдогъэкIыж: абы метрий и ныкъусаныгъэ щхьэкIэ щыщ къащалъытащ ар вазэу щыIэм я нэхъ ин дыдэу.

Пащты-Хъан Алимрэ Темыркъан Геннадийрэ.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгуэныгъэм и правлензм и унафэщI Темыркъан Геннадий жиIащ Пащты-Хъан Алим щыналъэ куэдым кьызэрыщагъэцIыхур. Курыт еджапIэмрэ сабий художественнэ школымрэ Налшык къыщиуха нэужь, Пащты-Хъан Алим 1989 гъэм щыщIэдзауэ 1994 гъэ пщIондэ Красноярск къалэм и къэрал художественнэ институтым живописымрэ графикэмкIэ и къудамэм щеджащ. Литографиемрэ скилографиемрэ ятриуха и дипломи лэжьыгъэр Красноярск щыпхигъэжа нэужь, студентхэр литографиемкIэ ирагъэджэну абы кьагъэнэжащ. Художествэхэмкlэ Урысей академиемрэ и пъэщапIэм щылэжьащ. Алим и адэр УФ-м и щыхуфэ, КъБР-м щыхь зиIэ я сурэтыщI, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкlэ Урысей академиемрэ и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, Красноярск и художественнэ институтым скилографиемкIэ и студиемрэ и кьызэгъэпэщкIуэ икIи и унафэщI, Художествэхэмкlэ Урысей академиемрэ и академик, профессор Пащты Германщ. 1999 гъэм Алим Германием и Галле щхьэкIэ гъэзаджэхэмрэ дизайнымкIэ щыIэ школ нэхъыщхьэм скульптурэр щагъэхьэзыр и къудамэм щеджащ (1999 - 2002 гъэхэм). А школ дыдэм медиа-артым, скульптурэм, графикэм зыщыхуигъэсащ. Галле къалэм щыIэ Геттинген институтым щылэжьэну ирагъэблагъащ. 2007 гъэм щыщIэдзауэ сурэтыщIыр Галле щопсэу икIи щолажьэ.

Пащты-Хъан Алим зэрыжиIамкIэ, Германием и Тюрингие щыналъэм 2011 гъэм проект хьэлэмэт къыщыхьалъхьащ, дуней псом и вазэ нэхъ ин дыдэр щыным теухуауэ. Ар Люксембург и фарфор музейм ирагъэблагъри, а лжьыгъэр кьыхуагъэфэщащ. Музейм зы пэшышхуэ кьыпащIыхьащ, ар щагъэувын муradкIэ. Алим лжьыгъэм и эскизхэр игъэхьэзыри фарфорым кьыхэщIыкIа вазэ скульптурэшхуэр ищIащ. Абы и лъагагъэр метрий, и бгъуагъэр зы метррэ ныкъуэрэ мэхъу. Вазэ тельыджэр кьыхищIыкIащ дэтхэнэ зыри килограммиплI хъу фарфор 360-м. Фарфорэр сыхьэт 12-кIэ къыщигъэплъащ градус 1380-рэ зыIыгъ хьэкум. Алим сурэтхэр абы тригъыхьыжащ. А сурэтхэм ящыщ зыщ Iуащхьэмахуэ и теплъэрэ. Лжьыгъэм илъэсищым щIигъкIэ Алим пэрытащ. Абы зэрыжиIамкIэ, зыщIэ хэлъу, егупчуу вазэр нигъэсащ. «ГъащIэмрэ щIыуэпсымрэ я тхыдэр къэзгъэльэгъуэну си мурадащ. Вазэм къыщызгъэлъэгъуащ дунейм и къежьапIэр», - жиIащ Алим.

Темыркъан Геннадий жиIащ Алим япэу графикэкIэ кьызэрыщIидзар. ИужькIэ офорт, литографие, скилографие, керамикэ лIэужьыгъуэхэри къигъэзэрыхуащ. Видеоинсталляцэм теуха лэжьыгъэ хьэлэмэт игъэхьэзыращ абы, фарфор скульптурэхэри хэту. Къапщтэмэ, фарфорым зэрелэжьрэ илъэсипщI мэхъу. Лейпцигг Керамикэмкlэ и музей цIэрыIуэм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм скульптурэм теуха и видеоинсталляцэхэр хагъэхьащ. КъищынэмыщIауэ, фарфорым кьыхэщIыкIа и скульптурэр музей бжэIупэм щагъэуващ.

- Си Iэщlагъэм щIэупщIэ иIащ. Псом хуэмыдэу фарфорымрэ видеоинсталляцэмрэ иджыпсту цIыхухэм яфIэщIащIгъуэщ. Гъэлъэгъуэныгъэхэм куэд къокIуалIэ, унэ, Iуэхущапlэ зэрагъэдзэхэн ящхьу, - жиIащ Пащты-Хъан Алим.

- Си Iэщlагъэм щIэупщIэ иIащ. Псом хуэмыдэу фарфорымрэ видеоинсталляцэмрэ иджыпсту цIыхухэм яфIэщIащIгъуэщ. Гъэлъэгъуэныгъэхэм куэд къокIуалIэ, унэ, Iуэхущапlэ зэрагъэдзэхэн ящхьу, - жиIащ Пащты-Хъан Алим.

Алим езым и закъуэуи нэгъуэщIхэм я гъусэуи и лжьыгъэхэр егъэлъагъуэ, дунейпсо зэпеуэ зэхуэмыдэхэм жыджэру хэтщ. Абы и Iэдакъэщ Iэкlэр дуней псом щекIуэкI гъуазджэ, щэнхабэз зэхьыхьэхэм щагъэлъагъуэхэм я нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. И зэфIэкIым саугъэт, дамыгъэ зэхуэмыдэхэр кьызэрыпэкIуари абы и щыхьэтщ. КъищынэмыщIауэ, ар ДААД фондым и стипендиатщ, Бёль Генрих и Фондым и грантыр, Германием и Кётен къалэм скульпторхэм я зэпеуэ щекIуэкIам и ялэ саугъэтыр (2001 гъэ), Дрезден медиа-артымкIэ къыщызэрагъэпэща дунейпсо фестивалым и къэщцIакIуэхэм я саугъэтыр (2001 гъэ), «Буга-2007» зэпеуэм и етIуанэ саугъэтыр кьыхьащ. Урысейм Художествэхэмкlэ я академиеми и дыщэ медалыр (2014 гъэ) кьыхуагъэфэщащ, Нидерландхэм я «Тетероде график» саугъэтым и лауреатщ. 2014 гъэм ар ирагъэблагъащ керамикэ фарфорым теухуауэ илъэсиIтI хэсэ зэ Корее Ипщэм щрагъэкIуэкI дунейпсо зэхьыхьэм. Абыи дыжьын саугъэтыр кьыщыхьащ.

Пащтым и лжьыгъэхэр Штутгарт и къэрал галереем, Финляндием и Остроботнийскэ музейм, Художествэхэмкlэ Урысей академиемрэ, Дивногорск муниципальнэ музейм, Саксония-Анхалт музейм, Корее Ипщэм кьаримкIэмкIэ и Ичхон дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ фондым щахъумэ.

Журналистхэр зыщIэупщIахэм Алим жэуап иритащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Журналистхэм упщIэхэр я куэдт.

• Пресс-конференцхэр

Ричмонд Уолтер

«Адыгэ лъэпкъгъэкIуэд»

Ричмонд Уолтер США-м и Калифорние штатым хыхьэ Лос-Анджелес къалэм щопсэу, «Оксидентал колледж» университетым Урысейм и тхыдэм щолэжь. «Адыгэ лъэпкъгъэкIуэд» тхылъым нэмыщI, ди щIыналъэм теухуауэ щIэныгъэлIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Кавказ Ищхъэрэ: дызэрыт зэманыр, дыгъуасэ, пщэдей» тхылъыр. Хъыбар къыдэзыгъэщIа ди щIэджыкIакIуэхэм я лъэIукIэ нобэ къытыдодзэ нэхъ пасэу зи гугъу фхуэтщIа «Адыгэ лъэпкъгъэкIуэдым» *(Walter Richmond, "The Circassian genocide. New Brunswick, New Jersey and London, 2013)* **щыщ пычыгъуэ.**

Ричмонд Уолтер

1864

Къэралыр адыгэхэм я щIым хуейт,
езы адыгэхэм зыкIи хуэныкъуэтэкъым.
Фадеев Ростислав

Лъэпкъыр и хэкум зэрырагъэкъэбзыкI

Иужь дыдэ урысхэм Шэрджэсейм ебгъэрыкIуэн щыщIадзар 1861 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэрщ. Адыгэ Хэкум цIыху щхьэбжыгъэу къинар мин щищу (300 000) къалъытэри, абыхэм яхурикъуну батальон 65-рэ, къэзакъ дивизион 25-рэ, топи 100-рэ зэрагъэпэщащ. ЗэхищIыхьыр къазэрыгурыIуэу, инджылызхэр Iуэхум къыхэIэбэнкIэ зэрыхъунум илIыкI Евдокимовыр хъийм икIауэ епIэщIэкIырт дзэр иришэжьэным. Уеблэмэ езым и Iуэхутхьэбзащ Iэхэм ар апхуэдизкIэ яхуэпхъашэти, зыкъаIэтыну щыхьэзыр дакъикъэ къахуихуащ. Егъэлеяуэ цIыхушхуэ кIэроху жаIэу хъыбар щрагъащIэм, «Iуэхум пэрыту ирелIэ», - жэуапу яритауэ къаIуэтэж. Евдокимовым и зэран къэзакъ къуажэхэми екIырт. Абыхэм я нэхъыбэр Кавказым зыкIи емыщхь Урысей щIыпIэхэм къырашати, бгылъэ щIыналъэм зэрыщыпсэунур яхузэгъэзахуэртэкъым. А псом ищIыIужкIэ, Евдокимовыр Iуэхум пэрыхьэн и пэ ерыскъымрэ хъыбар зэрызэIэпах IэмалхэмкIэ тэмэму къызэригъэпэщатэкъыми, Iэщэ зымыIыгъ Iэпхъуагъащ Iэхэм махуэ щIагъуэ дэмыкIыу адыгэхэр къатеуэрт. Куэд дэмыкIыу абыхэм ягу зэщыуэпэщ, губгъуи имыхьэжу, Iэщи ямыгъэхъужу дэхуэххэри, я псэущхьэхэм ящIыгъуу мэжэщIалIагъэм икIуэдыкIын щIадзащ.

Евдокимовыр къэзакъ къэIэпхъуахэмрэ дзэм хэт сэлэтхэмрэ зэрепхъэшэкIыр зырикIт, ар адыгэхэм гущIэгъуншэу зэрахущытым елъытауэ. Фейдэлъыхъуэу е яхурикъужын мурадкIэ хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу яукIхэм я хъыбархэр гъунэжт. Абыхэм я щапхъэу къэтхьынщ урысыдзэр 1862 гъэм и мэлыжьыхьым Фарз псыежэхым Iут плъырыпIэм икIыу Сочэ и ищхъэрэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щызэкъуэува абазэхэмрэ адыгэхэмрэ зэребгъэрыкIуар. ЗауэзэрылIым зиубгъури бгыщхьэм къыщыпащащ. Гупышхуэу адыгэхэр къызытеуа урысыдзэр имыкIуэту хъуакъым. КъатекIуахэм яхурикъужын папщIэ, урысхэм я гъуэгум къытезэрыхь, топхэм зыгуэру яIэщIэкIа адрей адыгэ щэ бжыгъэхэр гуузу зэтраукIащ. Дроздовым къызэриIуэтэжымкIэ: «Бгыр мыжурэкIэ зэхэуIухьа бий хьэдэхэм щIагъэнат... сэлэтхэр апхуэдизкIэ Iэл хъуахэти, къэбгъэувыIэжыну гугъут». Армырами кIуэ пэтми нэхъ тегушхуэхэрт зэгъэзахуэ хэмылъыххэу Iэщэ къагъэсэбэпыным. Щхьэгуащэ деж гъуэгухэр щызыухуэ Тихотский генералым и сэлэтхэр зэгуэр зи къуажэхэр ягъэса адыгэхэм зыщагъэпщкIуа мэзым топкIэ хэуащ. Абы иужькIэ Евдокимовым дзэр Псыжь ищхъэрэкIэ иришажьэри, къуэкIий щIыбагъым къыдэт адыгэ къуажэм топышэхэр тригъэлъэлъащ. Къуажэдэсхэм я нэхъыбэм мэзым зыщагъэпщкIуати, сыхьэтихкIэ топышэ макъыр зэпымыууэ Евдокимовым мэзым иригъэуащ. Куэд дэмыкIыу Дроздовым хъыбар къыIэрохьэ адыгэхэм зы цIыху къэмынэжыху зэуэну тхьэ яIуауэ: «Ди къуажэм къыщренэ урысхэм я хьэдэхэр» жаIэу. АдэкIэ къэхъуа лъыгъажэм къигъэлъэгъуащ адыгэхэм я псалъэр зэрагъэпэжыр. Абдежым адыгэ щэ бжыгъэхэм топышэхэм зыщыпэщIадзащ «минхэм» щIэпхъуэжыну Iэмал иратын папщIэ. Бгыр щIэзыщыкI, къуажэхэр зыгъэс урысыдзэм и сэлэтхэм яшэчын хуей хъурт топышэхэр зэрателъалъэм щхьэкIэ къамыгъанэу, имыкIуэту къатеуэж адыгэхэм я удынхэр. Дроздовыр щыхьэт тохъуэ Iэщэншэу «мыжурэхэм зыкъыпэщIадзэу» ахэр 1863 гъэм и гъатхэм зыхэта зауэзэрылIым.

1862 гъэм и бжьыхьэм Евдокимовым «Дахэ отряд» зыфIаща зауэлI гуп щхьэхуэ къызэригъэпэщащ. Абы и къалэнт къэрымыдзэр Iэнэпэ деж щегъэжьауэ къуэкIыпIэмкIэ кIуэтэху, бгырысхэм нэхъ гуащIэу ебгъэрыкIуэну. Натыхъуейхэр абдежым хахуэу щызэуащ, ауэ 1862 гъэм и кIэм абыхэм я щIым и нэхъыбэр къэзакъ къуажэхэм яубыдакIэт. «Я псэукIэр яхуэмыхьыж хъуащ абыхэм, - етхыж къанэ щымыIэу Берже Адольф, - ар фIы дыдэу къызыгурыIуэ Евдокимов графым хэкIыпIэ гъуэзэджэ а Iуэху зэхэзэрыхьам къыхуигъуэташ - урысхэм я тепщэныгъэр зигу темыхуэр хуитыбзэу Тыркум иIэпхъукIыну». Ар гущIэгъу зыхэлъ цIыхуу, адыгэхэм нэхъ къаугъэшыуэ яхэтхэм фIэкIа Тыркум зыри игъэIэпхъуэну химыгъэзызыхьа хуэдэу къэзыгъэлъэгъуэну хэт Берже къэехь Евдокимовым 1862 гъэм фокIадэм и 17-м итхахэм щыщ пычыгъуэ:

Ди унафэ къыщIэувэн зымыда лъэпкъхэр Тыркум гъэIэпхъуэныр къэралыгъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хэкIыпIэщ, гугъущэ демыхьу зэман кIэщIым зауэр духыфын хуэдэу. ИтIани, сэ а гъуэгур КъухьэпIэ Кавказым щедгъэкIуэкI бэнэныгъэм узыщыхуекIуэ хъуну Iэмал мынэхъыщхьэхрат зыхэзбжэр. Урысхэм я лъабжьэ щIэтыным нэхърэ хэкIуэдэжыныр е лIэпэныр нэхъ къыхэзых адыгэхэм я гур мыкъутэу къезыгъэл хэкIыпIэщ ар.

Тхыгъэм щыщIэхъума пэжращи, адыгэхэм я хэкур яхъумэжын щамыгъэтмэ, ахэр зэтраукIэн щхьэкIэ урысхэм я дзэ шынукъым.

ЯпэщIыкIэ Евдокимовым ибзыщIащ адыгэхэр Тыркум иригъэкIыну зэримурадыр, пащтыхь Александр абыхэм Псыжь ищхъэрэкIэ щIы щахухихыну къигъэгугъарэ пэт. Iуэхур и кIэм нэсын ипэ, Кавказ Iуэхур мыпхуэдэ унафэм хуэкIуащ: урыс къэралыгъуэм хэту къанэ хъуну адыгэ бжыгъэр... зырищ. 1859 гъэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм емыплъу, абазэхэхэр мызэ-мытIэу Урысейм и гъунапкъэхэм къобгъэрыкIуэри, абыхэм жаIэр афIэкIа уи фIэщ пщIы хъужынукъым, - зигъэзахуэу еукъуэдий 1863 гъэм кавказыдзэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу тета Карцов Александр:

НэрылъагъУ хъуакIэщ... сыткIэ дагурыIуэу бгырысхэр ди лъабжьэм щIэдмыгъэувэми, а зэгурыIуэныгъэм унафэ щиIэнур езыхэм я гукъыдэжым зихъуэжыхущ. Хы ФIыцIэ лъэныкъуэмкIэ зы фоч уэ макъ къызэрыщыIуу, тырку сульIаным кърищэхьа хуэдэу тхыгъэ нэпцI, е «пэщэ» цIэр зыфIэзыщыжа гуэр утыку къызэрихьэу, зауэм щIидзэжынущ. Бгыхэр быдапIэхэм едгъэубыду ахэр гъуэгукIэ зэпытщIэжу щытми, сытым дежи хьэзыру дзэ абрагъуэ къуршхэм пэгъунэгъуу щыдмыIыгъмэ, зы дакъикъэ псэхугъуэу диIэнукъым.

Карцовым къыгурыIуащ: «Бгырысхэм я деж къыщыдгъэсэбэпа Iэмалхэр гущIэгъуншэу къыпфIэщIынущ, ауэ ар икIэщIыпIэкIэ къэдгъуэта хэкIыпIэщ. Илъэс щэ ныкъуэ хъуауэ дгъэунэхум ди фIэщ ищIащ дыгъуэнымрэ хъунщIэнымрэ икIагъэу къэзымылъытэ лъэпкъым мамыру узэрыдемыкIуэкIыфынур».

Абы къыхэкIыу, жэпуэгъуэм и 4-м Евдокимовым ткIийуэ къыхелъхьэ адыгэ псори Тыркум гъэIэпхъуэн хуейуэ:

Зи ЩIыхьыр Иным хъыбар фэзгъэщIэну си гуапэщ Псыжь Iэгъуэблагъэм щыпсэухэр Тыркум гъэIэпхъуэным иIэ мыхьэнэмрэ апхуэдэ унафэ къэдмыщтэнкIэ Iэмал зэримыIэмрэ... Iэщэ ятедубыдэмэ, дауи, абыхэм гуващIэхами дэ жытIэр ящIэнщ, здэдгъакIуэми Iэпхъуэнхэщ, ауэ щIыпIэщIэм идгъэтIысхьа нэужьи, абыхэм я хьэлыр щIэх зыханынукъым. КъищынэмыщIауэ, къэгъэпцIэгъуафIэхэщи, Тыркум сыткIэ къимыгъэгугъэми, я фIэщ хъунущ. Дзэр мыбдежым итмэ, хъыбар нэпцIхэм гъуэгу ирамыту плъырхэр кIэлъыплъмэ, шэч хэмылъу, щIыналъэм ис цIыхухэр мамыру псэунщ. Ауэ хамэ къэралхэр къыхэIэбэну Iэмал закъуэ къызэрыкъуэкIыу, Константинополь дэс къаугъэшыхэм мыбы ис цIыхубэм я нэIэр трагъэкIынукъым, къызэщIагъаплъэу дэ зэран къызэрытхъуэхъун зы бгъэдыхьэпIи къагъэнэнукъым.

Абы къыхэкIыу, щIыналъэм къару лей щытIыгъыныр, КъухьэпIэ Кавказым зэхэтыкIэ хэха щыдухуэу, зытхъумэжын папщIэ Iэмал щхьэхуэхэр къыщыдгъэсэбэпыныр игъуэщ, зэрыгурыIуэгъуэщи - абы мылъку текIуэдэнущ. Псыжь деж зэрымыщIэкIэ къыщыхъу къаугъэ жыгъейхэми дызыхуэмыхьэзыр Iуэху къытлъыкъуагъэкIынкIи хъунущи, абыи текIуэдэнур хухэдгъэкIыпхъэщ. Iэуэлъауэшхуэ къамыгъэхъуми, щIалэ зыбжанэм зыкъаIэтауэ зэхахыху, мы щIыпIэм мамыру щагъэпсэуным цIыхухэм я гугъэр хахыжыпэнкIи хъунущ.

Евдокимовым къэралым мылъку игъэкIуэдынкIэ зэрыхъунум щIытригъэчыныхьыр Александр бгырысхэр зэрырагъэIэпхъукIынум ихьыну уасэм иджыри унафэ трищIыхьатэкъыми аращ. Пащтыхьыр гузавэрт адыгэхэр ирагъэкIыну унафэ къащтэмэ, абы мылъкушхуэ зэрытекIуэдэнум. Евдокимовым абы къыгурегъаIуэ ирамыгъэкIыу я Хэкум кърэнэмэ, къэрал мылъкуу абы зэрихьынур.

1863 гъэм и пэщIэдзэм зауэр и кIэм нэсащ. Урысей унафэщIхэм ягъэзэщIа лэжьыгъэм узэреджэнур щIыналъэм исхэм иращIылIа «лъэпкъыр и хэкум зэрырагъэбзыкI». Шапсыгъхэм, абазэхэхэм, убыххэм гъэм и кIыхьагъкIэ имыкIуэту заIыгъами, Дроздовым нэхъыщхьэхэм хъыбар зэраригъащIэмкIэ, «бийм къыдэзауэурэ хэщIыныгъэшхуэ игъуэтри къаруншэ хъуащ, щIыналъэр къэдубыдыныр къызэрыдэхъулIэр илъагъуху, дэнэкIэ мыкIуэми ди дзэхэм къызэраухъуреихьым щыхьэт техъуэху, и гур фIокIуэд». Накъыгъэм ирихьэлIэу урысхэм бжьэдыгъухэм я щIыпIэхэм «я псэр» яубыдри абазэхэхэм дежкIэ яунэтIащ. Языныкъуэ адыгэхэр къакIуэри урысхэм зратащ, адрейхэр, урысхэр кIуэ пэтми нэхъ жыжьэ зэрыкIуэцIрыкIым кIэлъоплъри, мэзым мызауэу щIэсщ. Дроздовым къызэриIуэтэжымкIэ, зызытахэр хагъэдащ: е урысхэм къыхуагъэлъагъуэ щIыпIэхэм щотIыс, е Тыркум йоIэпхъукI: «Иужьрейхэр нэхъыбэщ. Абыхэм къытхуаIэ гужьгъэжьыр щIамыхъумэжу, щхьэхуимыту я Хэкур яфIэзыгъэкIуэда дэ къытхуаIэ гурылъхэр ямыбзыщIу къыдэбгхэрт, нэлат псалъэхэри зэхэдз ямыIэу къыттракIутэрт».

Веньяковым а сурэтыр нэгъуэщIущ къызэригъэлъагъуэр:

Зауэр гущIэгъуи хьэтыри хэмылъыжу залымыгъэ защIэкIэ едгъэкIуэкIырт. Лъэбакъуэ зырызурэ дыкIуатэрт, сэлэтыр зытеува щIы кIапэ къэс зы цIыхупсэ къимынэу, щIым бгырысхэр къэгъазэ имыIэжу тедгъэкъэбзыкIыу. Уэсыр зэрытекIыу, жыгхэм тхьэмпэ къыпимыдзэ щIыкIэ бгырыс къуажэхэр щэ бжыгъэкIэ зэтедгъэсхьащ. Гъавэ зытраса я губгъуэхэм дихьэри я хьэсэхэр дишхэм едгъэубащ. ЦIыхухэр бэлэрыгъауэ датеуэфмэ, плъырхэр къабгъэдэту асыхьэтым псори хы Iуфэм етхулIэрт, адэкIэ - Тыркум... Мызэ-мытIэу, ди дзэм и фIыгъэкIэ - мыкуэдыщэу - хьэкIэкхъуэкIагъэм пэгъунэгъу гущIэгъуншагъэм щыхьэт ущытехъуэ щыIэт.

Абы ищIыIужкIэ Забудский генералым 1864 гъэм и шыщхьэуIум жеIэ: «Дэтхэнэ лъэпкъми къахэкIа хэкурысхэу хъунщIэнрэ зэуэнрэ зи нэрыгъхэр къарукIэ, къэрэгъулхэр къабгъэдэту щIыпIэм ирахури, хым и адрей Iуфэм ирагъэшащ».

1863 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ урысхэм къеззуахэр апхуэдэу куэд хъуркъым: зауэлI щэ ныкъуэм нэсын-нэмысын гупхэрат къэнар, зэзэмызэ шы къаубыдмэ, Iэщ щхьэ зыбжанэ ирахужьэфмэ, е урыс сэлэт уIэгъэ ящIмэ е яукIмэ, нэхъыбэ яхузэфIэкIыртэкъым. Евдокимовым зэрахуиIуатэмкIэ, «Псыжь» Iэгъуэблагъэм ит дзэм иригъэкIуэкIа теуэхэм я фIыгъэкIэ, мыгъэрей гъэмахуэм и кIыхьагъкIэ бгырысхэм кIуапIи жапIи къахуэдгъэнакъым, къыдэзэуэфын дэнэ къэна, зыкъытпашэфынукъым».

Шыщхьэуlум «хэкIыпIэ къызыхуэмынэжа» абазэхэхэр урысхэм елъэIуахэщ я унэхэм жэпуэгъуэ хъуху щIагъэсыну, я гъавэр Iуахыжыфын хуэдэу, арщхьэкIэ Евдокимовым яхуидакъым. ФокIадэм урысхэм КъуэкIыпIэ Шэрджэсейм щыIэ Уарп псыежэхым и псыхъуэр яубыдри хьэмыщейхэр, сыт щыгъуи урысхэм я лъэныкъуэу щыта Хъан-Джэрийхэ я лъэпкъыр, Кавказ къуршхэм ирахулIэри даубыдащ. Нэхъыбэм къуршыщхьэм зыщагъэпщкIуащ. Гъэмахуэм и кIэм бгыхэр щIэзыщыкI Евдокимовым ахэр кърихухыжри Iуфэм ирихулIэн щIидзащ. Зи гъавэ Iузыхыжыну зыхуимыдахэм ерыскъы мащIэ дыдэт яIыгъыр.

1863 гъэм и гъэмахуэм урысхэм сыт хуэдизкIэ лей зэрамыхьами, бжьыхьэм къэхъуахэращ къэзыгъэлъэгъуар Евдокимовыр, и плъапIэм лъэIэсын папщIэ, адыгэ цIыхухъуи, бзылъхугъи, сабии зэрыщымысхьынур. Iуэхур нэхъ тегушхуауэ, набдзэгубдзаплъэу зэрызэфIагъэкIынум иужь ихьахэщ: къуажэхэр щIищыкIыурэ псыхъуэм нэс дэкIуеинущ дзэр, апщIондэху адыгэхэм мэзым зыщагъэпщкIунущ. Урысхэм къуажэхэри абы къыщагъуэт ерыскъыпхъэхэри ягъэсынущ, Iэщу къапэщIэхуэр зэщIакъуэнурэ бгым къехыжынущ. Абдежым абыхэм тхьэмахуитI хуэдизкIэ зыщаIэжьэнурэ, адыгэ щIэпхъуэжахэм яухуа пщыIэхэр ягъэсурэ, адэкIэ псыежэхым ищхъэрэкIэ яунэтIынущ. Ардыдэр тIэуи щэи къытрагъазэурэ ящIэнущ, адыгэ псори зэраукIамкIэ е зэрырахуамкIэ Евдокимовым игу зэгъэху. Гупсысэ гъэщIэгъуэным дыхуешэ а Iуэхум. Зауэ губгъуэм щигъэхъахэр щитхыжкIэ, Евдокимовым адыгэу яукIамрэ Iэрыубыд ящIамрэ я бжыгъэр хегъэщI, ауэ щыхъукIэ, мыхьэнэшхуэ зимыIэ адрей къэхъукъащIэхэр нэгъэсауэ кърет хэкI. Ар зыкIи ещхькъым адыгэхэр къэзакъ станицэхэм ятеуэу яубыдахэр къызэрыригъэгъуэтыжам е къызэрыригъэу-тIыпщыжам зэрытепсэлъыхьым, адыгэхэми, щIыпIэхэми, теуэхэми я бжыгъэр хуэгъэфэщауэ фIэкIа къызэримыхьым. Псалъэм папщIэ:

ЕплIанэ Компанием хуэдгъэхьэзырауэ Еджэрыкъуей станицэм деж сэлэтийм щахъумэ Дагъыстэн эскадроным мэкъуауэгъуэм и 24-м хъунщIакIуэ щэщI хуэдиз къатеуэщ, и Iэщхэмрэ шыхэмрэ къаухъуреихьщ, шы 23-рэ яхури, офицерищ яубыдащ, псынщIэ дыдэуи Белум деж зыщагъэбыдэжащ. Дзэхэм ялъэкI къамыгъанэу Белореченскэ гъунапкъэм щегъэжьауэ Куржыпс нэс щIыпIэр щIащыкIа пэт, зэранщIакIуэхэр къахуэгъуэтакъым. А теуэм ди сэлэтитI къулыкъукIэ нэхъ лъахъшэу хэкIуэдащ, ещанэр гъэру яубыдащ.

Евгъапщэт а тхыгъэр къуажэм зэрытеуэ хабзэр зэритхыжым:

Шыщхьэуlум и 24-м Ширван Станицэм пщэдджыжьым жьыуэ щежьэри батальонибл, шу эскадронищ, Iэщтырхъан къэзакъищэ, топий я гъусэу, Пшыш псыежэхым зэпрыкIахэщ. Станицэм верстиплI хуэдизкIэ пэжыжьэ Шыкъуэт псыежэхым и псыхъуэм дыхьэхэри мэзыр зэрыщыткIэ щIагъэкъэбзыкIын щIадзащ. А Iуэхур шыщхьэуlум и 29 пщIондэ екIуэкIащ.

АпщIондэху а щIыпIэм бийм и къуажэу итхэр ягъэсащ.

Абазэхэ гупышхуэ мыжыжьэу щытащ, ауэ къыдэзэуэн Iуэху зэрахуакъым.

29-нэ махуэм и пщыхьэщхьэм гупым адэкIэ, Шыкъуэт ипщэкIэ, ирикIуэн щIидзащ.

Езыр-езыру упщIэ уигу къокI: «Сыт абазэхэ зэхуэсахэм къащыщIар?» Абы и жэуап зэи къыпхуэгъуэтынукъым. ИтIанэ сыт Евдокимовым «гупышхуэм» кърigъэкIыр? Абыхэм бзылъхугъэрэ сабийрэ яхэта? Къуажэ дапщэ ягъэсар? Ахэр дзэм нэхъапэIуэкIэ яубыдауэ щыта? Евдокимовым а упщIэхэм я жэуап зэи итакъым.

Апхуэдэ дыдэ псалъэ щIэуфакIэ Евдокимовыр топсэлъыхь адыгэхэм я бжыгъэм:

Жэпуэгъуэм и 19-м щегъэжьауэ 26-м нэс Абын эскадроным иубыд щIыпIэм зэрыщыту хэкурысхэр зэрырахум ипкъ иткIэ, мыпхуэдэ унафэхэр къащтащ:

... Колоннэ зыбжанэ а гъуэгум ирикIуащ нэхъ щIыпIэ зэгъуэкIхэм нэсурэ къэзакъхэр зытес щIыхэм хэкурысхэр трагъэкъэбзыкIыу. Ар зэфIагъэкIа нэужь, бзылъхугъэрэ цIыхухъуу нэрыбгэ плIыщIрэ блырэ гъэру яубыдащ.

Евдокимовыр зытепсэлъыхь щIыпIэр Шапсыгъ щIыналъэм и курыкупсэм хуэзэ миль щитI зэбгъузэнатIэщ. Абы нэрыбгэ плIыщIрэ блы нэхърэ нэхъыбэ исын хуеящ. Абы къыхэкIыу урысыдзэм и колоннэхэм «хэкурысхэр къэзакъыщIхэм лъэщыгъэкIэ иpагъэкъэбзыкIащ» («заставили туземцев очистить казачьи земли») псалъэухам упщIэ къегъэув: адрейхэм, а плIыщIрэ блым яхэмытахэм, сыт къащыщIар? ИтIанэ Евдокимовыр сытым дежи бзылъхугъэхэмрэ цIыхухъухэмрэ ятопсэлъыхь, ауэ зэи сабийхэм я гугъу ищIыркъым. Докладхэр псори IуэхугъуитIкIэ зэтохуэ: Евдокимовым зэи жиIэркъым гъэру яубыдахэр здэкIуэну зыхуеяр. ЖиIэ хъумэ, зы къэмынэу Тыркум икIыну хуея хуэдэу жеIэ, зы щапхъэ закъуэ къищынэмыщIа. Евдокимовым зауэ губгъуэм къритыкIа нэгъуэщI тхыгъэхэм уахэплъэмэ, мыгурыIуэгъуэу къонэ генералым адыгэхэр зэрыхуэмыбжри, абыхэм къащыщIар и хъыбарым зэрыхуэмыгъэхьэри. Абы къыхэкIыу, къуршхэм къыщыхъуам и пэжыпIэр къыбгурыIуэныр Iэмал зимыIэ мэхъу. Сэшхуэ зэхэуэ щыIауэ пIэрэ? Хьэдэ дапщэ урысхэм къагъуэтар? Сыт цIыхубзхэм, сабийхэм, гъуэгуанэ темыхьэфыну лIыжь-фызыжьхэм иращIар? Ар игъащIэкIи зи жэуап дымыгъуэтыжыну упщIэу къэнэну къыщIэкIынщ.



1863 гъэм и жэпуэгъуэмрэ дыгъэгъазэмрэ я зэхуакум адыгэхэр хы Iуфэм щрыригъэхум, Евдокимовым фIы дыдэу ищIэрт ахэр къызэремылынур. 1830 гъэхэм Вельяминовым и унафэ щIэта дзэпщу щытыху, абы игъэунэхуат хы Iуфэм жьыр зэрыщызэпымыури, борэнхэр къыщыхъеирейуэ зэрыщытри. Абазэхэ щIыналъэм щиIыгъ езым и дзэм щыщхэм фокIадэм и кIэм къыгурагъэIуат абы адыгэхэр бжьыхьэу иригъэIэпхъукIын щIидзэмэ, Iуэхур зыхуэкIуэнкIи хъунур:

Эскадроным сылъыгъуэзэну сыщыкIуам щыгъуэ абазэхэхэм я нэхъыжьхэр 12-нэ махуэм затыну къэкIуат, 1864 гъэм и гъатхэр къэсыху я унэ щIэдгъэсыжыну лъаIуэхэу, ауэ ар хъункIэ Iэмал зэримыIэр яжесIащ сэ. Пшэх отрядым сыкъыхэкIыжауэ Ставрополь сыкъэкIуэж пэт, жэщым сыкъыщыувыIа Тэрч станицэм 13-нэ махуэм пщIэ нэхъ зиIэ абазэхэ тхьэмадэхэр затыпэу къекIуэлIахэщ, иIэпхъукIыныр зэрыгугъур, щIымахуэр къызэрысар, я унэ щIагъэсыжмэ, тетыгъуэм сыт къапимыубыдми арэзы зэрыхъунухэр жаIэу. Абазэхэхэм я гугъуехьыр ящхьэщытхын, ди Iуэхури дызэрыхуейуэ зэтедгъэувэн папщIэ, унафэ пыухыкIахэр иIэу пристэф согъакIуэ абыхэм я деж. УнафэщI нэхъыщхьэр Iуэхур зэрекIуэкIым щыгъуазэу щыдгъэтынщ.

Адыгэхэм бжьыхьэм я унэхэр ябгынэмэ, бэлыхьымрэ лIэныгъэмрэ зэрыIэщIэмыкIыфынур къыжраIа пэт, Евдокимовым лъэщыгъэкIэ абазэхэхэр я хэкум ирихуащ. Езым зыкъызэриумысыжамкIэ, ахэр «зэи дзэм къапэщIэмыува», урысхэм паубыдыр сыт щыгъуи зыгъэзащIэ цIыхухэт. Абы Iэщэ зымыIыгъ цIыху Iэуэлъауэншэхэр ирихужьэри мыцIыху щIыпIэм ихуащ, я нэхъыбэр адыгэу зэрызабжыж къудейм зэрилIыкIынур ищIэу. КъищынэмыщIауэ, Евдокимовымрэ Барятинскэр дзэм хэкIыжа нэужь Кавказым и тепщэ хъуа пащтыхьым и къуэш Михаилрэ икIэщIыпIэкIэ къэзакъ къуажэхэр яухуэну унафэ къащтащ, адыгэхэм здагъэзэжын щIыпIэ къахуэмынэн, щIымахуэ уаер къеухмэ, хы Iуфэм кIуапIи жапIи ямыIэу къыIунэн хуэдэу.

Лъэужь мыгъуэр къигъанэу, щхьэрыуауэ къижыхьыныр Евдокимовым бжьыхьэр икIыху зэпигъэуакъым. ЩэкIуэгъуэм и пэм адыгэхэм зэрагъэпэщащ урысхэр зэхэуэм хэзышэфын зауэлI гуп. Абы и щхьэусыгъуэхэм язт убыххэр абхъаз лъэпкъ джигетхэм зэрадамэгъур. Езы убыххэм я Iуэхур гузэвэгъуэ щхьэхуэт. Сочэ пэмыжьыжьэу иращIыхьа «Навагинскэ» быдапIэмрэ «Форт Святого Духа» плъырыпIэмрэ ахэр 1840 гъэм къыщытеуам, урысхэм а лъэпкъыр щыпсэур иджыри нэсу ящIэртэкъым. Абы лъандэрэ убыххэр урысхэм я бий кIэуфIыцI хъуат. Шапсыгъхэр, убыххэр, джигетхэр къатеуэну загъэхьэзыру Евдокимовым хъыбар кърагъэщIати, щэкIуэгъуэм и пэм урысыдзэр убыххэр зэрыс хы Iуфэм ирикIуащ. ЗауэзэрылIыр зыхуэзар щэкIуэгъуэм и 9-мрэ и 10-мрэщ. Убыххэм шэ къащыхуэмынэжым, щIэмыпхъуэжыфахэр урысхэм мыжурэкIэ яукIыжащ, абдеж зэхэуэр щиухащ. Иджыри тIэу нэхъ зэхэуэ ину щэкIуэгъуэм и 19-мрэ дыгъэгъазэм и 10-мрэ зэбгъэрыкIуэри зэзэуахэщ. ИкIэм урысхэм «цIыхухъууи цIыхубзуи» нэрыбгэ хыщIрэ плIырэ, Iэщыщхьэу хыщI ядэщIыгъуу къаIэрыхьащ. Абыхэм яIэщIэкIын папщIэ бгым зыщызыгъэпщкIуахэр хуэмурэ дунейм ехыжахэщ. Франджы тIасхъэщIэх Фонвиль Александр етхыж:

Урысхэм къаIэщIэкIа абазэхэ гуп зыбжанэм дарихьэлIащ дзэм щыщу. А тхьэмыщкIэхэр къулейсызыгъэ дыдэм хуэкIуат: щыгъын пытхъахуэхэр ешэкIахэу, я мэл гуартэ зыхэшхыкI тIэкIур япэ иту яхуу, цIыхухъухэри, бзылъхугъэхэри, сабийхэри щыму, зыр зым и ужьым иту блэкIхэрт, къахуэна хьэпшып зыбжанэ къыздащтэфахэр зытелъ шы уэдыкъуахэр къабгъурыту... АпхуэдизкIэ гъаблэ гуащIэ екIуэкIырти, ерыскъы зымыгъуэт а тхьэмыщкIэхэм жыг тхьэмпэхэр яшхырт. Апхуэдэ къулейсызыгъэ егъэлеям хуабэузыр къыхэкIри куэд дыдэ ихьащ. Гъаблэр ткIиищэт. Факъырэ бжыгъэшхуэ абы илIыкIащ, зы Iэмали диIэтэкъым бгырысхэм зыгуэркIэ дадэIэпыкъуну, дэ езыр щытыкIэ гугъум дитт, дызыхуэныкъуэр мымащIэу. ДызыщIэсыни дызэдзэкъэни димыIэу мэзым е къурш лъапэм деж дыкъыщыувыIауэ дунейм къыщыхъу псори къыттепсыхэрт. Къуажэ щхьэхуэхэм дыдыхьэфынут, ауэ хуабэузым диубыдынкIэ дышынэрти абы зыщытхъумэрт. Къуажэ гуэ-рым дыдэтыху цIыхуий хуабэузым илIыкIауэ щытащ.

Урыс унафэщIхэм фIыуэ ящIэрт Евдокимовым и дзэ зекIуэр зыкIэлъыпхъэрхэм махуэ мыгъуэ къазэрыпэплъэр. Докладхэм я зым зэритымкIэ, «адыгэхэр я хэкум апхуэдизкIэ быдэу гукIэ епхащи, шхын щхьэкIэ щIэлIыхьу зыщIаукIыхь бгъуэнщIагъ кIыфIхэм зыщагъэпщкIу». Зэи къэтщIэнукъым къуакIэбгыкIэхэм щыкIуэдахэм я бжыгъэр, ауэ шэч хэлъкъым абыхэм я нэхъыбэр бзылъхугъэу, сабийуэ, е зи ныбжь хэкIуэтахэу зэрыщытар.

● **ТекIуэныгъэ-70**

Хурэ Лизэ

Лэкъун Жани

Шэрэдж Ищхъэрэм дэсхэм я лIыгъэ

Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэу совет цIыхубэр бийм пэщIэуващ, мыдэкIэ къэнахэр лэжьащ я къару емыблэжу. Абыхэм ящыщщ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэс зэщхьэгъусэхэу Борыкъуей Ботрэ Лизэрэ, Лэкъун Жани, Земляковэ Раисэ сымэ.

1942 гъэм, ди республикэм бийр къыщихьам и ещанэ махуэм Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм и Iэгъуэблагъэм совет кхъухьлъатэ къыщраудыхащ. Кхъухьлъатэзехуэ Грушин Олег парашюткIэ къелъат, арщхьэкIэ уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ къыщIэкIри къэмэхащ. Ар къемылынкIэ шынагъуэт. Зэщхьэгъусэхэу Борыкъуей Ботрэ Лизэрэ пхъэ къашэну жэщым мэзым кIуауэ совет зауэлIым Iущlащ. ЩIалэр я деж яшащ, езыхэм я гъащIэр псэзэпылъхьэпIэм ирагъэувэу. Зэщхьэгъусэхэм уIэгъэ хъуа сэлэтыр ягъэпщкIури кIэлъыплъащ икIи еIэзэурэ ягъэхъужащ. Ар лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, совет цIыхухэр зэрызэкъуэувам и щапхъэт.

Кхъухьлъатэзехуэм и узыншагъэр зэтегъэувэжынымкIэ сэбэп хъуащ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм Ворошиловым и цIэр зезыхьэ и колхозым щылажьэ Лэкъун Жани. КъэкIыгъэхэмкIэ, тхьэмпэхэмкIэ хущхъуэ зэхэлъхьэным ар хуэIэзэт. Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыхуэгъэхъуж бзылъхугъэр куэдым сэбэп яхуэхъуащ. Абы ящыщщ кхъухьлъатэзехуэ Грушин Олеги. Нанэм дэIэпыкъуащ Земляковхэ Раисэрэ Нинэрэ.

Жани и къуитIри - Аскэрбийрэ Заурбийрэ - зауэм игъэкIуащ. ТIуми къагъэзэжакъым. Аскэрбий Краснодар крайм и Красная Слобода къуажэм пэгъунэгъуу щыщIалъхьэжащ. Заурбий хъыбарыншэу кIуэдащ.

Аруан щIыналъэм и Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэс бзылъхугъэхэм зэрахьа лIыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ЩIыхь тхылъхэр яхуигъэфэщащ унэгуащэхэу Хурэ Лизэ, Земляковэхэ Раисэрэ Нинэрэ, колхозхэт Лэкъун Жани сымэ, псэзэпылъхьэпIэ ихуа совет офицерыр къызэрырагъэлам папщIэ. КъищынэмыщIауэ, Хурэ Лизэ Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIым и фондым къыхэкIыу сом мин иратащ. Борыкъуей Бот дунейм ехыжат Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыщыхуагъэфэщам.

И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, Грушин Олег Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къыщахьыху хэтащ. ЩIалэм зэи щыгъупщакъым къезыгъэла бзылъхугъэхэр, фIыщIэ яхуищI зэпыту ар Шэрэдж Ищхъэрэм зыбжанэрэ щыхьэщIащ.

Мы хъыбарыр къытхуэзыIуэтэжар Жани и къуэрылъху, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэт Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледжым и егъэджакIуэ Лэкъун Жыраслъэнщ. Абы къызэрыджиIамкIэ, и анэшхуэ Жани илъэси 106-кIэ псэуащ. Лизэрэ Жанирэ я сурэтхэр Лъэпкъ музейм и лъахэхутэ къудамэм щахъумэ, Хэку зауэшхуэм теухуа хьэпшыпхэр щахъумэ Iыхьэм хагъэхьауэ. Зэщхьэгъусэхэу Борыкъуей Ботрэ Хурэ Лизэрэ ятеухуа тхыгъэр хагъэхьащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» тхылъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Iыхьэмыгуэш гъащIэ

Джэдгъэф БетIал

Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэмрэ абы иужь лъэхъэнэ хьэлъэмрэ хиубыдахэм я фэм дэкIар хэмыгъуэщэж нэпкъыжьэу игъащIэкIи къадокIуэкI.

А ЗЭМАН гугъум халъхуахэр, нэхъыжьхэм ящIыгъуу, жэщ-махуэ ямыIэу фронтым хуэлэжьащ, зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным куэдым я зэфIэкI халъхьащ. IэнатIэмрэ еджэнымрэ зэдахьурэ, лъагапIэ ин дыдэхэм нэсахэри мащIэкъым. Ахэращ промышленностыр къэзыIэтар, мэш зысар, ди хэкур быдэ, лъэщ зыщIар.

«Зауэм и щIэблэкIэ» зэджэхэм ящыщт Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуа, щапIа, жылэм щызэхэт колхозым зегъэужьыным зи гуащIэшхуэ езыта си адэ Джэдгъэф Хьэсэн. Нэгъуэщl куэдми яхуэдэу, гъейри, мэжэщIалIагъэри, уаери, шэкъэуэжри, зеиншагъэри абы игъэунэхуащ. И адэ БетIал мащIэу фIэкIа къыхуэгубзыгъыжыртэкъым, ар зауэм щыкIуам и шыпхъу нэхъыщIитIым я зыр гущэм хэлът, адрейр ныбэм илът. Къэжэпхъыу щыщIидзам щегъэжьауэ дунейм ехыжыху и адэр и гум ихуакъым, абы и кIуэдыкIэ хъуам егупсысащ. Сыт хуэдизрэ дыщIэмыупщIами, и лъэужь дытехьэфакъым. Украинэм и Чернигов областым зэрыщызэуам, 1943 гъэм фокIадэм и 19-м «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медаль къызэрыхуагъэфэщам, иужькIэ кIэщIу Белоруссием ягъэIэпхъуэу, ротэм и старшинауэ Татарновичи (иджы Берестовец) къуажэм деж бийм зэрыщебгъэрыкIуам дыщыгъуазэ мыхъумэ, нэгъуэщI и хъыбар гуэр къытхуэгъуэтакъым. Арами, и адэм иригушхуэрт, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм и псэр зэрыщIитар и напщIэ телът икIи ТекIуэныгъэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтт, хэкIуэда ди зауэлIхэм я фэеплъыр игъэлъапIэрт.

Сыт хуэдэ IэнатIэ ямыгъэкIуами, ди адэр нэшхуэгушхуэт, гуапагъэр къебэкIырт, и гур итхьэщIыкIауэ къызэрыгуэкIт. «Къуажэм ив нэхърэ къуажэм илI!» жезыгъэIахэм ящыщщ, «сешащ», «сужэгъуащ» псалъэхэр къыжьэдэкIыу зэхэпхынутэкъым. И шыпхъуитIым хуабжьу яхуэгумащIэт, зыкъаужьу балигъыпIэ иувэхункIэ абыхэм яхуэсакъащ, и анэм дэIэпыкъуащ, езым и унагъуэ иухуэри, нэгъуэщIхэм дримыгъэхъуапсэу быниплI дипIащ.

ГъащIэр чэзущ, Iыхьэмыгуэшщ, псэ зритам уахътыи иIэщ. Уз бзаджэм ди адэр тIэщIихами, ди анэшхуэр илъэс бгъущIым щIигъукIэ тхуэпсэуащ. Илъэс къэс, ТекIуэныгъэр щыдгъэлъапIэ махуэм, ди адэшхуэри, ди анэшхуэри, «лIы хуэдэлIу жылэм дэсащ» жезыгъэIа ди адэ Хьэсэни гуапэу икIи Iыхьэлейуэ дигу къыдогъэкIыж, я фэеплъхэм пщIэ худощI. Сыту жыпIэмэ, зауэ гущIэгъуншэр Iэ щIыIэкIэ зыхэIэба унагъуэхэм дэри дащыщщ.

ДЖЭДГЪЭФ Артур.
Зеикъуэ къуажэ

● Дифl догъэтъапlэ

Ныбжьыщlэхэр зыгъэзэгуфlэ

ТхакIуэ, усакIуэ, УФ-м и Журналистхэми и ТхакIуэхэми я зэгухьанысгъэхэм хэт, «Илъэсым и журналист нэхъыфI» (1993 гъэ) саугъэтыр и лауреат Хьэту Пётр Мацулэ и кIуэр илъэс 65-рэ ирокIу.

ХьэтУ Пётр 1950 гъэмкIэ мэкъуаузгъэм и 2-м Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм щыщалъхуащ. Курыт еджапIэр кIуиуха нэужь, Налшык дэт Щэнхабзэ-уэзэщIыныгъэ институтым и режиссёр факультетыр 1974 гъэм кIуэжащ. Краснодар Щэнхабзэмкlэ и институтым илъэсищкlэ щеджащ. Кавказ Ищхъэрэм къэрал Iуэху зехьэныжкIэ и академиеу Дон Iус Ростов щыIэм пресс-менеджер, правовед Iэщlагъэхэр щызригъэгъэтащ. Щоджэнщlыкlу Алий и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёру, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым режиссёрым и кIуэдзэу илъэс зырызкIэ щылажьащ. 1976 гъэм щыщIэдзауэ 1990 гъэ пщIондэ клуб лэжьыгъэ Iэнатlэ зыбжанэм кIыхьэгъэпэщлкIуэ, щэнхабзэхэмкlэ унэхэм я унафэщI къаленхэр щигъэзэщlащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэс 17-кlэ щэнхабзэ Iэнатlэм хуэлэжьащ. 1990-1997 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм прозэмрэ усыгъэмкlэ и кIудамэм и редактору щытащ. Мы зэманым «Нур» журналым и кIудамэм и унафэщI. Къищынэмыщlауэ, республикэм и тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр кIыщыдигъэкIкlэ холэжьыхь.

Школым щыщIэса зэманым щыщIэдзауэ усэхэр, рассказхэр, очеркхэр етх. И тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыпэрэ кIыптохуэ, радиомрэ телевиденэмкIэ хьат. Тхылъ щхьэхуэхэри кIыдигъэкIащ. Апхуэдэхэщ «Тхьэгъэлэдж» (1993 гъэ), «Гугъэм и кхъухьхэр» (1995 гъэ), «Жьырытэдж» (1998 гъэ), «Пщlыхь плъыфэхэр» (2000 гъэ), «Бжьыхьэ удж» (2005 гъэ), «Пщlэщпэху» (2010 гъэ). Пётр и Iэдакъэ кIыщIэкIа усэхэм ящыщ хагъэхьащ усакIуэхэм ятхаэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэм.

Пётр кIуажэ еджапIэм щIэсу усэ зэхилъхьу щригъэжьам нэхъбёу зэрытхэр урысыбзэт. Абы и щхьэусыгъуэр сабийм сыт хуэдэбзэри нэхъыфIу щызригъэщIэф зэманыр и анэ Евдокие кIызыхэкIа уэрэд лъэпкъым яхэту, адыгэхэм япэIэщIу зэригъэкIуарщ. И адэ закъуэрт абы адыгэбзэкIэ псалъэ зэхихар. Къэзахстаным щыпсэуну кIызыхуихуа щIалэ щыкIум а зэманым нэхъыфIу игъэшэрыуэфыр щIыкIу Iэдэм иригъэлъэгъуати, кьыщытхъури кIыжьриIаш: «Мыр псори хьарзынэщ, урысыхуэшэрыуем щэч хэлъкъым. Ауэ, зыщумыгъэгъупщэ дуней псом щыщIэрыIуэ усакIуэ минхэр зиIэ лъэпкъыштхуэм уи макъыр щыбгъэIуну зэрынэхъ гугъур. Уи усэхэр адыгэбзэкIэ птхамэ нэхъыфIу къыщIэкIынт. Еплъыт адыгэбзэкIэ тхэм». Абы и чэнджэщым едэIуащ Хьэту Пётр. ИкIи щыуакъым.

Анэдэлъхубзэр, лъэпкъыр, Хэкур сабийхэм фIыуэ егъэлъагъунымкIэ, гъэса хъунымкIэ Iэзэрыуатэм къыдэкIуэу мыхьэнэшхуэ зиIэ сабий, лъэпкъ литературэм щыщ хуещI. Сабийхэм яхуэгъэза усэхэр птхыныр, щыкIухэм я псэ кьабзэм ульэIэсыныр нэхъ гугъуу кьалъытэ. Ар фIыуэ къызэрехъулIэрщ Пётр и къалэмыпэр щыкIухэм щIахуигъабзэр. И усэхэр кIэщIщ, екIуу зэгъэкIуащ, гум иубыдэзэрыфIэщ. Абыхэм куэду кьахощ кьэкIыгъэщIэхэр, кьуалэбзухэм, псэущхьэхэм, хьэпщхупщхэм я цIэхэр. Кьищынэмыщlауэ, Хьэтум и усэ-кьебжэкIэхэр, усэ-къуажэхьэр гъэщIэгъэунщ. Псалъэхьэхэр, псалъэ щэрыуэхэр, къуажэхьэхэр, гушыIэхэр, ауанэхэр, щIагъбзэхэр, нэгъэщIэхэр къыщыгъэсэбэпа усэхэри и мащIэкъым. ЗэрытщIэщи, щыкIухэм упщIэ куэд ят. Ахэр жэуапыншэу ханэ хъунукъым. Арауэ къыщIэкIынущ псом хуэмыдэу щыкIухэм упщIэ-жэуап щыкIэм тету гъэпсэхэр ягу щыIэнэщ. Литературэм лъабжьи пкъым хуэхьу образыр, гупсысэр усэхэм екIуу къыхощ. Удихьэхьу сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ гъэщIэрэщIа и усэ тхылъ щыкIухэр сабий гъэсапIэхэм къыщагъэсэбэп, абы ихуа языныкъуэ зэрыщIэдзэ классхэм я программэм хьхьэу ныбжьыщIэхэм ирагъэдж.

Унагъуэ дахэ яухуащ Пётрэ и щхьэгъусэ Светланэрэ. Ныбжьыщlэхэм я библиотекэм, Пащlэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэм, и унафэщIщ Светланэ. И акъылым зэрызригъэужьыным, и щIэныгъэм зэрыхигъэхуэным зэпымыууэ иужь ит Пётр абы тхылъ куэд къыщIихьурэ еджащ. Бы къуэрэ зыпхьурэ (Радмилэрэ Къаэбэчэрэ) яIащ. Радмилэрэ и щхьэгъусэрэ Краснодар крайм щолажьэ. Къаэбэч компьютер, юрист Iэщlагъэхэм хуеджащ. Мы зэманым коммерцэ Iэхъум хэтщ.

Илъэс 65-рэ ирикъу усакIуэм и кIалэмыпэр хуегъабзэ щIыху гъащIэм хэлъ кьабзагъэр, дахагъэр къэгъэлъэгуэным. Мыгувэу кьыдэкIынущ илъэс зыбжанэкIэ зэхуихьэсыжа, таурыхьхэмрэ хьыбархэмрэ зэрыт тхылъыр. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зыхуэнькIуэ а тхыгъэхэм щIэупщIэ зэрагъэкIуэ щэч хэлъкъым. Абы Пётр дохъуэхъу и унагъуэм и гуфIэгъуэ куэд илъагъуну, и тхыгъэ кулщафIэхэмкIэ тхылъеджэхэм я гукъыдэжыр дяпэкIи къиIэтыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Пшыхьхэр

Адыгэбзэм и бзухэр мэушэ

Цыхьупсэм зыхищlэфынур гъунапкъэнщэщ. Ауэ а гурыщIэхэр псоми «къаблэдзэурыфыкъым», тхьакIуэхэмрэ усакIуэхэмщ ахэр зэгъэкIуауэ, гъэщIэрэщIауэ къэзыуэтэжьыфыр. А гупсысэр хьэкъ пщыщыщIт Кэнжэ Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щригъэжьа зэхьыхьэм. Ар теухуат КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Ацкъан Руслан и усыгъэхэм.

«ПСЭ кьабзэхэрщ дунейр зэтезыIыгъэр» зыфIаща пшыхьыр ящыщщ мы Iэхуащlапlэм щIэх-щIэхыпэрэ кьыдзэригъэпэщ литературэ пщыхьэщхьэхэм.

- Республикэм и щIыналъэхэм кIыкIыуэ лъэпкъ литературэм дихьэхэр щыгъэхуос ди пшыхьэм. Ацкъан Руслан и гумызагъэгъэр сэ сыт щыгъуи согъэщIагъэ, адыгэбзэм хэщыпыхьауэ нэхъ дахэу, нэхъ гуапэу хэт псалъэхэр абы усэбзэкIэ зэхьдегъэх. Гупсысэшхуэ зыхэлъ и Iэдакъэщlэкlэр нэхъыжьмэ нэхъыщIэм кьаэзрыгурыIуэм, кьаэзрыуэщхьэпэм шэч хэлъкъым. Ацкъан Руслан сабийр е балигъыр иугъэщIуу щыткъым, атlэ игъэтупсэу аращ, - жиIащ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Балэ Людмилэ**.

Усыгъэ пшыхьыр ирагъэжащ Ацкъан Руслан кьыщIахуа, кьыщIэхуа Ерокъуэ кьуажэм кьикIа ныбжьыщIэхэм. Ахэр гъэхуауэ кьеджащ «Кьуажэ гъунэм щыт унэр», «Сыщlахуа щIыналъуэ си Iэскэн», «ФIэщщIыгъуафIэу узиIэщ, си лъахэ» усэхэм. КьыкIэпыкIуэу Ацкъаным и усэхэр зэпадзыжу, уеблэмэ зэпемыуэу пIэрэ мыхэр жьыуагъэIэу, икъукIэ дахэу утыку щызэблэкIащ Тэрч, Лэскэн, Шэджэм щыналъэхэм, Бахьсэн кьаблэ кьикIа щIалэгъуаэр. КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэм щеджэхэр. «БгъэIэпхъуэну фIэфIкъым жыгъэ», «Сыкъокlуэкlуэ сыщlалъха пщlантlэжьым», «Аргуэру нэгум кьыхсфIы-щIохьэ», «Лэскэн ауэм» - купщlэ зыщlэлъ, усакIуэм и псэр зыгъэпIейтей защIэт абыхэм зрагъэщIар.

Пшыхьым теухуауэ къэпсэлъащ Джэрмэнщык кьуажэ и куэрт еджапIэм къикIа егъэджакIуэ ГъукIэпщlокъуэ Ася: «Ди литературэм лъэ быдэкIэ кьыхуэващ Ацкъан Руслан. Абы и усэхэм уку щыщеджэкIэ нэхъыщIхьэу гу зылъыпIэр сыт? Уи унэ и бжьыхьэ? Ар укъобакъуэри, уэрамым, кьуажэм абы укьыдешэф, мыр зытепсэлъыхьыр си лъахэрауэ пIэрэ, жьыуигъэIэу щыналъэр кьуегъэпIэлъхьри, абы нэхърэ нэхъ Хэку Iэфl зэрыщымыIэр укъобакъуэри, щIэф. ЛъэIэс ар пщlантlэм дэт жьгыкъми, топсэлъхьы сабиигъуэми, щIалэгъуэ дахэми, лъагъуныгъэми икIи уогупсыс: мыпхуэдэ къыIуэтэкIэ екIу дауэ зэригъэпсыхьауэ? Апхуэдэу усакIуэм и гупсысэр щыхьэхьэ щIэпщыфа? Апхуэдэу усакIуэм и гупсысэр щыхьэ щIэпщыфа? Апхуэдэу усакIуэм и Iэдакъэ щыгъуэтыфын хуейуэ къыщIэхьынщ, - кьыхихугъэщащ. езы усакIуэ **Ацкъан Руслан**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Зэпеуэхэр

ЛIэщIыгъуэм и щIэблэ

Мы махуэхэм Санкт-Петербург щекIуэкIащ «XXI лIэщIыгъуэм и щIэблэ эзчифIэхэр» урысейпсо зехьэзэхуэр. А Iуэхум хэтащ икIи нэхъыфIхэм ящыщу зыкъигъэлъэгъуащ. Налшык дэт щIэныгъэ-техникэ творческвэмкIэ республикэ центрым и гъэсэн, 8-нэ классым щеджэ Помогаевэ Полинэ.

ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ куэду гуэшауэ екIуэкIа зэпеуэм «Видеофильм» номинацэмкIэщ абы и зэфIэкI зэригъэзэгъуэр. Полинэ триха фильм кIэщIыр теухуат академик, Лениным, Демидовым и щIэкIэ щыIэ саугъэтхэм я лауреат, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, космонавтикэм теухуа щIэныгъэми лэжьыгъэми я лъабжьэр гъэтIылъыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди лъахэгъу Энеев Тимур Мыхьэмэт и къуэм.

«Планета 5711-Энеев» фильмым и лIыхъужь Тимур и гъащIэри, и лэжьыгъэри ущахуэу хуэзыгъэгъэнкIи хуей хуащ, зэкIэ гъэгъу хэзыша, мыкIуэдыкыну зи цIэр тхыдэм кьыхэна Королёв Сергей и дэIэпыкъуэгъуэ зэрыщIатым кьыхэкIыу. Полинэ утыку ирихьа щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ хуэфIэкIащ а цIыху щаджащым теухуауэ нобэм кьэс бэр зыщIымыгъуэза куэд хэIущIыу кьиущIыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тхылъыщlэ

Нало Ахьмэдхъан и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Ахмедхан Налоев: писатель и воин» зыфIаща тхылъыр. Ар зыгъэхьэзырар Ахьмэдхъан ипхъу Иринэщ.

БЗЭ щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьэу хэта Нало Ахьмэдхъан и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ухегъэгъуазэ тхылъым и пэублэ псалъэм. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ Ахьмэдхъан адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, «Грамматика кабардино-черкесского языка» тхылъыр, «Русско-кабардинско-черкесский словарь» псалъалъэр кьыдэзыгъэкIаxэм зэрахэтар, Невский Александр и цIэр зезыхьэ, Ваг'ау Пльыжь, Хэку зауэ орденхэр, медалхэр кьызэрыхуагъэфэщар.

Тхылъым щыIэзэхуэхьэсащ Нало Ахьмэдхъан теухуауэ адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ ятхаэхэмрэ интервьюхэмрэ, «Нэхущ щу» романым щыщ Iыхьэхэр, урысыбзэкIэ зэрадзэкIа и рассказхэмрэ повесткэмрэ. Тхылъым ихуащ «Къарэ лъакъуищ» повесткр, Ахьмэдхъан ипхъу Иринэ урысыбзэкIэ зэридзэкIар. Апхуэдэу мы кьыдэкIыгъуэм хагъэхьащ и Ахьмэдхъан и унагъуэм, и лэжьэгъуэм, и студентхэм я гъусэу траха сурэтхэр.

Нало Ахьмэдхъан жыджэру хэтащ республикэм и щIэныгъэ, щэнхабзэ, жьлагъуэ гъащIэм. И Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм лъэпкъым кьикIуэ гъуэгуанэр, и тхыдэр кьыхощыж. Налом кьысфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» щIыхьыщIэр. Ар щыпсэуа унэм фэелъ пхъэбгъу щыфIадзащ. Къищынэмыщlауэ, Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым Нало Ахьмэдхъан и цIэр фIащащ.

БЖЬЫХЬЗЛI Роза.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сабий псори дыгъэщ

Сурэтыщl гъуэзджэхэмкIэ музейм (Налшык къалэ) махуищкIэ щекIуэкIащ «Синдром любви» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр. Ар Даун узыфэ зиIэу къалъхуа сабийхэм ятеухуауэ щытащ. Выставкэр кьызэрагъэпэщат Налшык къалэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныкъэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и Iуэхущlапlэмрэ «Риго» студиемрэ. Сурэтыщl гъуэзджэмкIэ музейр я дэIепыкъуэгъуэ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хуагъэхьэзыра сурэт 60-м «щыздгъэщIыхуар» зи гугъу тщIа узыфэр зиIэ цIыкIухэращ. Абыхэм сурэт ятеухахар Афэ Хьэзрэт-Алий, Боташев Расул, Манаковэ Стасие сымэщ. Выставкэм езы сабийхэри я адэ-анэхэм кьашат. Дунейр кьащIыхуну зэрыпабгъэр, щIыхьхэм зэращыгугъыкIыр дэтхэнэ цIыкIуми и нэгум кьищырт.

«Адрей ди гъэлъэгъуэныгъэхэм хуэдэкъым иджырейр. Мы сурэтхэм дагъэлъагъур мыпхуэдэ сабийхэм я гъащIэрщ икIи абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэдгъэкъуэфу дызэрыпсэун хуейм лъэбакъуэ худигъэчыну кьысщохьу», - жиIащ гъэлъэгъуэныгъэр кьызэзыуса Ащхьэт Ритэ, СурэтыщlгъуэзджэхэмкIэ музейм и унафэщIым.

«Сабий дыгъэкIэ йоджэ Даун узыфэ зиIэу къалъхухэм. Ахэр гъащIэм хьыхьэфым щхьэкIэ куэд къыдэлъытащ дэ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъуэзджэм нэхъыфI ухуейкъым. Ар къэдгъэсэбэпынхъэщ. Мы сабийхэм сурэт гъэщIэгъуэныщэхэр ятезыхахэм сохъуэхъу я Iэщlагъэм ехьуIэныгъэ щаIэну, езы цIыкIухэраци - дахагъэр лъагъуныгъэкIэ гъэнща гъащIэ яIэну си гуапэщ», - жиIащ КъБР-м и Парламентым социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурыт.

Республикэм и щэнхабзэм зыщIужь пчъхьэм дахэу мы зэманыр кьызэрилытэр кьыхигъащащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ТекIуий Мадинэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр кьызэзыгъэпэщахэм нэхъыжьхэм кьабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ Налшык и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа.

Даун узыфэ иIэу кьалъхуа зы щIалэ цIыкIум и ана Щхьэгъэпсо Каринэ кьызэхуэсахэм захуигъэзащ: «Тхьэр арэзы кьыфхухьу мыпхуэдэ Iуэху гуапэ кьезыхьэжьахэми ди бынхэр вгъэгушхуэну выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэми. Цыхуэхэр мыпхуэдэсабийхэм зэрахущытым зыгуэркIэ зевгъэзыжьыну фызэрызыхэтыр щIэдзадэпшхуэщ».

«Мы цIыкIуэм адрейхэм кьаэзрыщьхьщIкI хьэлрэ зэчийрэ яIэжщ. Сыт хуэдиз кьарурэ жанагърэ зыхэпщIэрэ зы мащIэрэ фIэкIа мы сабийхэм уемыпсэлъами! Зыщыдгъэгупщэ хьунукъым дэ псори зы дуней дызэрытетыр, ди гупсысэр языныкъуэхэм зэтемыхуэми, зым нэхъ зыщIыхьIэтыкIэм зэрыщымыIэр», - жиIащ Боташев Расул.

Сабий дыгъэ цIыкIухэм папщIэ кьрахьэжьа Iуэхур сурэт гъэльэгъуэныгъэ щхьедэтэкIым, абыхэм концерт гукъинэжи хуагъэхьэзырат. Уэрэд жалащ Бэрэсэун Маринэжь, Лилу, Лафыщ Залинэ, Тренык Татьянэ Iэдакъэ зыбжанэ ягъэзэщlащ «Шагъдий» сабий ансамблым хэтхэм. Цыкlухэр щыгуфIыкIащ «Винни-Пух» псысэм щыщ лIыхъужьмы. Гъэлъэгъуэныгъэм еплъыным щIыхьэпщIэу сом 70 итыну хуагъуват, абы кьыхэкIынумкIэ сабий сымаджэхэм ядэIэпыкъуну.

КъАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ГИБДД-м къет

Сом мелуани 2-рэ мин 369-рэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м Административнэ хабзэр кьыдзэпIыдыдзэр автоматизированнэу зытх и Iэмэпсымэхэм накъыгъэм и 22 - 29 мазэм зэхащ щыхуэхэм гъэгъум зэрыщыдзекIуэ хабзэр 7823-рэ къызэпаудауэ. Абыхэм япкъ иткIэ къуэдыуэ сом мелуани 5-рэ мин 297-рэ тралъхьати, мелуани 2-рэ минни 162-м щIигъу (процент 40,9-рэ) япшынащ.

УИ ФIэФIыныгъэкIэ административнэ къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу упшын хъунущ. Адэкlэ административнэ къуэдыр зэрыратлъхьам и унафэм и копиер Суд приставхэм я кьулыкъым Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъуэва пIалъэм кьриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитlкIэ ягъэбагъуэ, е сыхьэт 50-м нэскIэ лэжьэн хуейуэ хуэгъэув.

Административнэ хабзэр кьыдзэпадарэ щыхуэхэм ГИБДД-м къуэды къыгрипльхьамэ, абы теухуа хьыбархэм Урысейм и Къэрал Автоинспекцэм и сайтым - **www.gibdd.ru**, КъБР-м Къэрал Iуэхутхьэбзэ куэд кьызэщIэзыубыдэ и центрым (МФЦ) и кIудамэхэм иджы щыгъуазэ зыщащIыфынущ.

Къуэдыкъэр щыхэпльхьэ хъунущ Урысей Пощтым, Сбербанкым е нэгъуэщI коммерцэ банкхэу ГИБДД-м и къуэдыкъэр щыIаххэм.

Къуэдыр щыхэфIьхьэкIэ Iэмал имыIэу гу лъытапхъэщ ахъшэр зэрыхэпльхьам щыхьэт техъуэ (УИН) унафэм и номерыр тэмэму къэгъэлъэгъуэным. Къуэдыр зэрыхэпльхьамкIэ квитанцым УИН-р тэмэму къыщымыгъэлъэгъуамэ, ахъшэр яIэрыхьэнукъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ЦАФАП.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьакlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыдж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щlхьэщымыщl Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзэригъэкIэжьмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьлагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Жьакlэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир *(1, 2, 3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(5, 6, 7, 8-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэIепыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютерхэр зэхэтым и тепIэгъэ яущащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаниещ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №901